Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

O'ZBEKISTAN RESPUBLIKASI' XALI'Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

# MILLIY G'A'REZSIZLIK IDEYASI' HA'M MA'NAWIYAT TIYKARLARI'

## 8-KLASS

*Qayta islengen ha'm toli'qti'ri'lg'an o'zbekshe 7-basi'li'mi'na sa'ykes qaraqalpaqsha 4-basi'li'wi'*

***Milliy ideya ha'm ideologiya ilimiy-a'meliy worayi' ta'repinen baspag'a usi'ni'lg'an***

TASHKENT «MA'NAWIYAT» 2015

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UO‘K 32.019.5(075)=512.121
KBK 66.3(5O‘)ya 721+74.200.50
M 70

**R. QUCHQAROV, S. NISHANOVA,
O. MUSURMANOVA, M. QARSHIBAYEV**

Uluwma worta bilim beriw mekteplerinin’ 8-klasslari’ ushi’n arnalg’an usi’ sabaqli’q O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti Islam Karimovti’n’ «Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh», «O’zbekistan g’a’rezsizlikke yerisiw bosag’asi’nda» kitaplari’ tiykari’nda qayta islengen.Wonda milliy g’a’rezsizlik ideyasi’ ha’m ma’nawiyat tiykarlari’n quraytug’i’n negizgi bilim ha’m tu’sinikler zamanago’y metodikali’q usi’llar ha’m talaplar tiykari’nda bayan yetilgen.

**UO‘K 32.019.5(075)**
**KBK 66.3(5O‘)ya 721+74.200.50**

**Pikir bildiriwshiler:**

sociologiya ilimlerinin’ doktori’ ***A. Xolbekov***
filologiya ilimlerinin’ kandidati’ ***S. Olimov***

M 70 Milliy g’a’rezsizlik ideyasi’ ha’m ma’nawiyat tiykarlari’: 8-klass: Woqi’w qollanbasi’/Avtorlar: R. Quchqarov, S. Ni’shanova, O. Musurmanova, M. Qarshibayev. / – Qayta islengen ha’m toli’qti’ri’lg’an o’zbekse 7-basi’li’mi’na sa’ykes qaraqalpaqsha 4-basi’li’wi’. –T.: «Ma’nawiyat», 2015. –136 b.

ISBN 978-9943-04-153-0

**SHA’RTLI BELGILER:**

- ! – yeste tuti’n’
- – do’retiwshi pikir ju’ritin’
- – bilip ali’n’
- ? – soraw ha’m tapsi’rmalar
- – gilt so’z
- – di’qqat penen woqi’n’

**Respublika maqsetli kitap qori’ qarji’lari’ yesabi’nan basi’p shi’g’ari’ldi’.**

ISBN 978-9943-04-153-0

© R. Qoshqarov ha’m basq., 2015
© «Ma’nawiyat», 2015

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

I
bap

# MILLIY IDEYA – IYGILIKLI ARZI'W-UMTI'LI'SLAR KO'RINISI

## DO'RETIWSHI XALI'Q

A'ziz woqi'wshi'! Jer ju'zindegi ha'r bir xali'q wo'z tariyxi'n, bu'gingi ha'm keleshek turmi'si'n wo'zi jaratadi'. Soni'n' ushi'n da wolardi' do'retiwshi ku'sh dep ataymi'z .

**Bul du'nya do'retiwshilik penen abat ha'm go'zzal.**

Yeger do'retiwshilik ha'm woni'n' negizinde qa'liplesken qa'diriyat ha'm da'stu'rler bolmasa, bul du'nya qanday apatli' awhalg'a tu'sip qali'wi' mu'mkinligin wo'zin'iz ko'z aldi'n'i'zg'a keltirip ko'rin': tek buzg'i'nshi'li'q, qala ha'm awi'llar quri'w, bag'-baqshalar jarati'w, jerden bayli'q wo'ndiriw worni'na wolardi' talaw ha'm wayran yetiwdey jawi'zli'q sezimler ha'wij ali'p ketken bolar yedi. Insanni'n' bul du'nyada yerkin jasawi', shan'araq quri'p, bala wo'siriwi, iygilikli arzi'w-niyetlerin ju'zege shi'g'ari'wi' ushi'n hesh qanday imkan qalmag'an bolar yedi. Bunday turmi'sti' bolsa du'nyadag'i' hesh bir xali'q qa'lemeydi.

*«Do'retiwshilik» so'zi jarati'w, quri'w, joqtan bar qi'li'w degen ma'nislerdi an'latadi'.*

Woylap ko'rdin'iz be: ja'ha'n yen' aldi' menen kimdi ta'n aladi'? Bul sorawg'a Prezidentimiz Islam Karimovti'n' mi'na so'zleri juwap boladi':

**«Wo'z miyneti, aqi'l-za'kawati' ha'm potenciali' menen wo'zin-wo'zi bag'atug'i'n, wo'zin qorg'awg'a, keleshegin wo'z qoli' menen quri'wg'a ku'shi jetetug'i'n xali'qti' pu'tkil ja'ha'n ta'n aladi'»[1].**

[1] **Islam Karimov.** Watan ha'm xali'q ma'n'gi qaladi'. – T.: O'zbekistan Milliy kitapxanasi' baspasi', 2010-ji'l, 15-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Shi'ni'nda da, bizin' a'yyemgi qalalari'mi'zdi' du'nya xali'qlari' u'lken qi'zi'g'i'wshi'li'q penen tan'lani'p tamasha qi'ladi', ulli' ata-babalari'mi'zdi'n' aqi'lza'kawati'na ha'm sheberligine ta'n beredi. Yamasa bu'gingi ku'nde ma'mleketimizde tu'rli tarawlarda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an ken' ko'lemli reformalar, watanlaslari'mi'zdi'n' wo'ndiris, ilim, ma'deniyat, ko'rkem wo'ner ha'm sport boyi'nsha yerisip ati'rg'an u'lken tabi'slari' da ja'ha'n ja'ma'a'tshiligi ta'repinen ta'n ali'nbaqta. Bulardi'n' barli'g'i' u'lken do'retiwshilik maqsetler menen jasaytug'i'n xali'qti' pu'tkil du'nyani'n' haqi'li' ra'wishte ta'n ali'wi'nan, hu'rmet yetiwinen derek beredi.

Do'retiwshilik tuyg'i'si' bar yeken, Jer ju'zinde rawajlani'w boladi'. Pu'tkil adamzatti'n' maqtani'shi' bolg'an Samarqand, Rim, Buxara, Parij, Vena, Veneciya, Deli, Berlin ha'm Madrid kibi a'yyemgi qalalar, Ulli' Qi'tay diywali', Registan, Mi'si'r piramidalari', Taj Mahal, Eyfel minarasi' si'yaqli' arxitekturali'q a'jayi'p do'retpeler a'yne usi' do'retiwshilik arqali' payda bolg'an.

Biz bunday do'retiwshilik na'tiyjelerinen derlik ha'r ku'ni, ha'r minutta paydalanami'z, azanda jumi'sqa yaki woqi'wg'a barati'ri'p quri'li'sshi'lari'mi'z salg'an, sipsekesh ha'm xi'zmetkerler si'pi'ri'p, tazalap qoyg'an tep-tegis jollardan, go'zzal qi'yabanlardan wo'temiz. Adamlar paydalani'wi' ushi'n qoli' gu'l usta ha'm arxitektorlar ta'repinen jarati'lg'an go'zzal fontanlar jani'nda, bag'manlar yegip, ta'rbiyalag'an tereklerdin' sayasi'nda woti'ri'p, dem alami'z. Yamasa ali'mlari'mi'z jazg'an kitaplardi' woqi'p, bilim alami'z, ko'rkem wo'ner sheberleri jaratqan kinofilmler, saxnali'q shi'g'armalar, multfilmlerdi ko'rip, mazmunli' gu'rrin'lerdi yesitip, pikirimiz, du'nyag'a ko'z-qarasi'mi'z ken'eyedi, sezim-tuyg'i'lari'mi'z ta'rbiyalanadi'. Da'sturxandag'i' nani'mi'z, jeytug'i'n awqati'mi'z da hadal miynet jemisi — haqi'yqi'y do'retiwshilik na'tiyjesi boli'p yesaplanadi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Bir so'z benen aytqanda, insan turmi'si', ja'miyettin' rawajlani'wi' do'retiwshilikke tiykarlang'an.**

Siz qa'dirdan mektebin'izge qayti'p, jan'a woqi'w ji'li'n baslap ati'rg'an usi' ku'nlerde ma'mleketimizde G'a'rezsizlik bayrami' saltanatlari' dawam yetpekte. Ha'r ji'li' G'a'rezsizlik ku'ni qarsan'i'nda xalqi'mi'zdi'n' do'retiwshilik pazi'yletleri ja'ne de ayqi'ni'raq ko'zge taslanadi', jurti'mi'zda jan'a-jan'a ka'rxanalar iske tu'siriledi, mektepler, licey ha'm kolledjler, joqari' woqi'w wori'nlari', ha'kimshilik ha'm ma'deniy wori'nlar, jollar won'lani'p, ta'rtipke keltiriledi. Bunday do'retiwshilik u'lgisin siz wo'zin'iz woqi'p ati'rg'an mektep, jasaytug'i'n ma'ha'llen'iz, awi'li'n'i'z yaki qalan'i'z mi'sali'nda da ko'riwin'iz mu'mkin.

Xalqi'mi'z g'a'rezsizlikke yerisken birinshi ku'nlerden baslap insan wo'z aldi'na shi'n ma'niste yerkin ha'm abadan jasaytug'i'n jan'a ma'mleket, jan'a ja'miyet quri'w wazi'ypasi'n qoydi'. Bul ma'mleket ha'm ja'miyettin' ati' huquqi'y demokratiyali'q ma'mleket, puqarali'q ja'miyeti dep ataladi'.

*Huquqi'y demokratiyali'q ma'mleket — ni'zamlarg'a su'yengen halda rawajlanatug'i'n, xali'qti'n' tilegi ha'm yerki'qi'rari' tiykarg'i' wori'n tutatug'i'n ma'mleket degeni. Puqarali'q ja'miyeti bolsa ma'mleketti basqari'wda puqaralar ha'm wolar ta'repinen du'zilgen puqarali'q sho'lkemleri belsendilik penen qatnasatug'i'n, sheshiwshi wori'n tutatug'i'n ja'miyet boli'p yesaplanadi'.*

**«Demokratiya birinshi na'wbette ruwxi'y wo'lshemler tiykari'nda basqari'latug'i'n, ku'shli huquqi'y ma'mleket, ku'shli puqarali'q ja'miyeti demekdur. Soni' ayti'w mu'mkin, huquqi'y ma'mleket ha'm puqarali'q ja'miyeti demokratiyani'n' wo'z-ara ti'g'i'z baylani'sli' bolg'an yeki ta'repi, yeki qanati' boli'p tabi'ladi'»[1].**

Prezidentimizdin' mine usi' pikirleri tuwrali' bir woylap ko'reyik. Demokratiya ruwxi'y wo'lshemler, yag'ni'y insanni'n' a'dep-ikramli'li'g'i', aqi'l-za'kawati', du'nyag'a duri's ko'z-qara-

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 108-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

si', pikirlew qa'bileti si'yaqli' a'hmiyetli faktorlar negizinde basqari'latug'i'n ja'miyettin' tiykarg'i' belgisi yeken, biz qanshelli ko'p woqi'saq, zamanago'y ka'sip-wo'nerlerdi, milliy ha'm uluwma insani'y qa'diriyatlardi' qanshelli puqta iyelesek, bul ja'miyetti basqari'wda sonshelli belsendilik penen qatnasa alami'z. A'ne usi'nday adamlardi'n' qatari' ken'eyip barg'an sayi'n biz quri'p ati'rg'an huquqi'y demokratiyali'q ma'mleket te ku'sheyip baradi'. Bunday ku'shli ma'mleket bolsa ku'shli puqarali'q ja'miyetine wo'tiwge tiykar boladi'.

Siz ja'ne mi'nani' da yeste tuti'n': du'nyadag'i' ha'r bir insanda miynet yetiw ushi'n ku'sh-g'ayrat, qanday da bir ka'sip-wo'nerge uqi'pli'li'q, qa'bilet ha'm talant boladi'. A'lbette, mine usi' qa'siyetlerdi ju'zege shi'g'ari'w ushi'n, da'slep adamni'n' wo'zi ha'reket yetiwi kerek. Soni'n' menen birge, ma'mleket ha'm ja'miyet te bul ma'selede jeterli sharayat jarati'p beriwi kerek. Ma'mleket ha'm ja'miyet mine usi'ni'n' ushi'n da kerek.Wolay bolmasa, adamni'n' ku'sh-g'ayrati' da, qa'bileti menen talanti' da waqti'nda isletilmegeni, rawajlandi'ri'lmag'ani' sebepli so'nip, pa'seyip ketedi. Soni'n' ushi'n ma'mleketimizde jan'a ja'miyet quri'wda, yen' aldi' menen, insan yen' tiykarg'i' do'retiwshi ku'sh si'pati'nda uli'g'lanbaqta. Xalqi'mi'z, a'sirese, jaslardi'n' ku'sh-g'ayrati'n, qa'biletin ha'm talanti'n do'retiwshilik joli'na bag'darlaw, buni'n' ushi'n wolarg'a zamanago'y talaplar tiykari'nda ta'lim-ta'rbiya beriw, aldi'n'g'i' ka'sip-wo'nerlerdi u'yretiw, wolardi' fizikali'q ha'm ruwxi'y jaqtan jetik insanlar yetip yer jetkiziwge u'lken a'hmiyet berilmekte.

**Salamatli'qti' ha'm ba'rkamalli'qti' do'retiwshilik tuyg'i'si'si'z ko'z aldi'mi'zg'a keltiriw mu'mkin yemes.**

Do'retiwshilik ulli' pazi'ylet boli'p, wol ha'r ku'ni, ha'r saatta iygilikli islerdi atqari'p jasaw, nenidur jarati'w, nenidur woylap tabi'w, qoli'mi'zdi' jumi'sqa, miyimizdi pikirlewge, qa'lbimizdi haq niyetli sezimlerge ti'ni'msi'z u'yretip bari'w pazi'yleti boli'p yesaplanadi'. Bunday pazi'ylet iyesinin' isi shala bolmaydi'.Wol baslag'an jumi'si'n a'lbette aqi'ri'na shekem jetkizedi.

Xalqi'mi'z a'zel-a'zelden mine usi'nday do'retiwshilik pazi'yleti menen u'yin, awi'l-aymag'i'n ha'm jurti'n abat yetip kelgen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Do'retiwshiligi arqasi'nda hesh qashan basqalarg'a mu'ta'j boli'p qaramag'an.Wo'zgelerdin' aldi'nda basi' iyilmey, abi'rayi' ba'lent bolg'an.

**Xalqi'mi'zdi'n' miyneti menen a'yyemde yamasa bu'gingi ku'nde quri'lg'an go'zzal arxitekturali'q yestelikler, abat qala ha'm awi'llar, zavod ha'm fabrikalar, jollar, ko'pirler, bag'-baqshalar materialli'q ko'rinistegi do'retiwshilik u'lgileri boli'p yesaplanadi'. Turmi'sta ma'nawiy formadag'i' do'retiwshilik te bar. Ha'r qanday xali'q ta'repinen a'sirler dawami'nda jarati'lg'an, zamanlar si'naqlari'nan zawalsi'z wo'tip, taplani'p baratug'i'n tuyg'i' ha'm tu'sinikler, qa'diriyatlar menen da'stu'rler ma'nawiy do'retiwshilik u'lgileri boli'p yesaplanadi'.**

Biz iri qalalari'mi'zdag'i' a'yyemgi ha'm zamanago'y imaratlardi' ko'rgende, wolardi'n' shi'rayi'na i'shqi'mi'z ketkende xalqi'mi'zdi'n' materialli'q do'retiwshilik potenciali' qanshelli joqari' yekenine qayi'l qalami'z, bunnan qa'lbimiz maqtani'sh tuyg'i'lari'na toladi'. Soni'n' menen birge, bul imaratlardi'n' joybari' menen jobasi'n si'zg'an, qanday materiallar tiykari'nda quri'w kerekligin aldi'nnan belgilep bergen usta ha'm arxitektorlardi'n', injenerlerdin' ruwxi'y ku'sh-g'ayrati'na da qayi'l qalami'z. Yeger usi'nday insanlar bolmag'anda, bunday go'zzal imaratlardi' quri'w mu'mkin yemesligin ko'z aldi'mi'zg'a keltiremiz.

Juwmaqlap aytatug'i'n bolsaq, do'retiwshi xali'q wo'zinin' do'retiwshilik qu'diretin miyneti, ka'sip-wo'neri, aqi'l-za'kawati' menen ko'rsetip, du'nya tariyxi'nda wo'shpes iz qaldi'radi'. Bul bolsa yen' u'lken baxi't boli'p yesaplanadi'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. Qanday adamdi' do'retiwshi dep ataw mu'mkin?
2. Isjaqpas, yerinshek balani' do'retiwshi dep ayti'wg'a bola ma?
3. Siz bos waqti'n'i'zda neler menen shug'i'llanasi'z?
4. Ata-anan'i'zg'a u'y jumi'slari'nda ja'rdem beresiz be?
5. Ata-anan'i'z sizge qanday jumi's ha'm ka'sip-wo'nerlerdi u'yretken?
6. Siz doslari'n'i'zda qanday jaqsi', do'retiwshilik pazi'yletlerdi baqlag'ansi'z?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

7. Su'wretlerde ko'rsetilgen bayli'qlar nelerdin' na'tiyjesi?

A) 

C) 

B) 

D) 



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MILLIY IDEYAMI'Z

A'ziz woqi'wshi'! Siz milliy ideya haqqi'nda, woni'n' xali'q, millet ha'm ja'miyet turmi'si'ndag'i' a'hmiyeti tuwrali' 7-klasta ha'r ta'repleme xabardar bolg'ansi'z.

**Milliy ideya — ulli' wazi'ypalardi' a'melge asi'ri'w, uluwma maqsetlerge yerisiw joli'nda adamlar qa'lbinde isenim woyatatug'i'n, wolardi' birlestiretug'i'n, bag'darlaytug'i'n ideya yaki ideyalar sistemasi' boli'p yesaplanadi'. Ha'r qanday ma'mlekettegi milliy qa'diriyat ha'm da'stu'rler, materialli'q ha'm ma'nawiy bayli'qlar qatari'nda milliy ideyani'n' do'retiwshisi de usi' jerde jasap kiyati'rg'an xali'q boli'p yesaplanadi'.**

Demek, milliy ideya wo'z-wo'zinen payda bolmaydi'.Wol xali'qti'n', millettin' a'sirler dawami'nda a'rman yetip, umti'li'p kelgen murat-maqsetlerinin' na'tiyjesi si'pati'nda qa'liplesedi. Biraq bul procestin' ju'da' quramali' ha'm qi'yi'n yekenligi sonshelli, woni' toli'q ko'z aldi'mi'zg'a keltiriw ushi'n sol xali'q yaki millettin' a'yyemgi tariyxi'n ko'z aldi'mi'zdan wo'tkeriwimiz, tu'sinip, an'lap jetiwimiz kerek boladi'.

Bul tuwrali' pikir ju'ritkende, yen' aldi' menen, bir haqi'yqatli'qti' yeste tuti'wi'mi'z lazi'm: bul du'nyada jaqsi'li'qti'n' dushpani' ko'p bolg'ani' si'yaqli', iygilikli pikir ha'm ideyani'n' joli'ndag'i' tosqi'nli'qlar da ko'p boladi'.Wo'zimiz de ku'ndelikli turmi'sta geyde qi'yi'nshi'li'qlarg'a dus kelemiz. Bazi'da u'mitsizlikke tu'semiz. Kewlimizdegi a'rmani'mi'zdi' a'melge asi'ri'wg'a ku'shimiz, imkaniyati'mi'z jetiwine gu'man qi'li'p, tu'skinlikke berilip qalatug'i'n paytlari'mi'z da boladi'. Sonda bizge ne ja'rdem beredi? Yen' aldi' menen a'tirapi'mi'zdag'i' jaqsi' insanlar, ata-anami'z, ustazlari'mi'z, ag'a yaki apalari'mi'z, jaqi'n doslari'mi'z na'siyat yetip, kewlimizdi ko'terip, isenimimizge isenim qosadi'. Yaki woqi'g'an mazmunli' kitap, ko'rgen kino,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

spektakl, wolardag'i' jigerli insanlardi'n' obrazlari' qi'yali'mi'zda qayta janlani'p, bizdi qollap-quwatlag'anday, hesh qashan bos kelme, wo'zin'di qolg'a al, dep jaqsi'li'qqa shaqi'rg'anday boladi'.

Du'nyadag'i' xali'qlar da wo'z tariyxi'ni'n' da'slepki da'wirlerinde ga' ta'biyat qi'yi'nshi'li'qlari'na, ga' do'gerek-a'tiraptag'i' jawi'z ku'shlerdin' basqi'nshi'li'q ha'reketlerine dus keledi. Mine sonday qa'weterli si'naq paytlari'nda wolar wo'z u'yi, shan'arag'i' ha'm Watani' menen birge, a'wlad-a'jdatlari' a'sirler dawami'nda asi'rap-abaylap kelgen iygilikli sezim-tuyg'i'lar, tu'sinik ha'm woy-pikirler, maqset-niyetlerdi de saqlap qali'wg'a ha'reket yetedi.

**Ata-babalardan miyras boli'p qalg'an ulli' ma'nawiy bayli'qti' ha'r qanday awi'r sharayatta da asi'rap qala alg'an xali'q ha'm millet g'ana milliy wo'zligin, tariyxi'y kelbetin de saqlap qali'wg'a yerisedi. Bunda wog'an milliy ideya u'lken ja'rdem beredi.**

Milliy ideya ja'miyettin' ku'shi woni'n' birligi ha'm awi'zbirshiliginde yekenin mudami' yesletip, millettin' ha'r bir wa'kiline ku'sh-g'ayrat bag'i'shlap turadi'.

Bizin' milliy ideyami'zdi'n' tiykari'n jurt ti'ni'shli'g'i', Watanni'n' rawajlani'wi' ha'm xali'q abadanli'g'i' kibi ulli' maqsetler quraydi'. Prezidentimiz Islam Karimovti'n' bul tuwrali' aytqan pikirlerin yeste tuti'n':

**«Milliy ideyami'z usi' jurtta jasap ati'rg'an ba'rshe adamlardi'n' haq niyetlerin, turmi'sli'q ma'plerin ja'mleytug'i'n jurt ti'ni'shli'g'i', Watan rawajlani'wi', xali'q pa'rawanli'g'i' degen joqari' tu'siniklerdi wo'z ishine alatug'i'ni' ta'biyiy»[1].**

Bizin' milliy ideyami'z wo'zinin' qa'liplesiw ha'm rawajlani'w tariyxi'na iye boli'p, zaman talaplari'na uyg'i'n halda mudami' bayi'p, jetilisip baratug'i'n sistema boli'p tabi'ladi'. Bul sistema qurami'nda ja'ne de ka'mil insan, ja'miyetlik birge islesiw, milletler arali'q tati'wli'q, dinler arali'q ken'peyillik (tolerantli'q) si'yaqli' ideyalar a'hmiyetli wori'n iyeleydi.

[1]**Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 72-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Du'nyadag'i' ha'r qanday milliy ideya si'yaqli', bizin' milliy ideyami'zdi'n' da tariyxi'y ha'm filosofiyali'q tiykarlari' bar.

**Milliy ideyani'n' ma'ni-mazmuni'n belgileytug'i'n tiykarlardan biri — bul xalqi'mi'zdi'n' a'yyemgi ha'm bay tariyxi' boli'p yesaplanadi'.**

Shi'ni'nda da, jurti'mi'zdi'n' ko'p a'sirlik tariyxi'na na'zer taslar yekenbiz, wonda milliy ideyami'zdi'n' tiykarg'i' bag'darlari'n belgilep beretug'i'n, xalqi'mi'zg'a a'sirler dawami'nda ta'n bolg'an arzi'w-umti'li'slardi' ko'remiz. Yel-jurti'mi'zdi'n' ba'rqulla wo'z azatli'g'i'n ha'm g'a'rezsizligin mu'na'sip qorg'ap kelgeni usi'lar qatari'na kiredi. Tariyxi'mi'zda bul haqi'yqatli'qti' tasti'yi'qlaytug'i'n mi'sallar ko'p. Tumaris ha'm Shi'raq, Spitamen, Jalaliddin Manguberdi, Amir Temur si'yaqli' ma'rt ha'm da'wju'rek a'jdatlari'mi'zdi'n' basqi'nshi'larg'a qarsi' gu'resleri mi'sali'nda bug'an isenim payda yetiwimiz mu'mkin. Yaki son'g'i' koloniali'q da'wirde ag'arti'wshi' ja'did babalari'mi'zdi'n' azatli'q ushi'n ha'reket yetkeni, wo'tken a'sirdin' 80-ji'llari'ni'n' aqi'ri' ha'm 90-ji'llari'ni'n' basi'nda xalqi'mi'zdi'n' Prezident Islam Karimov basshi'li'g'i'nda g'a'rezsizlik joli'nda u'lken ma'rtlik penen gu'res ju'rgizip, ju'da' awi'r sharayatta g'a'rezsizlikke yeriskeni de ti'ni'sh ha'm yerkin turmi's qanshelli mashaqatli' uri'ni'slar arqasi'nda qolg'a kirgizilgenin ko'rsetedi.

Siz Jurtbasshi'mi'zdi'n' «O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda» kitabi'n woqi'p shi'qsan'i'z, bul tuwrali' ja'ne de ko'birek bilip alasi'z.

Milliy ideyani'n' tariyxi'y tiykarlari' do'retiwshilik, miynetsu'ygishlik a'zel-a'zelden xalqi'mi'zdi'n' basli' pazi'yleti, basli' maqsetlerinin' biri boli'p kelgeninen derek beredi. Bizin' a'yyemgi qalalari'mi'z, du'nya ko'leminde ta'n ali'ng'an arxitekturali'q yesteliklerimiz, ata-babalari'mi'z ta'repinen jarati'lg'an «Avesto», «Shashamaqom», «Alpami's» kibi ma'nawiyat du'rdanalari' xalqi'mi'zdi'n' do'retiwshi umti'li'slari'ni'n' jemisi boli'p yesaplanadi'. Mine usi' umti'li'slar da milliy ideyami'zg'a tiykar bolg'an.

Yel-jurti'mi'z a'yyem zamanlardan baslap perzent ta'rbiyasi'na, shan'araqti'n' bekkemligine u'lken a'hmiyet berip keledi. Insanni'n' qa'liplesiwi ha'm ka'malg'a jetiwinde shan'araq wortali'g'i', ata-babalardan miyras da'stu'rler wog'ada a'hmiyetli wori'n



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

iyeleydi. Turmi'ss si'naqlari'nan wo'tken mine usi' umti'li'slar da milliy ideyami'zdi'n' tiykari'n belgileytug'i'n principe ha'm tu'siniklerden boli'p yesaplanadi'.

**Milliy ideyani'n' filosofiyali'q tiykari'n, yen' aldi' menen, du'nyawiy bilimler, jurti'mi'z ha'm ja'ha'n filosofiyasi' du'rdanalari' belgileydi.**

*Du'nyawiy bilimler degende, a'tirapi'mi'zdag'i' a'lem, ta'biyatti', wolardi'n' rawajlani'w ni'zamli'li'qlari'n ha'm wo'zgesheliklerin, insan ha'm ja'miyet haqqi'ndag'i' bilimlerdi tu'sinemiz.*

Siz bul bilimlerdi tu'rli pa'nler arqali' u'yrenip ati'rsi'z. Mine usi' bilimler tiykari'nda du'nya haqqi'ndag'i', insan ha'm ja'miyet tuwrali' tu'siniklerin'iz ken'eyip baradi'.

*Jurti'mi'z ha'm ja'ha'n filosofiyasi' du'rdanalari' degende, insaniyat woy-pikirinin' rawajlani'wi'na u'lken u'les boli'p qosi'lg'an, a'sirler dawami'nda wo'z a'hmiyetin jog'altpastan kiyati'rg'an muqa'ddes kitaplardi', filosofiyali'q shi'g'armalardi' tu'sinemiz.*

Qurani' ka'rim ha'm ha'disi sha'rif hikmetleri, xali'q naqi'l-maqallari', a'psana ha'm ra'wiyatlari', qosi'qlari'ndag'i' teren' ma'nili pikirler, ulli' woyshi'l ali'mlari'mi'zdi'n', du'nya filosoflari'ni'n' klassikali'q shi'g'armalari' usi'lar qatari'na kiredi.Wolar milliy ideyami'z azi'qlanatug'i'n derek boli'p yesaplanadi'.

**Prezidentimiz baslamasi' menen 2014-ji'l 15–16-may ku'nleri Samarqand qalasi'nda «Worta a'sirler Shi'g'i's ali'mlari' ha'm woyshi'llari'ni'n' tariyxi'y miyrasi', woni'n' zamanago'y civilizaciya rawajlani'wi'ndag'i' roli ham a'hmiyeti» temasi'nda xali'q arali'q konferenciya boli'p wo'tti.Wonda ulli' ali'mlari'mi'zdi'n' miyrasi'n u'yreniw ha'm u'git-na'siyatlaw boyi'nsha a'hmiyetli wazi'ypalar belgilendi.**

Ma'mleketimizdegi ataqli' ali'mlar, filosoflar, siyasattani'wshi'lar, jazi'wshi' ha'm shayi'rlar Prezidentimiz shi'g'armalari' tiykari'nda milliy ideyami'zdi'n' tiykarg'i' tu'sinik ha'm princip-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

lerin islep shi'qti'. Usi'layi'nsha 2000-ji'li' «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi': tiykarg'i' tu'sinik ha'm principler» kitapshasi' baspadan shi'g'ari'ldi' ha'm wonda milliy ideyami'zdi'n' ma'ni-mazmuni' bayan yetildi. Jurtbasshi'mi'zdi'n' «Joqari' ma'nawiyat — jen'il-mes ku'sh» kitabi'nda milliy ideyami'z haqqi'ndag'i' teoriyali'q ha'm a'meliy pikirler ja'ne de bayi'ti'ldi'.

**! Milliy ideyami'z O'zbekistan topi'rag'i'nda jasap ati'r-g'an, woni' wo'z ana Watani' dep biletug'i'n barli'q millet ha'm yelatlarg'a birdey tiyisli.**

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. Milliy ideyani'n' do'retiwshisi kim?
2. Milliy ideya, sizin'she, ne ushi'n kerek?
3. Siz wo'z a'rmani'n'i'zdi' a'melge asi'ri'w ushi'n ne qi'lasi'z?
4. Milliy ideyami'zdi'n' tiykarg'i' tu'sinik ha'm principleri kimnin' shi'g'armalari' tiykari'nda qa'liplesken? Wolar qaysi' kitapshada sa'wlelendirilgen?
5. A'yyemgi da'wirlerden baslap xalqi'mi'zg'a ta'n bolg'an qanday umti'li'slar milliy ideyami'zg'a tiykar bolg'ani'n to'mendegi ha'ykeller mi'sali'nda ayti'p berin'.

A)


C)


B)


D)




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## JURT TI'NI'SHLI'G'I'

A'ziz woqi'wshi'! Itibar bergen bolsan'i'z, milliy ideyami'z qurami'nda jurt ti'ni'shli'g'i' ma'selesi birinshi wori'nda turadi'. Bul tosi'nnan yemes, a'lbette. Sebebi ti'ni'shli'q du'nyadag'i' yen' ulli' bayli'q boli'p yesaplanadi'. Yeger ti'ni'shli'q bolsa, ha'mme yerkin na'pes aladi', shan'araq quri'w, perzent wo'siriw, toy-tamasha qi'li'w, bir so'z benen aytqanda, qanday iygilikli niyet bolsa, wolardi'n' barli'g'i'n a'melge asi'ri'w imkaniyati' payda boladi'.

Biz wo'z aldi'mi'zg'a ulli' maqset – yelimizde huquqi'y demokratiyali'q ma'mleket, puqarali'q ja'miyetin quri'w wazi'ypasi'n qoyg'an yekenbiz, woni' a'melge asi'ri'w ushi'n, a'lbette, ko'p iygilikli islerdi a'melge asi'ri'wi'mi'z kerek. Ma'selen, buni'n' ushi'n ekonomikami'zdi' rawajlandi'ri'wi'mi'z, jer asti' ha'm jer u'sti bayli'qlari'mi'zdan u'nemli paydalani'wi'mi'z, du'nyadag'i' rawajlang'an ma'mleketler menen birge islesiwdi ja'ne de bekkemlewimiz, zamanago'y kadrlari'mi'z jeterli boli'wi' – bulardi'n' ha'mmesi ju'da' a'hmiyetli, a'lbette. Biraq wolardi'n' barli'g'i'nan da a'hmiyetlisi – yen' aldi' menen, yel-jurti'mi'z ti'ni'sh ha'm paraxat boli'wi' kerek.

Prezidentimiz «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda bul tuwrali' ayi'ri'qsha atap wo'tedi:

**«Biz turaqli' rawajlani'w ha'm abadan turmi'sqa yerisiw joli'nda wo'z aldi'mi'zg'a qanday joba ha'm bag'darlamalardi' qoymayi'q, barli'q haq niyetli arzi'w-umti'li'slari'mi'zdi' a'melge asi'ri'wdi'n' birden-bir sha'rti ha'm girewi – bul ti'ni'shli'q ha'm paraxatshi'li'q boli'p tabi'ladi'»[1].**

Ti'ni'shli'q bolmag'an jerde qut-bereket te, rawajlani'w da bolmaydi'. «Bir ku'n ja'njel shi'qqan jerden qi'ri'q ku'n qut-bereket qashadi'» degen naqi'l biykarg'a ayti'lmag'an. Bul –

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. –T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 72–73-betler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



xalqi'mi'zdi'n' a'sirler dawami'nda ti'ni'shli'qti'n' qa'dir-qi'mbati'n ha'r ta'repleme teren' an'lap shi'g'arg'an a'dil juwmag'i'. Soni'n' ushi'n da ti'ni'shli'q yen' ulli', biybaha bayli'q si'pati'nda milliy qa'diriyatlari'mi'z, u'rp-a'det ha'm da'stu'rlerimiz, pu'tkil turmi's qa'lpimizdin' mazmun-mag'anasi'na sin'ip ketken. Yelimizdegi ha'r bir u'yde, ha'r qanday ji'yi'n ha'm merekede jaqsi' niyetler menen pa'tiyag'a qol jayi'lg'anda jaslar menen g'arri'lar, yerkekler menen hayallar — watanlaslari'mi'zdi'n' ha'mmesi Jaratqannan ti'ni'shli'q-tati'wli'q tileydi.

Bu'gingi ku'nde du'nyadag'i' ma'deniyatli' xali'qlar jurt ti'ni'shli'g'i' — rawajlani'wdi'n' tiykarg'i' sha'rti, girewi yekenin jaqsi' an'lap jetpekte. Soni'n' ushi'n Jer ju'zinde ti'ni'shli'q ha'm turaqli'li'qti' asi'rap-abaylaw tek bir xali'q yaki ma'mlekettin' yemes, al pu'tkil insanityatti'n' muqa'ddes isine aylanbaqta.

Siz ja'ha'nnin' tu'rli mu'yeshlerinde terrorshi'li'q, ekstremizm, milletshillik si'yaqli' illetler sebepli derlik ha'r ku'ni transport qurallari'n, u'y-jaylardi', imaratlardi' partlati'w, biygu'na insanlardi' girewge ali'w, wolardi'n' wo'mirine qasti'yanli'q yetiw jag'daylari' ju'z berip ati'rg'ani'n televizor arqali' ko'rip barasi'z.

Keyingi bes mi'n' ji'l dawami'nda insaniyat won bes mi'n'nan aslam u'lken-kishi uri'slardi' bastan keshirgenin yesapqa alatug'i'n bolsaq, bunday apatlar sebepli adamzat shekken azap-aqi'retler, ko'rgen zi'yanlari'n ko'z aldi'mi'zg'a keltiriwdin' wo'zi ju'da' qi'yi'n boladi'. Yeger mine usi'nday uri's ha'm qi'rg'i'nlar bolmag'anda, insaniyat rawajlani'wda qanshelli ilgerilep ketken bolar yedi. Sebebi ha'r bir uri's ha'm ja'njel adamzatqa qarsi' qarati'lg'an, woni' rawajlani'wdan ju'z ji'llar, mi'n' ji'llar keyinge qaldi'ratug'i'n u'lken apat boli'p yesaplanadi'.

Siz uri'sti'n' qorqi'ni'shli' ko'rinislerin, woni'n' insanlar, xali'qlar turmi'si'na apatli' ta'siri sa'wlelendirilgen tariyxi'y ha'm ko'rkem kitaplardi' woqi'g'an, kinofilmlerdi tamasha yetken bolsan'i'z kerek.Wolardi'n' ha'mmesinde de uri's insanlar ushi'n u'lken baxi'tsi'zli'q yekeni su'wretlenedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Qanli' waqi'yalar adamni'n' ko'zin, kewilin, ju'regin qatan'lasti'ri'p qoyadi'. Ti'ni'msi'z sawash maydan-lari'nan ha'tte to'rt mu'shesi saw shi'qqan adamlar da ruwxi'y jaqtan u'lken zi'yan ko'redi. Sebebi uri's sebepli wolardi'n' sezim-tuyg'i'lari' wo'zgerip ketedi, nervleri, ruwxi'y du'nyasi' jaraqatlanadi'.**

**Ti'ni'shli'qqa hesh qashan an'satli'q penen yerisip bol-maydi'. Ti'ni'shli'qqa yerisiw, woni' asi'rap-abaylaw ushi'n ti'ni'msi'z miynet yetiw, gu'resiw, mudami' sergek ha'm qi'rag'i' boli'p jasaw talap yetiledi.**

Azg'ana bolsa da arqayi'nli'qqa ha'm biypa'rwali'qqa jol qo-yi'lg'an jerde ti'ni'shli'qqa zi'yan keledi. Ulli' ata-babalari'mi'z ti'ni'shli'q-tati'wli'qti' Watan rawajlani'wi'ni'n', xali'q pa'ra-wanli'g'i'ni'n' tiykarg'i' sha'rti dep bilgen. Soni'n' ushi'n da wolar jurt ti'ni'shli'g'i'n, puqaralar paraxatshi'li'g'i'n ta'minlew ma'selesine ayi'ri'qsha itibar bergen. Ma'selen, Sahi'pqi'ran Amir Temurdi'n' aqli'g'i' Mi'rza Uli'g'bek Ma'werennaxrda hu'kim-darli'q yetken qi'ri'q ji'l dawami'nda ma'mlekette ti'ni'shli'q-turaqli'li'q hu'kim su'rgeni sebepli ilim, ma'deniyat alg'a ilgeri-legen, do'retiwshilik isleri rawajlang'an, a'yyemgi u'lkemiz gu'llep-jaynag'an.

Samarqand qalasi'ndag'i' Mi'rza Uli'g'bek observatoriyasi'ni'n' sektanti' — ti'rnaq bo'legindegi juldi'zlardi' baqlaytug'i'n quri'lma saqlani'p qalg'an. Bunnan derlik alti' a'sir buri'n quri'lg'an bunday u'lken ilimiy woray da ti'ni'shli'qti'n' jemisi boli'p yesaplanadi'. Sebebi ju'da' u'lken miynet ha'm qarji'ni', sheber usta ha'm qa'ni-gelerdi talap yetken bul siyrek ushi'rasatug'i'n yestelikti ti'ni'shsi'z sharayatta quri'wg'a mu'mkinshilik bolmas yedi.

Bizin' ma'mleketimizde ti'ni'shli'q ha'm turaqli'li'qti' asi'rap-abaylaw g'a'rezsizligimizdin' birinshi ku'nlerinen baslap yen' a'hmiyetli ha'm basli' ma'sele boli'p kelmekte. Sebebi, joqari'da atap wo'tilgenindey, biz wo'z aldi'mi'zg'a ulli' maqsetler qoyi'p jasap ati'rg'an xali'qpi'z. Bul maqsetlerge yerisiwdin' yen' a'hmiyetli sha'rtlerinen biri ti'ni'shli'q boli'p yesaplanadi'.

Ma'mleketimizde si'rt yellerdin' iri kompaniyalari' menen birgelikte quri'lg'an Samarqand ha'm Asaka qalalari'ndag'i'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

avtomobil zavodlari', Shortan gaz-ximiya kompleksi, Buxara neftti qayta islew zavodi' si'yaqli' u'lken ka'rxanalar jumi's islemekte. Wolar shi'g'arg'an wo'nimler yelimizde de, si'rt yellerde de qari'ydarlari'n tappaqta. Woylap ko'rin', bunday ko'p miynet ha'm qarji' talap yetetug'i'n ka'rxanalardi' si'rt yellerdegi sheriklerimiz nege a'yne bizin' jurti'mi'zda quri'wg'a, usi' iske u'les qosi'wg'a i'razi' bolg'an? Wolar, yen' aldi' menen, diyari'mi'zdag'i' ti'ni'shli'qti', xalqi'mi'zdi'n' bunday turmi'sti' qa'dirlep jasawi'n ko'rip, bul ma'mlekette shi'ni'nda da islese arzi'ydi', islengen miynet zaya ketpeydi, degen juwmaqqa kelgen.

Bu'gingi ku'nde yelimizdin' qala ha'm awi'llari' barg'an sayi'n abadanlaspaqta, xalqi'mi'z, a'sirese, siz kibi jaslari'mi'z ushi'n jan'a-jan'a qolayli'qlar jarati'lmaqta. Bulardi'n' barli'g'i', yen' aldi' menen, ti'ni'shli'qti'n' jemisi.

Ma'mleketimizde jasap ati'rg'an ha'r bir insanni'n' ti'ni'sh ha'm paraxat turmi's keshiriwi ushi'n ma'mleketimiz barli'q ilajlardi' ko'rmekte. Sebebi, ti'ni'sh jasaw ha'm miynet yetiw Konstituciyami'z benen ni'zamlari'mi'zda insanni'n' yen' muqa'ddes huquqlari'nan biri si'pati'nda belgilep qoyi'lg'an.

**«Insanni'n' yen' arti'qmash ha'm muqa'ddes huquqlari'ni'n biri – bul paraxat jasaw huquqi' boli'p yesaplanadi'. Ma'mleket ha'm ja'miyettin' minneti mine usi' huquqti' barli'q ni'zamli' qurallar menen kepillep beriwden ibarat. Bul huquqti' a'melge asi'ri'w – ma'mleket ha'm ja'miyetti demokratiyalasti'ri'wdi'n' yen' a'hmiyetli sha'rti. Demokratiyani'n' insanpa'rwarli'g'i' da birinshi gezekte mine usi' wo'lshem menen wo'lshenedi»[1].**

Yelimizdegi ha'r bir insan u'lken arzi'w-u'mitler – jay salsam, bala wo'sirsem, toy-tamasha yetsem, aqli'q-shawli'q ko'rsem, terek yegip, bag' qaldi'rsam, degen qali's niyetler menen jasaydi'. Bulardi'n' barli'g'i'na yerisiw ushi'n bolsa insang'a, yen' aldi' menen, densawli'q ha'm ti'ni'shli'q kerek. Soni'n' ushi'n da milliy ideyami'z sistemasi'nda jurt ti'ni'shli'g'i' ideyasi' birinshi wori'nda turadi'.

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. –T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 73-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar:*

1. Du'nyadag'i' yen' ulli' bayli'q ne?
2. Ti'ni'shli'q bolmag'an jerde ne ushi'n qut-bereket, rawajlani'w bolmaydi'? Bul tuwrali' qanday naqi'l-maqallardi', turmi'sli'q mi'sallardi' bilesiz?
3. Jer ju'zinde ti'ni'shli'q ha'm turaqli'li'qti' asi'raw ne ushi'n pu'tkil insaniyatti'n' muqa'ddes isine aylanbaqta?
4. Du'nyada ti'ni'shli'qti' buzi'wg'a uri'natug'i'n qanday jawi'z ku'shler bar?
5. Uri'sti'n' qorqi'ni'shli' ko'rinisleri su'wretlengen qanday kitaplardi' woqi'g'ansi'z, kinofilmlerdi tamasha yetkensiz?
6. Ti'ni'shli'qqa yerisiw, woni' asi'rap-abaylaw ushi'n ne islew kerek?
7. Ma'mleketimizde ti'ni'shli'q ha'm turaqli'li'q sebepli ju'z berip ati'rg'an wo'zgerisler haqqi'nda ayti'p berin'.
8. To'mendegi su'wretlerge qarap, ti'ni'shli'qti'n' a'hmiyetin tu'sindirip berin'.

A)


C)


B)


D)




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## WATAN RAWAJI'

Watan — insanni'n' kindik qani' tamg'an topi'raq, woni' ka'mal tapti'ratug'i'n teberik ma'kan yekenin siz «Watan tuyg'i'si'» pa'ninen jaqsi' bilesiz.Wol ata-babalardan a'wladlarg'a qalatug'i'n ulli' miyras, yen' a'ziz yestelik.

Watan — insanni'n' maqtani'sh ti'msali'. Ha'r kim ana Watani' ti'msali'nda du'nyadag'i' yen' go'zzal ha'm biyta'kirar jurtti', wo'zinin', xalqi'ni'n' baxti'n ko'redi. Ana jurt ta'biyati', hawasi', adamlari' balali'g'i'mi'zdan baslap biz ushi'n a'ziz ha'm qa'dirdan boli'p qaladi'. Watan azat bolsa, xali'q da azat, Watan rawajlansa, xali'q da pa'rawan jasaydi'. Soni'n' ushi'n da milliy ideyami'zdi'n' tu'p deregin belgileytug'i'n tu'siniklerdin' biri Watan rawaji' boli'p yesaplanadi'.

*Watan rawaji' degende, turmi'sti'n' barli'q tarawlari' boyi'nsha rawajlani'w ha'm ilgerilewdi, ma'mleketimizdin' ja'ha'ndegi ataq-abi'rayi'ni'n' ja'ne de arti'wi'n, milliy progresti tu'sinemiz.*

Prezidentimiz Islam Karimov Watan rawaji' joli'nda ku'yipjani'p, pidayi' boli'p jasaw woni'n' qushag'i'nda wo'sip-yer jetken ha'r bir perzenttin' muqa'ddes minneti yekenin atap wo'tip, a'yne usi'nday ko'z-qaras insan wo'mirinin' mazmun-mag'anasi'n belgilep beretug'i'n qa'diriyatqa aylani'wi' lazi'm yekenine itibari'mi'zdi' qaratadi'.

**«Watan rawaji', yen' aldi' menen, woni'n' perzentlerine, wolardi'n' ruwxi'y ha'm fizikali'q ka'malati'na tikkeley baylani'sli'. Bul wo'z na'wbetinde ha'r bir watanlasi'mi'zdi' moyni'ndag'i' joqari' puqarali'q juwapkershiligin seziwge, wo'z ma'plerin usi' jurt, usi' xali'q ma'pleri menen uyg'i'nlasti'ri'p jasawg'a shaqi'radi' ha'm ha'r bir puqara wo'z ma'mleketinin' xali'q arali'q sherikleslik qatari'nan mu'-**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**na'sip wori'n ali'wi', bu'gingi ku'nde rawajlang'an, ti'ni'sh ha'm bay jasap ati'rg'an ma'mleketler qatari'na ko'teriliwinen ma'pdar boli'wi' so'zsiz»[1].**

Watan rawaji' woni'n' perzentlerine baylani'sli' bolg'ani' sebepli ma'mleketimizde sizdey jaslardi'n' salamat ha'm ha'r ta'repleme jetik boli'p yer jetiwine u'lken a'hmiyet berilmekte. G'a'rezsizlik ji'llari'nda jarati'lg'an imkaniyatlar arqasi'nda mi'n'lap talantli' jaslari'mi'z woqi'wda, ilim, ko'rkem wo'ner ha'm sport tarawlari'nda u'lken tabi'slarg'a yerispekte. Siz de wolarday boli'wg'a umti'li'p jasap ati'rsi'z. Bulardi'n' barli'g'i' ana Watani'mi'z — O'zbekistani'mi'zdi'n' rawajlani'wi'na, woni'n' ja'ha'ndegi ataq-abi'rayi'ni'n' arti'wi'na u'les qosadi'. Soni'n' ushi'n da bizin' ha'r birimiz, bul Watan, bul jurt — meniki, woni'n' rawajlani'wi' mag'an baylani'sli', usi' jolda bar ku'sh ha'm imkaniyati'mdi' bag'i'shlawg'a tayarman, degen ko'z-qaras penen jasawi'mi'z, a'tirapi'mi'zdag'i' doslari'mi'zdi' da usi'g'an shaqi'ri'wi'mi'z lazi'm. Sonda jurti'mi'z, xalqi'mi'z, Prezidentimiz a'rman yetkenindey, ulli' ma'mleketler qatari'na ko'teriledi.

Siz «Geografiya» pa'ninen jaqsi' bilgenin'izdey, du'nyadag'i' ma'mleketlerdin' ha'mmesinde de qazi'lma bayli'qlar bola bermeydi. Biraq wolar perzentlerinin' zamanago'y ka'sipwo'nerlerdi puqta iyelegeni, ana jurti'na pidayi'li'g'i' sebepli rawajlani'w boyi'nsha basqa ma'mleketler yerise almag'an biyik shi'n'lardi' iyelemekte. Ma'selen, Yaponiya, Tu'slik Koreya si'yaqli' ma'mleketlerde jer asti' bayli'qlari' wonsha ko'p yemes. Biraq, sog'an qaramastan, bul ma'mleketler ja'ha'ndegi yen' rawajlang'an ma'mleketler qatari'nan bekkem wori'n iyelep kelmekte.



Bizin' jaslari'mi'z arasi'nan da mine usi'nday watanpa'rwar jigit-

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat», 2008. 73–74-bb.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qi'zlar ko'plep jetisip shi'qpaqta. Wolar – xalqi'mi'zdi'n' u'lken maqtani'shi'. Siz woqi'wda, ilim ha'm do'retiwshilikte, miynette, sport ha'm ko'rkem wo'nerde u'lken na'tiyjelerge yeriskeni ushi'n Zu'lfiya ati'ndag'i' Ma'mleketlik si'yli'qqa, «Nihol» si'yli'g'i'na, «O'zbekistan iftixori'» atag'i'na miyasar bolg'an ag'a-apalari'n'i'z haqqi'nda yesitken bolsan'i'z kerek. Mu'mkin, siz bilim ali'p ati'rg'an mektepten de usi'nday belgili insanlar jetisip shi'qqan shi'g'ar? Sol tuwrali' bir woylap ko'rin'.Wo'ziniz de wolarday boli'wg'a ha'reket yetin'. Sonda O'zbekistan dep atalg'an ulli' ma'mleketimiz rawaji'na, woni'n' gu'llep-jaynawi'na mu'na'sip u'les qosqan bolasi'z.

**Watan rawajlani'wi' joli'nda xi'zmet yetiw du'nyadag'i' yen' ulli' baxi't boli'p yesaplanadi'.**

Shayi'rlari'mi'z Watandi' insan wo'mirinin' mazmun-mag'anasi'n belgilep beretug'i'n yen' a'ziz qa'diriyatlardan biri si'pati'nda ji'rlaytug'i'ni' tosi'nnan yemes. Ma'selen, ulli' woyshi'l shayi'ri'mi'z A'liysher Nawayi' ana jurttan shette baxi't joqli'g'i'n na'zerde tuti'p, «Watandi' bir na'pes ta'rki a'yleme, Ja'ne jat jurtlardi' ha'wes a'yleme», dep na'siyat yetken.

**Watan g'a'rezsiz, woni'n' aymag'i'nda jasaytug'i'n xali'q yerkin ha'm azat bolmasa, hesh qashan rawajlani'w bolmaydi'. Azatli'q ha'm g'a'rezsizlik – Watan rawaji'na yerisiwdin' yen' a'hmiyetli sha'rti. Soni'n' ushi'n da bul tu'sinikler barli'q xali'qlar turmi'si'nda yen' muqa'ddes tu'sinikler boli'p yesaplanadi'.**

Azatli'q ha'm yerkinlikke shi'qqan xali'q qanshelli tez rawajlani'wi'n du'nyadag'i' ko'plep ma'mleketler mi'sali'nda ko'riw mu'mkin. Ma'selen, Germaniya ma'mleketi fashistlerden azat bolg'annan son', qi'sqa mu'ddette ja'ha'nnin' yen' rawajlang'an ma'mleketlerinen birine aylandi'. Yaki Tu'slik-Shi'g'i's Aziyadag'i' Malayziya, Singapur si'yaqli' ma'mleketler g'a'rezsizlikke yeriskennen son' rawajlani'w bari'si'nda ten'siz tabi'slarg'a yeristi.

Bizin' Watani'mi'z da g'a'rezsizlik ji'llari'nda u'lken imkaniyatlarg'a iye boldi'. Usi' tiykarda ja'miyet turmi'si'n, birinshi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

gezekte, ekonomikani' reformalasti'ri'wg'a u'lken a'hmiyet berildi. Sebebi ha'r qanday rawajlani'wdi'n tiykari' ekonomikali'q progress penen belgilenedi.

*Ekonomikali'q progress degende, sanaat, quri'li's, transport ha'm awi'l xojali'g'i'ni'n' rawajlani'wi', zamanago'y ka'rxanalar, xi'zmet tu'rleri, mu'lk formalari'ni'n ko'beyiwi, tovarlardi'n sapasi', xali'q da'ramatlari'ni'n arti'p bari'wi', ma'mleketimiz aymag'i'ndag'i' barli'q jer asti' ha'm jer u'sti bayli'qlari'ni'n' ana jurti'mi'z rawaji', xalqi'mi'z pa'rawanli'g'i' ushi'n xi'zmet yetiwin tu'sinemiz.*

O'zbekistani'mi'zdi'n' g'a'rezsizlik ji'llari'nda g'a'lle, jani'lg'i'-energetika, azi'q-awqat g'a'rezsizligin qolg'a kirgizgeni, avtomobil islep shi'g'ari'w sanaati'na iye bolg'ani', ekonomikani'n' basqa da basli' tarmaqlari'nda salmaqli' na'tiyjelerge yeriskeni g'a'rezsizlik Watan rawaji'ni'n' yen' a'hmiyetli sha'rti ha'm girewi yekenin ja'ne bir ma'rte da'lilledi.

Bu'gingi ku'nde jurti'mi'zda boy tiklegen ko'plep zamanago'y licey ha'm kolledjler, uluwma bilim beriw mektepleri, ko'rkem wo'ner ha'm sport woraylari'nda ha'r ta'repleme teren' bilim ha'm ta'rbiya berilip ati'rg'ani', salamat ha'm ba'rkamal a'wlad ta'rbiyasi'na, xalqi'mi'zdi'n' ma'nawiy jetilisiwine u'lken itibar qarati'li'p ati'rg'ani' keleshekte jurti'mi'zdi'n' rawajlani'wi'n ta'minlewde u'lken a'hmiyetke iye.

**Watandi' rawajlandi'ri'wdi'n' tiykarg'i' sha'rtleri to'mendegilerden ibarat: ma'mleket g'a'rezsizligi ha'm ti'ni'shli'g'i'; ma'mlekettin jer asti' ha'm jer u'sti bayli'qlari'nan na'tiyjeli paydalani'w; ja'miyettin' materialli'q ha'm intellektual potenciali'; miynetkesh ha'm do'retiwshi xali'q.**

Bizin' ma'mleketimizde mine usi' sha'rtlerdin' ha'mmesine toli'q juwap beretug'i'n imkaniyatlar bar. Soni'n' ushi'n Watani'mi'zdi'n' rawajlani'wi' wo'z qoli'mi'zda. Ha'mmemiz pidayi', Watani'mi'z shaqi'ri'g'i'na mudami' tayar turatug'i'n mu'na'sip perzentler bolsaq, woni'n' rawajlani'wi' ja'ne de joqari', ataqabi'rayi' ba'lent boli'wi' so'zsiz.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. Ha'r kim ana Watani' ti'msali'nda neni ko'redi ha'm an'laydi'?
2. Watan rawaji' degende neni tu'sinemiz?
3. Watan rawaji' ne ushi'n, yen' aldi' menen, woni'n' perzentlerine baylani'sli'?
4. Yaponiya ha'm Tu'slik Koreya si'yaqli' ma'mleketler qalayi'nsha yen' rawajlang'an ma'mleketler qatari'nan bekkem wori'n iyeledi?
5. Siz Zu'lfiya ati'ndag'i' Ma'mleketlik si'yli'qqa, «Nihol» si'yli'g'i'na, «O'zbekistan iftixori'» atag'i'na miyasar bolg'an jurti'mi'z jaslari'nan kimlerdi bilesiz?
6. Watan haqqi'nda qanday naqi'l ha'm qosi'qlar yadlag'ansi'z?
7. Watan rawajlani'wi'na yerisiwdin' yen' a'hmiyetli sha'rti ne?
8. Usi' su'wretlerde Watan rawaji'na tiykar bolatug'i'n qanday bayli'q ha'm imkaniyatlar ko'rsetilgen?

A)


C)


B)


D)





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## XALI’Q PA’RAWANLI’G’I’

A’ziz woqi’wshi’! Siz wo’tken sabaqlari’mi’zdan tu’sinip, an’lap jetken bolsan’i’z kerek, milliy ideyami’zdi’n’ tiykarg’i’ tu’sinikleri wo’z-ara ti’g’i’z baylani’sli’ boli’p, wolardi’n’ birewin yekinshisinen aji’ratqan halda ko’z aldi’mi’zg’a keltiriw qi’yi’n. Ma’selen, jurt ti’ni’shli’g’i’si’z Watanni’n’ rawajlani’wi’ bolmaydi’. Xali’q pa’rawanli’g’i’na bolsa jurt ti’ni’shli’g’i’ ha’m Watan rawaji’ ta’minlengende g’ana yerisiw mu’mkin.

Xali’q – milleti, tili ha’m dinine qaramastan, ma’mleket aymag’i’nda jasap ati’rg’an barli’q insanlardan ibarat. Demek, xali’q pa’rawanli’g’i’ ideyasi’ usi’ ma’mleket aymag’i’nda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an barli’q isler, jurt ti’ni’shli’g’i’ ha’m Watan rawaji’na yerisiw joli’ndag’i’ is-ha’reketlerdin’ ha’mmesi ba’rinen de buri’n adamlardi’n’ jasaw sharayati’n jaqsi’lawg’a qarati’lg’ani’n an’latadi’.

*Xali’q pa’rawanli’g’i’ dep, adamlardi’n’ mu’na’sip turmi’s sharayati’, ekonomikali’q jaqtan wo’zine toq boli’p jasawi’, yen’ za’ru’r materialli’q talaplardi’n’ toli’q qanaatlandi’ri’li’wi’n ta’minleytug’i’n socialli’q turmi’s da’rejesine ayti’ladi’.*

Prezidentimiz atap wo’tkenindey, **«bul du’nyada ha’r bir adam toq ha’m bay turmi’s keshiriw, yel-jurt ushi’n mu’na’sip perzent ta’rbiyalaw, wolarg’a bilim beriw, u’ylijayli’ yetiw, wolardi’n’ baxti’n ha’m ka’mali’n ko’riw a’rmani’ menen jasaydi’. Ha’zirgi waqi’tta ma’mleketimizde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an ken’ ko’lemli reformalardi’n’ tiykarg’i’ maqseti – adamlari’mi’zdi’n’ mine usi’nday arzi’wu’mitlerin ju’zege shi’g’ari’w, xalqi’mi’zg’a ha’r ta’repleme mu’na’sip turmi’s sharayati’n jarati’p beriwden ibarat»[1].**

[1] **Islam Karimov.** Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. – T.: «Ma’nawiyat» baspasi’, 2008-ji’l, 74-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shi'ni'nda da, turmi'sta ha'mme na'rse, soni'n' ishinde, reformalar da, insan ushi'n xi'zmet yetkende g'ana ma'ni-mazmung'a iye boladi', ku'tilgen na'tiyjeni beredi.Wo'z keleshegin woylag'an ha'r qanday ma'mleket yen' aldi' menen puqaralari'ni'n' ti'ni'sh-tati'w, pa'rawan jasawi'n ta'minlewge umti'ladi'. Ma'mleketimizde a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an reformalardi'n' a'yne usi' maqsetke qarati'li'wi'nda Prezidentimiz ta'repinen g'a'rezsizliktin' da'slepki ji'llari'nda alg'a su'rilgen «Reforma — reforma ushi'n yemes, yen' aldi' menen insan ushi'n» degen qag'i'yda, rawajlani'wdi'n' o'zbek modeline tiykar bolg'an ataqli' bes princip wog'ada u'lken a'hmiyetke iye bolmaqta.

*«Rawajlani'wdi'n' o'zbek modeli» degende, O'zbekistanni'n' g'a'rezsiz rawajlani'w joli'n tu'sinemiz.*

A'lbette, xali'q pa'rawanli'g'i'na yerisiwde tek ma'mlekettin' is-ha'reketleri jeterli yemes. Buni'n' ushi'n ha'r bir insan wo'zinin' do'retiwshilik potenciali'n iske sali'wi', reformalar a'hmiyetin teren' an'lap jetiwi, wolardi' a'melge asi'ri'wda belsendilik penen qatnasi'wi' lazi'm. A'sirese, adamlardi'n' du'nyag'a ko'z-qarasi', turmi'sqa, miynetke, jerge mu'na'sibetinin' tu'pten wo'zgeriwi xali'q pa'rawanli'g'i'n ta'minlewde ten'siz rol atqaradi'. Sebebi pa'rawan turmi'sqa umti'li'w insandag'i' isbilermenlik ha'm baslama ko'teriwshilik tuyg'i'si'n, ha'r bir watanlasi'mi'zdi'n' wo'z turmi'si'n wo'z ku'shi menen quri'wg'a qarati'lg'an ha'reketlerin ja'ne de ku'sheytedi. Soni'n' ushi'n da adamlarda mu'lkke iyelik yetiw, wo'z isine su'yispenshilik ha'm juwapkershilik sezimin, wo'z ku'shine bolg'an isenimin asi'ri'w, jaslarda balali'qtan baslap miynet ko'nlikpelerin qa'liplestirip, wolardi' zamanago'y bilim ha'm ka'sip-wo'nerlerdi puqta iyelegen insanlar yetip yer jetkiziw xali'q pa'rawanli'g'i'na yerisiw joli'ndag'i' a'hmiyetli wazi'ypalardan biri boli'p yesapladi'. Soni'n' ushi'n ata-babalari'mi'z mu'mkinshiligi bolg'ani'nsha ko'birek ka'sip-wo'nerlerdi iyelewge ha'reket yetken, perzent-





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

lerin de usi'g'an bag'darlag'an. Xalqi'mi'zdi'n' «Bir jigitke qi'ri'q wo'ner de az», «Wo'neri bar kisinin' ta'shwishi az isinin'», «Is bilgenge mi'n' ten'ge», «Wo'nerdi u'yren, u'yren de jiyren» si'yaqli' naqi'l-maqallar ha'm hikmetli so'zleri ata-babalari'mi'zdi'n' wo'nerli, qoli' gu'l, miynetten qashpaytug'i'n insanlardi' qanshelli qa'dirlegenin ko'rsetedi. Bul naqi'llar ha'zirgi ku'nde de wo'z a'hmiyetin jog'altqan joq. Bu'gin biz ata-babalari'mi'z a'sirler dawami'nda qa'sterlep kelgen da'stu'rli ka'sip-wo'nerler menen birge, zamanago'y texnikali'q ha'm texnologiyali'q progreske baylani'sli' ka'siplerdi de puxta iyelewimiz za'ru'r. Atap aytqanda, ha'zirgi waqi'tta pa'rawanli'qqa yerisiw kompyuter texnikasi', quramali' texnologiyalarg'a tiykarlang'an wo'ndiris tarawlari', biznes ha'm isbilermenlik si'yaqli' tu'rli ka'siplerdi iyelew menen de tikkeley baylani'sli'. Bul bolsa bizden ti'ni'msi'z woqi'p-u'yreniw, bilim ha'm qa'nigeligimizdi asi'ri'p bari'w, shet tillerin puqta wo'zlestiriwdi talap yetedi.

**O'zbekistanni'n' jer asti', jer u'sti bayli'qlari' ko'p, ma'mleketimizdin' ekonomikali'q potenciali' u'lken, xalqi'mi'z miynetkesh ha'm do'retiwshi. Bulardi'n' barli'g'i' pa'rawan turmi's tiykari', ha'r bir watanlasi'mi'z talabi'n qanaatlandi'ri'w, wo'zligin ko'rsetiw ha'm do'retiwshilik qa'biletin ju'zege shi'g'ari'wi'ni'n' tiykarg'i' deregi boli'p yesaplanadi'.**

Bu'gin xalqi'mi'z mine usi'nday derekler tiykari'nda pa'rawan turmi's quri'w joli'nda ti'ni'msi'z miynet yetpekte.

**Xali'qti'n' pa'rawanli'g'i' — ma'mlekettin' qu'diretinen, woni'n' joqari' rawajlani'w da'rejesinen derek beredi.**

**Tek rawajlang'an, alg'a ilgerilegen ma'mleket g'ana xalqi'ni'n' pa'rawanli'g'i' ushi'n barli'q sharayatlardi' jarati'p bere aladi'.**

Soni'n' ushi'n da du'nyadag'i' rawajlang'an ma'mleketler qatari'nan wori'n ali'w xalqi'mi'zdi'n' tiykarg'i' maqsetlerinin' biri boli'p yesaplanadi'.

A'ziz woqi'wshi'! Mine, siz milliy ideyami'z qurami'ndag'i' u'sh ulli' arzi'w-umti'li's haqqi'nda, wolardi'n' ma'ni-mazmuni'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ha'm a'hmiyeti tuwrali' mag'luwmatqa iye boldi'n'i'z. Mi'nani' yeste tuti'n': jurt ti'ni'shli'g'i', Watan rawaji', xali'q pa'rawanli'g'i' ha'm biz keyingi sabaqlarda wo'tetug'i'n basqa da ju'da' a'hmiyetli tu'sinik ha'm principler ma'mleketimiz g'a'rezsizligin bekkemlewge, go'zlegen sheklerimizge tezirek jetiwge xi'zmet yetedi.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar:*

1. Xali'q pa'rawanli'g'i'na qanday sharayatta yerisiw mu'mkin?
2. Xali'q pa'rawanli'g'i' ideyasi' dep nege ayti'ladi'?
3. «Reforma – reforma ushi'n yemes, yen' aldi' menen insan ushi'n» degen qag'i'yda kim ta'repinen ayti'lg'an? Woni'n' ma'nisin tu'sindiriwge ha'reket yetin'.
4. Bazarlari'mi'zdag'i' molshi'li'qti'n' sebebi nede dep woylaysi'z?
5. «Bir jigitke qi'ri'q wo'ner de az» degen naqi'ldi'n' ma'nisin siz qalay tu'sinesiz?
6. Usi' su'wretlerde sa'wlelengen adamlar xali'q pa'rawanli'g'i'na qanday u'les qosi'p ati'rg'ani' tuwrali' ayti'p berin'.

A)


B)


C)


D)


E)




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ABADANSHI'LI'Q KEWILDEN BASLANADI'

### *(A'meliy sabaq)*

A'ziz woqi'wshi'! Prezidentimiz Islam Karimov wo'zinin' shi'g'i'p so'ylewlerinde ha'm bayanatlari'nda, ja'miyetshilik wa'killeri menen wo'tkerilgen sa'wbetlerinde ayi'ri'qsha atap aytatug'i'n «Abadanshi'li'q kewilden baslanadi'» degen hikmetli ibarani'n' ma'nisi haqqi'nda woylap ko'rdin'iz be? Yelimizde abadan wori'nlar ko'p.Wolar sheber injener ha'm arxitektorlar, qoli' gu'l ustalar, bag'man ha'm diyxanlar, qullasi', pu'tkil xalqi'mi'z miynetinin' na'tiyjesi boli'p yesaplanadi'. Biz mine usi' abat ma'kanlardi' quri'w pikiri yen' aldi' menen kimnin' kewlinde payda bolg'ani' haqqi'nda ko'binese woylap ko'rmeymiz. Haqi'yqati'nda, pa'k niyet, iygilikli arzi'w-u'mitler ha'm jobalar ha'miyshe kewilden baslanadi'. A'sirese, bizin' xalqi'mi'z mudami' jaqsi'li'qti' woylap jasaydi'. Adamlari'mi'z tariyxti'n' yen' qi'yi'n da'wirlerinde de shan'araq qursam, yel-jurt xi'zmetine jaraytug'i'n, ku'shli, aqi'lli' ha'm palwan perzentler wo'sirsem, jay quri'p, bag'lar jarati'p, a'wladlari'ma miyras yetip qaldi'rsam, degen jaqsi' tileklerdi kewline tu'yedi. Watani'mi'zdi'n' bas maydani' yesaplanatug'i'n G'a'rezsizlik maydani'ndag'i' Iygilik arkasi', G'a'rezsizlik ha'm iygilik monumenti si'yaqli' zamanago'y arxitekturali'q yestelikler xalqi'mi'zdi'n' mine usi'nday ulli' pazi'yletleri hu'rmetine quri'lg'an.

Ma'mleketimizdin' qaysi' mu'yeshine barsan'i'z da, wol jerde a'lbette abadanshi'li'q ti'msali' bolg'an jan'a mektep, licey yaki kolledj imarati'n, sayali' go'zzal bag' yaki qi'yabandi', jap-jasi'l dalalardi', i'qsham g'ana u'y-jaylardi' ko'riwin'iz mu'mkin. Wolardi'n' barli'g'i' xalqi'mi'zdi'n' pida'kerlik miyneti arqasi'nda usi'nday ko'zdi quwandi'ratug'i'n da'rejege jetken. Soni'n' menen birge, wolar mi'n'-mi'n'lap a'piwayi', kishipeyil ha'm miynetkesh insanlardi'n' ashi'q kewli, ba'ha'r tan'i'nday ti'ni'q woy-pikirleri, pa'k niyetlerinin' jemisi boli'p yesaplanadi'.

Wo'zin'iz woylap ko'rin', yeger insanni'n' kewili taza, niyeti haq bolmasa, u'lken ha'm ulli' islerdi sap hu'jdan menen, shi'n



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kewilden a'melge asi'ra ala ma? Samarqand, Buxara, Xiywa, Shahrisabz, Termiz, Qarshi' ha'm Marg'ilan kibi qalalari'mi'zda a'sirler si'nag'i'nan wo'tip, yelege shekem pu'tkil du'nyani' hayran qaldi'ri'p kiyati'rg'an a'yyemgi imaratlarg'a itibar berin'. Mine usi' wo'lmes yesteliklerdi qurg'an arxitektor ha'm ustalardi'n' kewli de, qoli' da pa'k bolmag'anda, bul u'lken quri'li'slardi'n' ha'tte bir g'ana gerbishi naduri's qoyi'lg'anda bar ma, wolar samal-jawi'nlar, qar-qi'rawlar, shi'jg'i'rg'an quyashli' ha'm qaqaman ayazli' ku'nler ta'sirine shi'dam bere almastan, a'lleqashan-aq uni'rap, shashi'li'p, joq boli'p ketken bolar yedi.

Tap soni'n'day, bu'gingi ku'nde da dalalarda fermer ha'm diyxanlari'mi'z, quri'li's maydanlari'nda arxitektor ha'm ustalari'mi'z, wo'ndirislik ka'rxanalarda injener ha'm isshilerimiz, mektepler, liceyler, kolledj ha'm joqari' woqi'w wori'nlari'nda hu'rmetli ustazlari'mi'z, yemlew ma'kemelerinde medicina xi'zmetkerleri wo'z isin shi'n kewilden wori'nlamasa, 1991-ji'ldan beri wo'tken waqi't dawami'nda, a'yyemgi tariyx ushi'n ju'da' qi'sqa bir mu'ddette — g'a'rezsizlik da'wirinde ma'mleketimiz bunshelli u'lken tabi'slarg'a yerisiwi qi'yi'n bolar yedi, a'lbette.

Siz wo'zin'iz jasap ati'rg'an awi'l yaki qalada, woqi'p ati'rg'an mektepte yelimizdegi abadanshi'li'qtan derek beretug'i'n ko'rinislerdi ko'p ko'resiz. Aytayi'q, mektepten qayti'p kiyati'ri'p sayali' qi'yabanda, salqi'n samal yesip turg'an, suw toli'p ag'i'p turg'an salma yaki jap boyi'nda dem ali'wi'n'i'z mu'mkin. Usi' ag'ashlardi' da kimdur yekken, usi' salma yaki japti' da kimlerdur biyg'a'rez miynet yetip qazg'an, qum-taslardan, sho'p-sharlardan tazalag'an, duri's pa? Sizin'she, wolar qanday kewilli insanlar?

Wolar — kewli pa'k ha'm ulli' insanlar! Solay yemes pe? Usi'layi'nsha mektebin'izdi, woni'n' klass bo'lmelerindegi woqi'w a'njamlari'n qurg'an ha'm jaratqan insanlar haqqi'nda, wolardi'n' qa'lbindegi arzi'w-u'mitleri tuwrali' hesh woylap ko'rdin'iz be?

Yamasa wo'zin'iz tani'ytug'i'n fermer, bag'man, shi'paker yaki woqi'ti'wshi'ni'n' ha'r ku'ngi miyneti woni'n' qa'lb a'lemine, ruwxi'yati'na, arzi'w-woylari'na qanshelli uyg'i'n yekeni haqqi'nda pikir ju'ritip ko'rin'. Usi' tuwrali' klaslaslari'n'i'zg'a, ata-anan'i'zg'a ayti'p berin'. Bul haqqi'nda mudami' woylaw turmi'stag'i' ko'p g'ana qi'yi'n ma'selelerdi tu'siniwge ja'rdem beredi. Yen' a'hmiyetlisi, siz bul du'nyadag'i' barli'q jaqsi' islerdin' deregi insan qa'lbi yekenine, woni'n' ruwxi'y imkaniyati', ku'sh-qu'direti sheksiz yekenine, abadanshi'li'q shi'ninda da kewilden baslanatug'i'ni'na isenim payda yetesiz.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## A'meliy sabaq ushi'n a'debiyatlar:

1. Islam Karimov. Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. –T.: «Ma'nawiyat», 2013. 128–132-bb.

2. Islam Karimov. Watan ha'm xali'q ma'n'gi qaladi'. –T.: A'liysher Nawayi' ati'ndag'i' O'zbekistan Milliy kitapxanasi' baspasi', 2010. 95–97-bb.

3. Milliy g'a'rezsizlik ideyasi': tiykarg'i' tu'sinikler, principler ha'm atamalar. –T.: «Yangi asr avlodi» baspasi', 2010. 123–124-bb.

4. «Worta a'sirler Shi'g'i's ali'mlari' ha'm woyshi'llari'ni'n' tariyxi'y miyrasi', woni'n' zamanago'y civilizaciyani'n' rawajlani'wi'ndag'i' roli ha'm a'hmiyeti»//Xali'q arali'q konferenciya materiallari'. –T.: «O'zbekistan», 2014.

## QADAG'ALAW JUMI'SI'

T a p s i' r m a: ***«Bizin' ulli' ideyami'z»*** *temasi'nda referat tayarlan'.*

Referatti' tayarlawda Prezidentimiz Islam Karimovti'n' «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda bayan yetilgen to'mendegi pikirlerdi tiykar yetip ali'n': **«Bizin' yen' ulli' maqsetimiz, yen' ulli' ideyami'z sonnan ibarat, O'zbekistanni'n' bir joli' bar: g'a'rezsizlikti bekkemlep, ma'mleketimizdi ha'r ta'repleme jetilistirip, jarqi'n ha'm yerkin turmi'sqa qaray ju'riw».**

Referatta to'mendegi ma'selelerdi sa'wlelendirip beriwge ha'reket yetin':

– bizin' milliy ideyami'z, woni'n' qurami'ndag'i' barli'q tu'sinik ha'm principler g'a'rezsizligimizdi bekkemlep, ma'mleketimizdi ha'r ta'repleme rawajlandi'ri'wg'a, xalqi'mi'z ushi'n yerkin ha'm pa'rawan turmi's quri'wg'a xi'zmet yetiwi lazi'mli'g'i', sonda g'ana wol wo'z wazi'ypasi'n atqarg'an boli'wi';

– a'yne g'a'rezsizlik milliy ideyami'zdi' qa'liplestiriw, wo'zligimizdi teren' an'lap, shi'n ma'nisinde azat xali'q, yerkin millet boli'p jasaw imkani'n bergeni;

– g'a'rezsizligimiz qansha bekkem bolsa, milliy ideyami'zda ko'rsetilgen maqsetlerge sonsha tez jaqi'nlasi'p bari'wi'mi'z, imkaniyatlari'mi'z ja'ne de ken'eyiwi;

– g'a'rezsizlikti bekkemlewde siz si'yaqli' woqi'wshi' jaslardi'n' tiykarg'i' wazi'ypasi' neden ibarat, keleshekte siz bul iygilikli iske qanday u'les qospaqshi'si'z?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

II bap

# MILLIY IDEYA HA'M MA'NAWIY TURMI'S UYG'I'NLI'G'I'

## KA'MIL INSAN

A'ziz woqi'wshi'! Siz benen milliy ideyami'zdi'n' tiykarg'i' tu'sinikleri haqqi'nda sa'wbetlestik. Mine usi' tu'sinikler menen birge ka'mil insan, ja'miyetlik birge islesiw, milletler arali'q tati'wli'q, dinler arali'q ken'peyillik si'yaqli' principler milliy ideyami'zdi'n' aji'ralmas quram bo'legin quraydi'.

*«Ka'mil insan» ibarasi' ka'mal tapqan, jetik, toli'q jetilisken degen ma'nilerdi an'latadi'.*

**Ka'mil insandi' ta'rbiyalaw — uluwma insani'y ideya. Yag'ni'y, bul — pu'tkil adamzatqa ta'n arzi'w-niyet. Du'nyadag'i' barli'q xali'qlar, milletler ha'm insanlar perzentlerinin' jetik, ba'rkamal boli'wi'n a'rman yetedi. Biraq bul maqsetti a'melge asi'ri'wda ha'r bir xali'q wo'zinin' milliy wo'zgeshelikleri, da'stu'r ha'm qa'diriyatlari'nan kelip shi'g'adi'. Soni'n' ushi'n wolardi'n' wo'zleri yen' jaqsi', jetik dep bilgen insanlarday boli'wg'a umti'ladi'. Siz kitaplarda woqi'g'an Alpami's, Barshi'nay, Farxad, Shiyrin, Tayi'r, Zuxra, Genje bati'r si'yaqli' qaharmanlar xalqi'mi'z tu'siniginde mi'n' ji'llar dawami'nda ka'mil insandi' ko'riw a'rmani' menen jarati'lg'an ko'rkem obrazlar boli'p yesaplanadi'. Wolar xalqi'mi'zdi'n' wo'z perzentlerin ma'rt, palwan, aqi'lli', bilimli, go'zzal ha'm salamat yetip ta'rbiyalaw joli'ndag'i' iygilikli umti'li'slari'n sa'wlelendiredi.**

Tariyxti'n' belgili bir da'wirlerinde xali'q ta'g'dirinde ten'siz wori'n tutqan ulli' insanlar da jaqsi'li'q ti'msali'na, ibratli' pazi'yletler ti'msali'na aylani'p qaladi'. Ma'selen, Najmiddin Kubra, Sultan Jalaliddin Manguberdi, Sahi'pqi'ran Amir Temur, Zahiriddin Muxammed Babur kibi babalari'mi'z ma'rtlik, bati'rli'q, ma'mleketti a'dillik penen basqari'w boyi'nsha; Imam Buxariy,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Imam Termiziy, Imam Moturidiy, Bahawaddin Naqshband si'yaqli' a'ziz-a'wileyelerimiz din-diyanat babi'nda; Muxammed Musa Xorezmiy, Axmed Ferg'aniy, A'biw Rayxan Beruniy, Ibn Sina, Mi'rza Uli'g'bek, A'liysher Nawayi', Mashrab, Ogahiy kibi woyshi'llari'mi'z dani'shpanli'q, ilim ha'm ag'arti'wshi'li'q, xali'qti'n' qa'lbin, insan filosofiyasi'n ko'rkem so'z qurallari' menen bayan yetiw boyi'nsha ha'mmemiz ushi'n ka'millik ti'msali'na aylani'p ketken. Bul ulli' babalari'mi'zdi'n' ha'r biri haqqi'nda, wolardi'n' biyta'kirar pazi'yletleri tuwrali' ko'p ayti'w mu'mkin. Yeger siz Prezidentimiz Islam Karimovti'n' «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'ni'n' birinshi babi'ndag'i' «Ma'nawiyatti' qa'liplestiretug'i'n tiykarg'i' wo'lshemler» dep atalg'an bo'limdi woqi'san'i'z, a'ne usi' babalari'mi'z haqqi'nda bildirgen a'jayi'p pikirlerdi ushi'ratasi'z. Soni'n' ishinde, ulli' shayi'r babami'z A'liysher Nawayi' tuwrali' mine mi'na ta'riplerdi ka'mil insan haqqi'ndag'i' gimn desek, arzi'ydi':

**«Yeger bul ulli' insandi' a'wliye desek, wol a'wliyelerdin' a'wliyesi, woyshi'l desek, woyshi'llardi'n' woyshi'li', shayi'r desek, shayi'rlardi'n' sultani' sanaladi'»[1].**

Haqi'yqi'y ka'mil insan g'ana usi'nday ulli' pazi'yletlerdi wo'zinde ja'mlewi mu'mkin.Wo'z yelinin' maqtani'shi'na aylang'an bunday insanlar du'nyadag'i' basqa xali'qlar arasi'nan da ko'plep jetisip shi'qqan. Bul pu'tkil insaniyatti'n' jaqsi'li'q ha'm ba'rkamalli'q joli'ndag'i' umti'li'slari' wo'z-ara uyg'i'n ha'm uluwma yekenin ko'rsetedi.

Usi' ma'niste, ka'millik ideyasi' a'sirler dawami'nda tek ayi'ri'm shaxslardi' g'ana yemes, al xali'q ha'm milletlerdi ulli', iygilikli maqsetlerge qaray bag'darlag'an, turmi'sti'n' tu'rli tarawlari'nda u'lken tabi'slarg'a ilhamlandi'rg'an.

**Ka'millikti a'rman yetpegen, ba'rkamal a'wladlardi' jetistiriw tuwrali' woylamag'an xali'q yaki millet wo'z keleshegin ko'z aldi'na keltire almaydi'.**

Ha'r bir insan ushi'n wo'z ata-anasi', ustazlari', xalqi', wo'z ma'mleketinin' basshi'si' ka'millik ti'msali' boli'p yesaplanadi'.

[1]**Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. –T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 47-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Soni'n' ushi'n bizin' ha'r birimiz wo'z ata-anami'zdi', ustazlari'mi'zdi', xalqi'mi'zdi' ha'm mine usi' xalqi'mi'z saylag'an Prezidentimizdi du'nyadag'i' yen' a'ziz insanlar dep bilemiz, wolar menen maqtanami'z.

Insan toli'q jetilisken, kemshilik ha'm nuqsanlardan pu'tkilley ji'raq boli'wi' mu'mkin be? Joq, a'lbette. Insan bar yeken, wol qa'telesedi, aljasadi'. Xalqi'mi'zdi'n' «Ayi'psi'z — Pa'rwardigar» degen hikmetli so'zi biykarg'a ayti'lmag'an. Biraq kemshiligin ta'n ali'p, woni' du'zetiwge ha'reket yetetug'i'n adam — jetiklikke umti'latug'i'n adam boli'p yesaplanadi'. Kemshiligin ta'n almastan, men woni'si'z da jaqsi'man, dep menmenlik yetetug'i'n adam bolsa wo'z nuqsanlari'n ja'ne de ko'beytedi.

Ha'r bir insan jasli'g'i'nan baslap pa'kize arzi'w-u'mitler menen jasaydi', xalqi'na, Watani'na paydasi' tiyetug'i'n shaxs boli'p jetisiwdi woylaydi'. Bul soni'n' menen birge, woni'n' kewlinde ka'mil insan boli'w niyeti bar yekeninen derek beredi. Demek, kim de kim alg'a qarap umti'lsa, ulli' arzi'wlar menen jasasa, wol shi'n ma'nisinde wo'sip-u'lkeyip, jetilisip, pazi'yleti arti'p bara beredi. Kimnin' pazi'yleti arti'p, jaqsi'li'g'i'na jaqsi'li'q qosi'li'p barsa, wol wo'zi de sezbegen halda ka'millikke jaqi'nlasadi', jetilisedi.

Kerisinshe, kim de kim hesh na'rseni a'rman yetpese, wo'zi menen maqtani'p, basqalardi' ta'n almastan, bilimin, ta'jiriybesin asi'rmasa, alg'a qaray umti'lmasa, wo'siwden, rawajlani'wdan toqtaydi'. Barg'an sayi'n salpawsi'p, zamannan keyinde qali'p kete beredi. Pazi'ylet worni'na nuqsanlari' ko'beyip baradi'. Bul — woni'n' jetik yemesligin, yag'ni'y kemshilikli ha'm nuqsanli' adam yekenin ko'rsetedi.

A'liysher Nawayi' babami'z usi'ni' na'zerde tuti'p, bi'lay dep jazg'an:

Nadan adam wo'zin jetikke sanar,<br>Ka'mil adam kemshiligin ta'n alar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Yag'ni'y, kim wo'zin ka'mil, jetik dese, negizinde wol jetik yemes, nadan adam. Kim wo'z nuqsanlari'n bilip, ta'n ali'p, wolardi' du'zetip barsa, wol ka'millikke yerisedi.

Ulli'li'q a'piwayli'qta bolg'ani' si'yaqli', ka'millik te, yen' aldi' menen, insanni'n' kishipeyillik, miynet su'ygishlik, watanpa'rwarli'q, mehir-aqi'betlilik si'yaqli' a'piwayi' ha'm ku'ndelikli pazi'yletlerinde ko'rinedi.

Ma'selen, miynet arqali' insan basqalarg'a materialli'q jaqtan bag'i'ni'shli' bolmastan, yerkin ha'm g'a'rezsiz jasaw imkaniyati'na iye boladi'. Bunday adamni'n' qa'lbi, sezim-tuyg'i'lari', sana-sezimi, woy-pikiri a'dewir jetik boladi'. Wol a'tirapi'nda ju'z berip ati'rg'an waqi'ya-ha'diyselerge wo'zinin' biyg'a'rez pikiri negizinde baha beredi. Turmi'stan mudami' zawi'qlani'p jasaydi'. Bulardi'n' barli'g'i' bolsa ka'milliktin' a'hmiyetli belgileri boli'p yesaplanadi'.

Ata-babalari'mi'z «Miynettin' nani' hadal», «Miynet tu'bi ra'ha't» degen naqi'llardi' basshi'li'qqa ali'p jasag'an. Sebebi miynet insandi' insan qi'latug'i'n, woni' jetilistiretug'i'n biybaha bayli'q boli'p yesaplanadi'. Miynet arqasi'nda adamzatqa Allataala ta'repinen bag'i'sh yetilgen til ha'm woy-pikir, tuyg'i' ha'm tu'sinikler jetilisip baradi'. Miynet tiykari'nda tek g'ana adam yemes, al a'lem de jetilisedi.

**Insan ba'rkamal boli'wi' ushi'n yen' aldi' menen woni'n' wo'zi de, xalqi' da, Watani' da azat ha'm yerkin boli'wi' lazi'm. Sebebi, azat ha'm yerkin insan g'ana g'a'rezsiz ha'reket yete aladi', wo'zinin' fizikali'q ha'm ruwxi'y mu'mkinshiliklerin toli'q ju'zege shi'g'ari'w imkaniyati'na iye boladi'.**

Ma'mleketimiz g'a'rezsizlikke yeriskennen keyin xalqi'mi'zdi'n' ka'millik joli'ndag'i' umti'li'slari'n a'melge asi'ri'w ushi'n ken' imkaniyatlar tuwi'ldi'. Bu'gingi ku'nde Watani'mi'zda salamat ha'm ba'rkamal a'wladti' ta'rbiyalap shi'g'ari'w maqsetinde islenip ati'rg'an ko'pten-ko'p isler mine usi'dan derek beredi.

Aldi'n'g'i' sabaqlari'mi'zdan bilip alg'ani'n'i'zday, biz yelimizde huquqi'y demokratiyali'q ma'mleket, puqarali'q ja'miyetin quri'p ati'rmi'z. Bunday ja'miyette ma'mleketti basqari'w, ma'mleket ko'leminde qararlar qabi'l yetiw, ilajlar wo'tkeriw isleri a'piwayi' adamlardi'n' baslamasi' ha'm umti'li'slari' arqali'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

 

a'melge asi'ri'ladi'. Demek, bunday ja'miyet puqaralari' ha'r ta'repleme jetik boli'wi' za'ru'r. Usi' ko'z qarastan alg'anda, ma'mleketimizde ba'rkamal a'wladti' ta'rbiyalap shi'g'ari'wg'a ayi'ri'qsha a'hmiyet berilip ati'rg'ani' bizin' yerkin puqarali'q ja'miyetin quri'w joli'ndag'i' umti'li'slari'mi'zg'a ha'r ta'repleme sa'ykes ha'm uyg'i'n boli'p yesaplanadi'. Sebebi ba'rkamal insanlar jasaytug'i'n ja'miyette g'ana ti'ni'shli'q-tati'wli'q, awi'zbirshilik, a'dillik ha'm ag'arti'wshi'li'q basli' wori'nda turadi'.

Ka'millikke birden yerisip bolmaydi'. Ba'rkamal insan boli'w ushi'n adam wo'z aldi'na iygilikli maqsetler qoyi'p, bir wo'mirge usi' jolg'a umti'li'p jasawi' lazi'm.Wol islegen isleri, aldi'nda turg'an minneti ha'm wazi'ypasi'n ha'r ku'ni talqi'lap, wolardan za'ru'r juwmaqlar shi'g'ari'p, kemshiliklerin du'zetiwge, jaqsi' qa'siyetlerin asi'ri'wg'a ha'reket yetiwi kerek. Bul process bir ku'n de toqtamawi' za'ru'r. Yag'ni'y, insan wo'z aldi'na qoyg'an maqset joli'nan sheginbewi lazi'm.

*A'ziz woqi'wshi'! Bul quslardan qaysi' biri ma'nzilge qarap umti'lmaqta? Wolardi'n' qaysi'si' ma'nzilge jetedi ha'm ne ushi'n?*

Belgili bolg'ani'nday, balali'q payti'nda kimdur ushi'wshi' bolg'i'si', kimdur ali'm boli'p, jan'ali'qlar ashqi'si', ja'ne birew ko'rkem wo'nerge umti'li'p, jaqsi' qosi'qlar aytqi'si keledi. Biraq a'rman a'rmanli'g'i'nsha qali'p ketpewi kerek. Arzi'w-a'rman maqsetke aylani'wi' darkar.

*A'rman insanni'n' qa'lewin ha'm niyetlerin ko'rsetetug'i'n tu'sinik, qi'yali'y na'rse. Maqset bolsa wori'nlani'wi', a'melge asi'ri'li'wi' talap yetiletug'i'n niyet boli'p tabi'ladi'. Maqset joli'nda ti'ni'msi'z woqi'p-u'yreniw, miynet yetiw, alg'a qaray umti'li'w za'ru'r.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Adam belgili bir ka'sipti iyelewge umti'lar yeken, usi'layi'nsha kewlindegi a'rmani'n maqsetke aylanadi'radi'. Bunday umti'li's arqali' wol tek maqsetke jaqi'nlasi'p g'ana qoymastan, usi' jolg'a tu'skeni sebepli wo'zin da yel-jurtqa paydasi' tiyetug'i'n insan si'pati'nda ta'rbiyalap baradi'. Bul process toqtamasa, u'zliksiz dawam yetse, insan bir ku'n kelip wo'z tarawi'ni'n' yen' sheber ustasi'na aylanadi'.Woni'n' ka'sip sheberligi ha'm talanti'na ha'mme ta'n beredi, miynetinen ko'pshilikke payda keledi. Usi'ni'n' wo'zi, yag'ni'y qanday da bir ka'sip-wo'ner yaki ilim tarawi'ni'n' ustasi' boli'w da ka'milliktin' belgisi boli'p yesaplanadi'. Bilimi ha'm miyneti, siyrek ushi'rasatug'i'n talanti' menen yel-jurtqa xi'zmet yetken insanlardi' uli'g'lap, wolar menen maqtani'wi'mi'zdi'n' sebebi de sonda.**

Ha'r bir insanni'n' qa'lbinde ka'millik tuyg'i'si' boladi'. Ma'selen, bala da woyi'nshi'qlar arasi'nan yen' shi'rayli' ha'm jaqsi'si'n ali'p woynag'i'si' keledi. Adamzat mine usi' tuyg'i'ni' bir wo'mirge ta'rbiyalap, jetilistirip bari'wi' lazi'm. Bunda, a'lbette, wol jasaytug'i'n wortali'q, a'tiraptag'i' adamlar ayi'ri'qsha wori'n tutadi'. Ka'millik tuyg'i'si' go'zzalli'q, iygilik, a'dalat, insap, diyanat, haqi'yqat tuyg'i'lari' menen bir qatarda turadi', wolar menen birge, bir pu'tin halda rawajlanadi'.

Ka'mil insan ideyasi' islam filosofiyasi'nan azi'qlani'p, xalqi'mi'z woy-pikirinde ja'ne de ken'irek ma'ni-mazmung'a iye bolg'an. Bul ideya A'biw Nasi'r Farabiy, A'liysher Nawayi' si'yaqli' dani'shpan babalari'mi'z shi'g'armalari'nda teren' sa'wlelendirilgen.

Juwmaqlap aytqanda, ka'millik insanni'n' a'zeliy a'rmani' boli'p, woni' a'melge asi'ri'w ushi'n belgili bir ja'miyetlik sharayat za'ru'r. Ma'mleketimiz g'a'rezsizlikke yeriskennen son' biz usi'nday imkaniyatqa iye boldi'q.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. Insan ne ushi'n shi'rayli' kiyinip, a'depli boli'p ju'riwge umti'ladi'?
2. Siz jaqsi' na'rseni jaman na'rseden qalay aji'ratasi'z?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3. Wo'zin'izdin' kemshiliklerin'izdi bilesiz be? Wolardi' du'zetiwge ha'reket yetesiz be?
4. Doslari'n'i'z kemshiliklerin'izdi aytsa, qapa bolmaysi'z ba?
5. Siz, yen' aldi' menen, kimdi ka'mil insan dep yesaplaysi'z?
6. Suwretlerge qarap, jetiklikke yerisiw jollari' tuwrali' ayti'p berin'.

A)


C)


B)


D)


7. Balalar ne ushi'n quwi'rshaqlardi'n' jaqsi'si'n tan'lawg'a umti'ladi'?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## JA’MIYETLIK BIRGE ISLESIW

Itibar bergen bolsan’i’z, bizdi qorshap turg’an du’nya ja’n-jaqlama ko’p tu’rli ha’m ra’n’ba’ren’. Ha’mme jerdin’ wo’zine ta’n ta’biyati’ ha’m i’qli’mi’ bar. Tap soni’n’day, adamlar ha’m xali’qlar da ra’n’ba’ren’ ha’m ha’r tu’rli. Du’nyada ha’r tu’rli taypa, millet ha’m yelatqa, til ha’m dinge tiyisli adamlar jasaydi’. Ha’tte bir millet yaki bir xali’qqa tiyisli adamlar da du’nyag’a ko’z-qarasi’, minez-qulqi’, insani’y qa’siyetleri ha’m ma’plerine ko’re bir-birinen parqlanadi’.

Bul tuwrali’ Prezidentimiz to’mendegi pikirleri menen toli’q tu’sindirip bergen:

**«Allataalani’n’ wo’zi insandi’ du’nyag’a keltirer yeken, woni’ tu’rli ko’riniste, tek g’ana ju’zi-ko’zi yemes, al minez-qulqi’n da bir-birine uqsamaytug’i’n yetip jaratqan. Jer ju’zinde qansha insan jasaytug’i’n bolsa, barmag’i’ni’n’ izi de, ishki du’nyasi’ da bir qi’yli’ bolg’an yeki adamdi’ tabi’w, ushi’rati’w qi’yi’n. A’lbette, bul insanlardi’n’ pikirlew ha’m jasaw ta’rizi de bir-birinen parqlanadi’»[1].**

Bizin’ ma’mleketimizde de tu’rli taypa, millet ha’m yelat, din wa’killeri jasaydi’. Ha’r bir taypa, ha’r bir topardi’n’ wo’zine ta’n maqset-mu’dda’hasi’, ma’pleri, u’mit-isenimi bar. Sonday-aq, mine usi’ ha’r tu’rli adamlardi’ birden-bir ma’mleket xalqi’, birden-bir ja’miyet ag’zalari’ si’pati’nda birlestirip turatug’i’n uluwma milliy maqset-mu’dda’halar, ma’pler de bar. Bul — milleti, tili, dini ha’m qaysi’ socialli’q toparg’a tiyisliligine qaramastan, barli’q o’zbekistanli’lar ushi’n birden-bir, jalg’i’z Watan bolg’an muqa’ddes jurti’mi’zdi’n’ rawajlani’wi’, ti’ni’shli’g’i’ ha’m paraxatshi’li’g’i’ boli’p yesaplanadi’. Ma’mleketimizdin’ ha’mme

[1] **Islam Karimov.** Joqari’ ma’nawiyat — jen’ilmes ku’sh. —T.: «Ma’nawiyat» baspasi’, 2008-ji’l, 23-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

puqaralari' mine usi' joqari' maqset joli'nda qoldi' qolg'a berip, awi'zbirshilik penen ha'reket yetedi, tosqi'nli'qlar menen qi'yi'nshi'li'qlardi' birgelikte jen'ip, yerisken tabi'slari' menen birgelikte quwanadi'. Ja'miyetlik birge islesiw ideyasi' mine usi' birlikti ku'sheytiwge, uliwma maqset joli'nda birden-bir xali'q boli'p alg'a qaray umti'li'wg'a xi'zmet yetedi.

*Ja'miyetlik birge islesiw qanday da bir jumi'sti', wazi'ypani' ko'pshilik boli'p wori'nlawdi', yag'ni'y birgelikte ha'reket yetiwdi bildiredi.*

Ja'miyetlik birge islesiw ideyasi' jurti'mi'zdag'i' ha'r bir insan wo'zin ma'mleketimiz puqarasi', woni'n' aymag'i'nda jasaytug'i'n ulli' xali'qti'n' wa'kili dep seziwine qarati'lg'ani' menen wog'ada a'hmiyetli. Watanlaslari'mi'zdi'n' wo'z-ara awi'zbirshilikli boli'p, bir-birin qa'dirlewi, Watani'mi'z ma'plerine qarsi' isti wo'z ma'pine qarsi' dep biliwi ja'miyetimizdegi uluwma milliy birlikti ja'ne de bekkemleydi.

Ja'miyetlik birge islesiw ha'r qanday ja'miyet ushi'n turmi'sli'q za'ru'rlik boli'p yesaplanadi'. Sebebi usi'nday birge islesiw bolmasa, jurtta ti'ni'shli'q ha'm paraxatshi'li'q, wo'z-ara awi'zbirshilik, tati'wli'q bolmaydi'. Bunday qa'diriyatlar turaqli' bolmag'an ma'mleket bolsa hesh qashan rawajlanbaydi'.

Ja'miyetlik birge islesiwdin' kerisi – wo'z-ara ala-awi'zli'q, qarama-qarsi'li'q, daw-ja'njel ha'm wo'shpenlilik boli'p yesaplanadi'. Sebebi ja'miyetlik birge islesiw bolmag'an jerde biybastaqli'q, ta'rtipsizlik, ja'njel-topalan' hu'kim su'redi. Bir ku'n ja'njel shi'qqan jerden bolsa, aldi'n'g'i' sabaqlari'mi'zdan birinde atap wo'tilgenindey, qi'ri'q ku'n qut-bereket ko'teriledi. Bug'an tariyxtan da, bu'gingi ku'nimizden de ko'plep mi'sallar keltiriw mu'mkin. Ma'selen, Sahi'pqi'ran Amir Temur qayti's bolg'annan son' temuriy shaxzadalar arasi'nda ja'miyetlik birge islesiw, awi'zbirshilik bolmag'ani' ushi'n u'lken saltanat tu'rli xanli'qlarg'a bo'linip ketti. Buni'n' aqi'betinde jurtta ti'ni'shli'q buzi'ldi', i'di'rawshi'li'q ju'z berdi', wo'z-ara gu'resler ha'wij aldi', turmi's izden shi'qti'.

**«Bul wo'mirdin' reyimsiz bir ni'zamli'li'g'i' bar. Yag'ni'y, tariyxti'n' quramali' ha'm sheshiwshi buri'li's basqi'shi'nda ha'r qanday millet ha'm xali'q wo'zinin' awi'zbirshiligin saqlap, wo'zinin' milliy ma'pleri joli'nda qatan' tu'rde tur-**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**masa, juwapkershilik ha'm sergekligin jog'altatug'i'n bolsa, aqi'r son'i'nda wo'zinin' yen' u'lken, ten'siz bayli'g'i' bolg'an g'a'rezsizligi ha'm azatli'g'i'nan ayi'ri'li'wi'na gu'man joq»[1].**

Demek, g'a'rezsiz ha'm yerkin turmi'sti' saqlawdi'n' yen' a'hmiyetli sha'rtlerinen biri – ja'miyette ja'miyetlik birge islesiw, wo'z-ara hu'rmet ha'm miyrim-sha'pa'a't wortali'g'i'n mudami' qa'dirlep, bekkemlep bari'wdan ibarat.

Adamlar menen birge islesip jasaw ku'ndelikli turmi'sta ha'r ku'ni kerek boladi'. Ma'selen, siz ayi'ri'm pa'nler boyi'nsha berilgen tapsi'rmani' yen' jaqi'n doslari'n'i'z benen birgelikte tayarlaysi'z. Bul da wo'zine ta'n birge islesiw. Yaki kishi ka'rxana ashi'p, biznes penen shug'i'llanbaqshi' bolg'an isbilermen wo'zinin' qarji'si' jeterli bolmasa ne qi'ladi'? Ma'mleketten kredit, yag'ni'y qari'z aladi' yaki wo'zine usag'an basqa isbilermen menen birge wortag'a qarji' qoyi'p, is ju'rgizedi. Bul da isbilermenlik boli'p yesaplanadi'.

*Diyxan bag'i'nda mol wo'nim jetistirdi. Biraq bul wo'nimdi qayta islep, wonnan sherbet ha'm murabba tayarlaw ushi'n woni'n' ka'rxanasi' joq. Qa'ne, ayti'n'shi', bunday jag'dayda diyxan ne qi'ladi'?*

Tu'rli taypa, millet ha'm xali'q wa'killeri arasi'nda awi'zbirshilik joqli'g'i' sebepli du'nyani'n' bazi' bir u'lkelerinde ti'ni'shsi'zli'q, uri's ha'm ja'njeller ha'wij almaqta, qanshadan qansha biygu'na adamlar nabi't boli'p, xali'qti'n' turmi's da'rejesi keskin pa'seyip barmaqta.



Ja'miyetlik birge islesiw bekkemlengen jerde qanday joqari' rawajlani'wg'a yerisiw mu'mkinligin Yaponiya ja'miyeti mi'sali'nda ko'riw mu'mkin. Bul ma'mleket puqaralari', tili, dini, milleti ha'm socialli'q shi'g'i'si'na qaramastan, Yaponiyani'n' uluwma ma'pleri

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. –T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 51-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

joli'nda birlesedi, wo'zlerin birden-bir xali'q wa'killeri dep biledi. Ja'miyettin' rawajlani'wi' joli'ndag'i' ha'r qanday mashqala birgelikte, awi'zbirshilik penen, ma'mleket xalqi'ni'n' uluwma ma'pleri paydasi'na sheshiledi. Buni' Yekinshi ja'ha'n uri'si'nan keyin yapon xalqi'ni'n' ja'ne de birlesip, ju'da' awi'r awhalg'a tu'sip qalg'an ma'mleketti du'nyadag'i' yen' rawajlang'an ma'mleketler qatari'na ali'p shi'qqani' mi'sali'nda da ayqi'n ko'riw mu'mkin.

Ja'miyetlik birge islesiw wortali'g'i'n payda yetiwde siyasiy jolbasshi'lar ayi'ri'qsha wori'n tutadi'.Wolar pidayi'li'q ha'm watanpa'rwarli'q u'lgisin ko'rsetip, tu'rli ko'z-qaraslardag'i' toparlar ha'm taypalardi' birlestiredi, uluwma maqsetler joli'nda birge islesiwge shaqi'radi'. Wo'tken a'sirdin' 90-ji'llari'nda Prezident Islam Karimov pu'tkil xali'qti' g'a'rezsizlik ideyasi' a'tirapi'nda birlestirip, bekkem ja'miyetlik birge islesiw wortali'g'i'n jaratti'. Mine usi' tiykarda yelimiz g'a'rezsizlikke yeristi.

Ma'mleketimiz basshi'si'ni'n' «O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda» kitabi'nda bul tuwrali' ko'plep turmi'sli'q mi'sallar, tariyxi'y da'liller keltirilgen.

A'yyemgi yerteklerimizde de adamlar birlikke, birge islesiwge shaqi'ri'lg'an. Siz o'zbek xali'q yertkelerinde dani'shpan ata wo'z ullari'na birewden sho'p berip, qa'ne si'ndi'ri'n', degende, wolar sho'pti biyma'lel si'ndi'rg'ani'n jaqsi' bilesiz. Biraq ata sho'plerdin' ha'mmesin ji'ynap, buwi'p, qa'ne, yendi si'ndi'ri'p ko'rin'lershi, degenin de yeslesin'iz kerek. Sho'pler toplani'p, buwi'lg'anda wolardi' si'ndi'ri'w qi'yi'n boladi'. Ne ushi'n? Sebebi ku'shler birleskende wolardi' jen'iw mu'mkin yemes.

*Sahrada seksewiller, tu'rli wo'simlik ha'm putalar ne ushi'n jekke halda yemes, top-top boli'p, qali'n' boli'p wo'sedi?*

*Wolar bunday sharayatta samal ha'm boranlarg'a, suwsi'zli'qqa qalay shi'daydi'?*

Itibar berdin'iz be, uzaq saparg'a atlang'an quslar topar-topar boli'p ushadi'. Tawlardan, ten'izlerden, sho'liw-biyabanlardan wo'tip barati'rg'anda wolar bir-birine ma'det boladi'.

Ja'miyetlik birge islesiw ideyasi' da xali'qlardi', pu'tkil insaniyatti' mine usi'lay birlestirip, tu'rli qa'wip-qa'terlerdi jen'iwge, jaqsi'li'qqa qaray umti'li'wg'a shaqi'radi'.

Xalqi'mi'z a'zelden awi'zbirshilik penen tati'wli'qti', yag'ni'y, bu'gingi til menen aytqanda, ja'miyetlik birge islesiwdi qollap-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

quwatlap keledi. Ata-babalari'mi'z ja'miyetlik birge islesiwdin' tiykari'n shan'araqtan baslawg'a u'lken a'hmiyet bergen. Milliy qa'diriyatlari'mi'zda da wo'z-ara awi'zbirshilik uli'g'lanadi'. Ko'pshilik qatnasi'wi'nda wo'tetug'i'n toy-merekeler, ko'mekler, ma'ha'lleshilik, qon'si'-qobashi'li'q da'stu'rleri mine usi' maqsetke xi'zmet yetedi.

Soni'n' menen birge, Konstituciyami'z, ni'zamlari'mi'z, ma'mleketlik ha'm ma'mleketlik yemes sho'lkemler, wo'zin-wo'zi basqari'w organlari', ta'lim-ta'rbiya, ma'deniyat ma'kemeleri, tu'rli ilajlar ha'm a'njumanlar da ja'miyetlik birge islesiwdi wornati'wda u'lken wori'n iyeleydi.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar:*

1. Ja'miyetlik birge islesiw ideyasi' qanday iygilikli maqsetke xi'zmet yetedi?
2. «Birlesken wozar, birlespegen tozar» degen naqi'ldi'n' ma'nisin tu'sindirip beriwge ha'reket yetin'. Usi' mazmundag'i' ja'ne qanday naqi'llardi' bilesiz?
3. Bu'gingi ku'nde ja'miyetlik birge islesiw tiykari'nda rawajlang'an ma'mleketlerden qaysi'lari'n bilesiz?
4. Xalqi'mi'z wo'z-ara tati'wli'q, awi'zbirshilik ha'm birge islesiwdi qalay qa'dirlewin mi'sallar tiykari'nda tu'sindirin'.
5. Siz u'yde, mektepte kimler menen, qaysi' jumi'slardi' wori'nlawda birgelikte ha'reket yetesiz?
6. Ja'miyetlik birge islesiw ha'r qanday ja'miyet ushi'n turmi'sli'q za'ru'rlik yekenin mi'sallar menen tu'sindirin'.
7. Usi' su'wretlerge qarap, tati'wli'q ha'm awi'zbirshiliktin' a'hmiyeti haqqi'nda ayti'p berin'.

A)


C)


B)


D)




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MILLETLER ARALI’Q TATI’WLI’Q

A’ziz woqi’wshi’! Bizin’ Watani’mi’z — O’zbekistani’mi’z ko’p milletli ma’mleket. Jurti’mi’zda o’zbekler menen birge ju’zden aslam millet ha’m xali’q wa’killeri ti’ni’sh-tati’w jasaydi’.

*Milletler arali’q tati’wli’q — uluwma insani’y qa’diriyat. Wol bir ja’miyette jasap, birden-bir maqset joli’nda miynet yetip ati’rg’an tu’rli millet ha’m xali’q wa’killerinin’ tati’wli’g’i’n bekkemleydi, ti’ni’shli’q ha’m turaqli’li’qti’n’, rawajlani’wdi’n’ a’hmiyetli faktori’ boli’p xi’zmet yetedi.*

Bul du’nyadag’i’ ha’r bir millet — Jaratqanni’n’ ulli’ ka’ramati’. Sebebi ha’r bir millet pu’tkil adamzatqa ta’n ju’da’ a’jayi’p pazi’yletlerdi wo’z tili, da’stu’r ha’m qa’diriyatlari’, biyta’kirar turmi’s ta’rizi arqali’ go’zzal bir formada ko’rsetedi. Bir millet wa’kili basqa millettin’ turmi’si’, turmi’s ta’rizi menen tani’sar yeken, wo’zi ushi’n jan’a bilim ha’m juwmaqlar aladi’, ta’jiriybe artti’radi’.

**Millet ha’m xali’qlardi’n’ ko’pligi ha’m ha’r tu’rliligi insang’a wo’zligin an’law, milliy ha’m uluwma insani’y qa’diriyatlardi’n’ insan wo’mirindegi worni’ ha’m a’hmiyetin tu’sinip jetiw imkani’n beredi.**

Belgili bolg’ani’nday, barli’q insanlardi’n’ a’yyemgi tami’rlari’ uluwma ha’m uqsas. Du’nyadag’i’ tu’rli milletlerdin’ tili, turmi’s salti’ ha’m u’rp-a’detleri bir-birinen parq qi’lsa da, wolardi’n’ arzi’w-umti’li’slari’, materialli’q ha’m ruwxi’y talaplari’, wo’mir filosofiyasi’ bir-birine jaqi’n. Barli’q millet wa’killeri azat ha’m yerkin jasawdi’, shan’araq quri’p, perzent wo’sirip, wo’zinen mu’na’sip zu’ryad qaldi’ri’wdi’, nama-qosi’qlar ji’rlap, wo’mirden zawi’qlani’wdi’, baxi’tli’ boli’wdi’ qa’leydi. Barli’q millet wa’killeri jaqsi’li’qti’ qa’dirlep, jawi’zli’qti’ qaralaydi’. Tariyxi’y mi’sallar da buni’ ayqi’n tasti’yi’qlaydi’. Ma’selen, wo’tken a’sirde fashizm



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

du'nya xali'qlari' turmi'si'na qa'wip salg'anda pu'tkil insaniyat wog'an qarsi' gu'reske atlang'an yedi.

Yaki 2011-ji'ldi'n' mart ayi'nda Yaponiyada qatti' jer silkiniw aqi'betinde qala ha'm awi'llar wayran, mi'n'-mi'n'lap adamlar nabi't boli'p, bul jurt awi'r awhalg'a tu'sip qalg'anda ja'ha'ndegi ha'mme ma'mleket ha'm millet wa'killeri bul apatli' ku'nlerde yapon xalqi' menen birge boli'p, wonnan biyg'a'rez ja'rdemin ayag'an joq.

Bizin' milliy ideyami'z xalqi'mi'zdi'n' arzi'w-umti'li'slari'n haqi'yqi'y sa'wlelendirgeni ushi'n wog'an ha'r qanday milletshillik, basqa yelat ha'm xali'qlardi' mensinbewshilik pu'tkilley jat qubi'li's. Sebebi, xalqi'mi'z a'zelden dosli'q, joldasli'q ideyalari'n uli'g'lap, basqa millet wa'killeri menen ti'ni'shli'q, birge islesiw, awi'zbirshilik, miyrim-sha'pa'a't tiykari'nda jasaydi', wolar menen qi'z ali'p qi'z berisedi, toyda da, azada da birge boladi', hesh qashan birewge jamanli'q tilemeydi.

Yel-jurti'mi'z a'tiraptag'i', du'nyani'n' ali's aymaqlari'ndag'i' xali'qlar menen de a'yyemgi da'wirlerden baslap birge islesiwge umti'li'p kelgen. Sahi'pqi'ran Amir Temur babami'zdi'n' Franciya koroli menen xat arqali' pikir almasqani', Evropani'n' basqa ma'mleketleri soni'n' ishinde Angliya koroli Genrix IV, Kastiliya ha'm Leon koroli Genrix III de Trastamalar menen diplomatiyali'q baylani'slar wornatqani' buni'n' ayqi'n da'lili.



Milletler arali'q tati'wli'q ideyasi' xalqi'mi'zdi'n' mine usi'nday insani'yli'q pazi'yletlerin ko'rsetedi ha'm keleshekte bul da'stu'rlerdi ja'ne de bayi'ti'w ha'm rawajlandi'ri'wdi' na'zerde tutadi'. G'a'rezsizlik ji'llari'nda O'zbekistan du'nyadag'i' barliq xali'qlar ha'm ma'mleketler menen dosli'q birge islesiw baylanislarin wornati'p, wolardi' mudami' bekkemlep kiyati'rg'ani' milletler araliq tati'wliqti' bekkemlewge mu'na'sip u'les boli'p qosi'lmaqta. Hazirgi ku'nde ma'mleketimiz du'nyani'n' tu'rli



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ma'mleketleri menen uzaq mu'ddetke mo'lsherlengen birge islesiw sha'rtnamalari' tiykari'nda wo'z-ara paydali' dosli'q baylani'slari'n rawajlandi'rip kelmekte.

Milletler arali'q tati'wli'qqa qa'wip sali'wshi' illet – bul milletshillik ha'm shovinizm boli'p yesaplanadi'. Bunday zi'yanli' ideyalar ta'sirine tu'sken ja'miyet apatqa ushi'raydi'. XX a'sirde du'nyani'n' ko'plep xali'qlari'n qulli'qqa sali'wg'a umti'lg'an fashizm ideyasi' bug'an mi'sal bola aladi'.

*Milletshillik bir milletti uli'g'lap, basqa milletlerdi kemsitiw, millet aji'rati'wdi' bildiredi.*

*Shovinizm – milletshilliktin' bir tu'ri boli'p, basqa milletlerdi mensinbew, wo'zin wolarg'a sali'sti'rg'anda joqari' qoyi'wg'a umti'li'w.*

*«Fashizm» italyansha so'z boli'p, topar, baylam degen ma'nislerdi an'latadi' ha'm g'alaba qi'rg'i'n ha'm zorli'q penen siyasat ju'rgizetug'i'n jawi'z ku'shlerge ayti'ladi'.*

Ha'zirgi ku'nde de tu'rli ideyali'q ha'm ideologiyali'q jollar menen qanday da bir xali'q yaki milletke ta'n u'rp-a'det, da'stu'r ha'm qa'diriyatlardi' kemsitiw, joq yetiwge qarati'lg'an qa'wipler sezilip turi'pti'. Bunday topi'li'slar ta'sirine tu'spew ushi'n mudami' sergek ha'm qi'rag'i' boli'w, ilimge, ag'arti'wshi'li'qqa su'yenip jasaw talap yetiledi. Bul tuwrali' pikir ju'rgizgende, Jurtbasshi'mi'zdi'n' to'mendegi pikirlerin ba'rqulla yeste tuti'wi'mi'z lazi'm:

**«Yeger a'skeriy, ekonomikali'q, siyasiy qi'si'm bolsa, buni' seziw, ko'riw, aldi'n ali'w mu'mkin, biraq ideologiyali'q qi'si'mdi', woni'n' ta'siri ha'm aqi'betlerin tezden bilip jetiw wog'ada qi'yi'n. Mine usi'nday jag'dayda adam wo'zinin' biyg'a'rez pikirine, zamanlar si'nag'i'nan wo'tken turmi'sli'q-milliy qa'diriyatlarg'a, salamat tiykarda qa'liplesken du'nyag'a ko'z-qaras ha'm bekkem yerk-i'qi'rarg'a iye bolmasa, ha'r tu'rli ma'nawiy qa'wiplerge, wolardi'n' ga' a'shkara, ga' qupi'ya ko'rinistegi ta'sirine shi'dam beriwi mu'shkil»[1].**

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 113-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Solay yetip, belgili bir ma'mleketke at bergen millet penen wonda jasaytug'i'n basqa yel-yelat wa'killeri arasi'ndag'i' tati'w-li'q ja'miyetlik rawajlani'wdi'n' yen' a'hmiyetli faktorlari'nan biri boli'p yesaplanadi'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar:*

1. Ana Watani'mi'z — O'zbekistan qanday ma'mleket?
2. «Bul a'ziz Watan — ha'mmemizdiki» ideyasi'ni'n' ma'nisin tu'sindiriwge ha'reket yetin'.
3. Milletler arali'q tati'wli'q ideyasi' nege uluwma insani'y qa'diriyat boli'p yesaplanadi'?
4. Ne ushi'n ha'r bir milletti Jaratqanni'n' ulli' ka'ramati', deymiz?
5. Du'nyadag'i' barli'q adamlar uluwma tami'rlarg'a iye, degende neni tu'sinesiz?
6. Xalqi'mi'zg'a ta'n dosli'q, awi'zbirshilik pazi'yletleri haqqi'nda tariyxi'y mi'sallar tiykari'nda ayti'p berin'.
7. Du'nyada milletler arali'q tati'wli'qqa qa'wip tuwdi'ratug'i'n illetler bar yekenligi tuwrali' ayti'p berin'.
8. Su'wretlerde ko'rsetilgen jag'daylar milletler arali'q dosli'q ha'm awi'zbirshilikti bekkemlewge qanday xi'zmet yetiwi haqqi'nda aytip berin'.

A)



C)



B)



D)





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DINLER ARALI'Q KEN'PEYILLIK

Insan wo'mirinde basqa qa'diriyatlar qatari'nda din ha'm diniy da'stu'rler de a'hmiyetli wori'n iyeleydi. Din a'zel-a'zelden insaniyat ushi'n za'ru'r bolg'an hadalli'q, pa'klik, insap ha'm diyanat si'yaqli' tu'siniklerdi wo'zinde sa'wlelendirip, adamlardi' wo'z-ara dos ha'm tati'w, mehir-miriwbetli boli'p jasawg'a shaqi'ri'p kelmekte. Ko'p g'ana milliy qa'diriyatlardi'n' jog'ali'p ketpesten jasap kiyati'rg'ani' da dinnin' mine usi' wo'zgesheliklerine baylani'sli'.

*«Din» arabsha so'z boli'p, isenim degen ma'nisti bildiredi. Din – ilahiy ku'shlerge isenim negizinde qa'liplesken tu'sinik, pikir ha'm qag'i'ydalar sistemasi' boli'p yesaplanadi'.*

Prezidentimiz dinnin' ma'ni-mazmuni'n to'mendegishe ta'riplep bergen: **«Din a'zelden insan ruwxi'y du'nyasi'ni'n' quram bo'legi si'pati'nda adamzatti'n' joqari' ideallari', haq ha'm haqi'yqat, insap ha'm a'dalat haqqi'ndag'i' arzi'w-a'rmanlari'n wo'zinde ja'mlegen, wolardi' turaqli' qag'i'ydalar tu'rinde bekkemlep kiyati'rg'an ideya ha'm ko'z-qaraslardi'n' tutas bir sistemasi' boli'p yesaplanadi'»[1].**

Du'nyadag'i' barli'q dinler jaqsi'li'q ideyalari'na tiykarlanadi'.Wolar adamlardi' tuwri'li'qqa, miyrim-sha'pa'a'tlikke ha'm ken'peyillikke, birewge azar bermewge, jaman islerden ti'yi'li'wg'a, na'psinin' quli'na aylani'p, adaspawg'a shaqi'radi'. Diniy ken'peyillik ideyasi' ha'mme dinlerge ta'n mine usi' uluwma principlerdi an'lag'an halda, wolar arasi'nda birge islesiw wornati'wg'a xi'zmet yetedi. Barli'q din wa'killerin, wolar atqaratug'i'n diniy saltlar ha'm a'mellerdi hu'rmet yetiw, wolardi'n' ku'sh ha'm imkaniyatlari'n ma'mleket, ja'miyet, pu'tkil insaniyatti'n' iygilikli maqsetlerine xi'zmet yettiriwde a'hmiyetli wori'n tutadi'.

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 36-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Dinler arali'q ken'peyillik dep, tu'rli din wa'killerinin' wo'z-ara hu'rmet tiykari'nda, iygilikli ideya ha'm haq niyetler joli'nda birlesip ha'm awi'zbirshilik penen jasawi'na ayti'ladi'.*

Bu'gingi ku'nde dinler arali'q ken'peyillikke yerisiw ushi'n wolar arasi'nda ma'deniy qatnaslar, a'meliy birge islesiw baylani'slari' jolg'a qoyi'lmaqta. A'sirese, keyingi a'sirde insaniyat basi'na tu'sken qa'wipler – yadro uri'si' qa'wpi, ekologiyali'q apatlar, terrorshi'li'q ha'm diniy ekstremizm si'yaqli' qa'wip-qa'terler dinlerdi jaqsi'li'q, barli'q insanlar ushi'n jalg'i'z bolg'an planetami'zdi' saqlap qali'w joli'nda birlesiw ha'm birge islesiwge shaqi'rmaqta.

Barli'q dinlerdin' mazmuni' jaqsi'li'q, Jaratqang'a ha'm woni'n' qu'diretine isenim, miyrim-sha'pa'a't kibi tu'siniklerden ibarat bolg'ani' ushi'n a'yne usi' tu'sinikler tu'rli din wa'killerin wo'z-ara baylani'sqa, birge islesiwge shaqi'ratug'i'n uluwma tiykar boli'p xi'zmet yetedi.

Ti'ni'shli'q ha'm turaqli'li'qti'n' a'hmiyetli sha'rti bolg'an dinler arali'q ken'peyillik ideyasi' bu'gingi ku'nde tek dindarlar yemes, al pu'tkil ja'miyet ag'zalari'ni'n' birge islesiwin de na'zer-de tutadi', awi'zbirshilikke yerisiwdin' a'hmiyetli faktorlari'nan biri boli'p yesaplanadi'.

Bizin' ma'mleketimiz aymag'i'nda a'yyem zamanlardan baslap-aq islam, nasraniylik (xristianli'q), iudaizm, buddizm kibi dinler wo'z-ara awi'zbirshilikte jasap kelgen. Soni'n' ushi'n a'sirler dawami'nda iri qalalari'mi'zda musi'lmanlar meshiti, nasraniyler shirkewi, buddistler ibadarxanasi' qatara turi'p is ju'rgizgen. Sebebi a'yyemde Ulli' jipek joli' bizin' iri qalalari'mi'z arqali' wo'tken. Soni'n' ushi'n da tu'rli din wa'killeri jurti'mi'zg'a kelip, bul jerde turaqli' jasap qalg'an.Wolardi'n' wo'z diniy isenimine yerkin a'mel yetip, u'rp-a'detlerin wori'nlawi'na hesh kim kesent yetpegen. Yelimizde tariyxti'n' yen' qi'yi'n da'wirlerinde de diniy tiykardag'i' daw-ja'njeller bolmag'an.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



A’yyemgi qalalari’mi’zdan tabi’lg’an yeski buyi’mlar, yestelikler buni’ ayqi’n da’lilleydi.

Diniy ken’peyillik tarawi’nda usi’nday da’stu’rler bu’gingi ku’nge shekem dawam yetpekte. Wolardi’n’ barli’g’i’ yel-jurti’mi’z dinler arali’q ken’peyillik boyi’nsha bay ta’jiriybege iye yekeninen derek beredi.

Xalqi’mi’z wo’zinin’ ken’peyillik pazi’yletleri menen, qaysi’ millet yaki dinge tiyisliligine qaramastan, insanni’n’ hu’rmetin worni’na qoyg’an, ja’rdemge mu’ta’j tu’rli xali’q ha’m millet wa’killerinen mehir-miriwbetin de, materialli’q bayli’qlari’n da ayamag’an. Bug’an tariyxtan ko’plep mi’sallar keltiriw mu’mkin. A’sirese, 1939-ji’ldan baslani’p, 1945-ji’lg’a shekem dawam yetken Yekinshi ja’ha’n uri’si’ waqti’nda xalqi’mi’zdi’n’ joqari’ insani’y pazi’yletleri ja’ne bir ma’rte si’naqtan wo’tedi. Buri’ng’i’ SSSRdi’n’ bati’s u’lkelerindegi iri-iri qalalar menen awi’llar, aymaqlar pu’tkilley uri’s woti’ asti’nda qali’p ketedi.Wol jerlerde jasap ati’rg’an ti’ni’sh xali’q wa’killeri — balalar, hayallar, kekseler tezlik penen uri’s jali’ni’ jetip barmag’an ti’ni’sh u’lkelerge ko’shiriledi. Soni’n’ ishinde, bizin’ jurti’mi’zg’a da millionlap ash-a’ptada, baspanasi’z, qarawsi’z adamlar a’kelinedi. Xalqi’mi’z sol awi’r da’wirde tapqan barli’-joqli’ bayli’g’i’n frontqa jiberip, qi’yi’n awhalda jasap ati’rg’ani’na qaramastan, tu’rli millet ha’m din wa’killerinen ibarat mine usi’ adamlardi’ wo’z bawi’ri’na aladi’.Wolarg’a kiyim-kenshek, baspana beredi, wo’z nani’n wolar menen bo’lisip jeydi. Bul haqi’yqi’y insanpa’rwarli’q, ken’peyillik ha’m mehir-miriwbet u’lgisi yedi. Biz yel-jurti’mi’zdi’n’ bunday pazi’yletleri menen ha’r qansha maqtansaq arzi’ydi’.

Xalqi’mi’zdi’n’ mine usi’nday joqari’ pazi’yletleri ma’mleketimiz gimninde de ayi’ri’qsha atap wo’tilgen:

*Kewli ken’ o’zbektin’ wo’shpes iymani’ —*
*Yerkin, jas a’wladlar sag’an zor qanat.*
*Istiqlal gu’lxani’, ti’ni’shli’q pasbani’,*
*Haqsu’yer ana jurt, ma’n’gi bol abat.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bu’gingi ku’nde ma’mleketimizde barli’q diniy konfessiyalar is ju’rgiziwi ushi’n jeterli sharayatlar jarati’lg’an. Bul boyi’nsha huquqi’y tiykarlar O’zbekistan Konstituciyasi’nda, «Hu’jdan yerkinligi ha’m diniy sho’lkemler haqqi’nda»g’i’ ni’zamda belgilep berilgen. Yelimizde wonnan aslam konfessiyalarg’a tiyisli diniy sho’lkemler bar.

Ma’mleketimizde tu’rli millet ha’m din wa’killerinin’ u’rp-a’det ha’m da’stu’rlerin rawajlandi’ri’w ushi’n qolay sharayatlar jarati’lg’ani’, dinnin’ hasli’ mazmuni’n tu’siniwge ja’rdem beretug’i’n bilimlendiriw, ag’arti’wshi’li’q woraylari’, ma’limleme dereklerinin’ ko’beyip barati’rg’ani’ da dinler arali’q ken’peyilliktin’ ku’sheyiwine tiykar bolmaqta.

Juwmaqlap aytqanda, dinler arali’q ken’peyillik ideyasi’ insaniyatti’n’ ag’arti’wshi’li’q tiykari’nda, wo’z-ara birlesip rawajlani’w za’ru’rliginen kelip shi’qqan boli’p, wol iygilik joli’ndag’i’ birge islesiw barli’q din wa’killerinin’ ma’plerine sa’ykes yekenin an’lawg’a ha’m usi’ tiykarda ha’reket yetiwge shaqi’radi’.

A’ziz woqi’wshi’! Mine, milliy ideyami’zdi’n’ ti’g’i’z quram bo’limlerin quraytug’i’n a’hmiyetli tu’sinik ha’m principler menen de qi’sqasha tani’sti’q. Mi’nani’ yeste tuti’n’: milliy ideyami’zda ja’mlengen ulli’ maqsetlerdi ju’zege shi’g’ari’w yen’ aldi’ menen ja’miyetimiz ha’m usi’ ja’miyet ag’zasi’ bolg’an ha’r bir insanni’n’ mine usi’ maqsetlerdi teren’ tu’sinip, wolardi’ a’melge asi’ri’w joli’nda shi’n kewilden miynet yetiwi, woqi’wda ha’m jumi’sta belsendilik ko’rsetip jasawi’na baylani’sli’. Soni’n’ ushi’n milliy ideyami’zdi’n’ tiykarg’i’ tu’sinik ha’m principlerin tek biliw menen g’ana sheklenip qalmastan, wolardi’ a’melge asi’ri’w ushi’n u’les qosi’wg’a ha’reket yetin’. Sonda siz, a’lbette, ulli’ Watani’mi’zg’a mu’na’sip perzent boli’p yer jetesiz, go’zlegen iygilikli maqsetlerin’izge yerisesiz.

*Tolerantli’q — ken’peyillik so’zine ma’niles boli’p, shi’dam, shi’damli’li’q, taqat yetiw, ken’peyillik degen mazmunda qollani’ladi’.*

*Diniy konfessiya — belgili bir dinge iseniwshi adamlar ja’ma’a’ti.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar:*

1. Dinler a'yyemgi zamanlardan beri qanday ideyalardi' a'melge asi'ri'wg'a xi'zmet yetip kelmekte?
2. Prezidentimizdin' din haqqi'nda aytqan pikirleri tuwrali' ayti'p berin'.
3. Bu'gingi ku'nde dinler arali'q ken'peyillikti bekkemlew ushi'n qanday ilajlar a'melge asi'ri'lmaqta?
4. Ma'mleketimiz aymag'i'nda a'yyemnen birgelikte rawajlani'p kiyati'rg'an qanday dinlerdi bilesiz?
5. Su'wretlerge qarap, ken'peyillik pazi'yletleri haqqi'nda ayti'p berin'.

A)


C)


B)


D)




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# III bap MA'NAWIYATTI'N' A'HMIYETLI SHA'RTLERI

## JA'MA'A'T TUYG'I'SI'

Aldi'n'g'i' sabaqlari'mi'zda ayti'lg'ani'nday, milliy ideyami'z, ma'nawiyati'mi'z xalqi'mi'zdi'n' qa'lbin ha'm ruwxi'n, wog'an ta'n yen' a'hmiyetli qa'siyetlerdi de sa'wlelendiredi. Bul tuwrali' aytqanda, yel-jurti'mi'zdi'n' a'yyemgi zamanlardan baslap woti'ri'qli' turmi's keshirip, ja'ma'a'tshilik tiykari'nda wo'z-ara tati'w jasap kelgenin atap wo'tiwimiz lazi'm. Prezidentimiz Islam Karimov «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda turmi's salti'mi'zg'a sin'ip ketken usi'nday pazi'yletlerge ha'r ta'repleme toqtap wo'tip, xalqi'mi'z ne-ne zamanlar asa basi'p wo'tken qi'yi'n ha'm dan'qli' joldi' ani'q turmi'sli'q ko'rinisler arqali' su'wretlep beredi.

**«Belgili bolg'ani'nday, ha'r qanday xali'q yaki millettin' woy-pikiri, turmi's salti', ruwxi'y ko'z-qaraslari' wo'z-wo'zinen, bos jerde qa'liplesip qalmaydi'.Wolardi'n' payda boli'wi' ha'm rawajlani'wi'nda ani'q tariyxi'y, ta'biyiy ha'm socialli'q faktorlar tiykar boli'wi'n ha'mmemiz jaqsi' bilemiz. Ma'selen, Shi'g'i's du'nyasi'nda, soni'n' ishinde, wo'zimizdin' Worta Aziya sharayati'nda ja'ma'a't boli'p jasaw tuyg'i'si' wog'ada u'lken a'hmiyetke iye ha'm adamlardi' bir-birine jaqi'nlasti'ri'wg'a, bir-birin qollap-quwatlap turmi's keshiriwge tiykar jaratadi'. Usi' ma'niste, xalqi'mi'zdi'n' turmi's ha'm woy-pikir salti'na na'zer taslaytug'i'n bolsaq, basqalarg'a hesh usamaytug'i'n, mi'n' ji'llar dawami'nda qa'liplesken, tek wo'z-ara qatnas g'ana yemes, al turmi'si'mi'zdi'n' aji'ralmas bir bo'legi si'pati'nda ko'zge taslanatug'i'n bir qatar wo'zine ta'n wo'zgesheliklerdi ko'remiz»[1].**

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 7–8-betler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mi'sal ushi'n, ana tilimizdegi mehir-miriwbet, mehir-muhabbat, miyrim-sha'pa'a't, qa'dir-qi'mbat degen, bir-birin bayi'tatug'i'n ibaralar ko'birek bizin' xalqi'mi'z ushi'n jaqi'n ha'm tu'sinikli boli'p, wolardi' basqa tillerge awdari'wdi'n' wo'zi qi'yi'n. Sebebi, bul tu'sinikler yel-jurti'mi'zdi'n' turmi'si', tariyxi', milliy qa'diriyat ha'm da'stu'rleri menen birge qa'liplesip, woni'n' turmi's salti', du'nyag'a ko'z-qarasi'ni'n' aji'ralmas bo'legi boli'p qalg'an.

A'lbette, bul tu'sinikler qulaqqa jag'i'mli' boli'wi' ushi'n kimdur arnawli' woylap tapqan so'zler yemes. Wolar a'sirler dawami'nda xalqi'mi'z ma'nawiy turmi'si'ni'n' tiykari' si'pati'nda payda bolg'an, sana-sezimimizden teren' wori'n alg'an ulli' qa'diriyatlardi'n' a'meliy ko'rinisi boli'p yesaplanadi'.

**«Ma'selen, jaqsi' a'detimizge aylani'p ketken mehir-aqi'bet tu'sinigin alatug'i'n bolsaq, woni'n' ju'da' teren' tariyxi'y, milliy, diniy tami'rlari' bar yekenin ko'riw mu'mkin. Bul yen' aldi' menen insanni'n' insan menen, qon'si'ni'n' qon'si' menen, ag'ayinnin' ag'ayin menen, shan'araqti'n' shan'araq penen, yen' a'hmiyetlisi, shaxsti'n' ja'miyet penen uyg'i'n boli'p jasawi'n, jetim-jesir, tul-g'a'rip ha'm mayi'plarg'a, mu'sa'pirlerge qayi'r-saqawat ko'rsetiw, shi'n kewilden, biyg'a'rez ja'rdem beriwdi an'latadi' ha'm bunday qa'siyet xalqi'mi'zdi'n' ruwxi'y du'nyasi'na sin'ip ketkenin hesh kim biykarlay almaydi'»[1].**

Biz jasap turg'an ha'zirgi O'zbekistan, Worayli'q Aziya aymag'i'nda xali'q a'zelden alaplarda, u'lken suw derekleri – da'rya ha'm wo'zekler boylari'nda jasap kelgen. A'tirapi' sho'l ha'm sahralar menen woralg'an, ta'biyati', i'qli'mi' ju'da' qi'yi'n, tez wo'zgerip turatug'i'n bul aymaqtag'i' sharayatti'n' wo'zi bul jerdegi millet ha'm yelatlardi'n' mi'n' ji'llar dawami'nda bir-birine jaqi'n joldas boli'p, bir-birinin' awi'ri'n jen'il qi'li'p jasawi'n talap yetken. Yag'ni'y, bul u'lkede jasaytug'i'n adamlardi'n' bo'lek-bo'lek boli'p jasawg'a imkani' bolmag'an. Ta'biyatti'n' wo'zi, turmi'sti'n' wo'zi wolardi' ja'ma'a't boli'p jasawi'n za'ru'rlikke aylandi'rg'an. Bunday jasaw ta'rizi ta'biyiy ra'wishte adamlardi' bir-birinin' hali'nan xabardar boli'p, ta'shwish ha'm

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 8–9-betler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

quwani'shlari'n wo'z-ara bo'lisip, toyda da, qayg'i'da da bul turmi's ju'gin birge tarti'wg'a u'yretken, insanlar qa'lbinde ja'ma'a't pikirine hu'rmet ruwxi'n ku'sheytken.

Ja'ma'a'tshilik belgileri bu'gingi ku'nge shekem turmi'si'mi'zda u'lken wori'n iyelep kelmekte. A'sirese, g'a'rezsizlik ji'llari'nda ma'ha'lle sho'lkeminin' qayta tiklenip, wog'an puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w organi' statusi' berilgeni ja'ma'a'tshilik penen baylani'sli' da'stu'r ha'm qa'diriyatlari'mi'z, u'rp-a'detlerimizdin' turmi's ta'rizimizden ja'ne ken' wori'n ali'wi'nda ayi'ri'qsha a'hmiyetke iye bolmaqta. Ma'selen, ko'mek, toy-tamashalardi' awi'l, ma'ha'lle xalqi' menen ken'esip wo'tkeriw, Nawri'z bayrami' ku'nlerinde su'melek si'yaqli' ba'ha'r tag'amlari'n tayarlaw, tu'rli woyi'n ha'm tamashalar sho'lkemlestiriw, ja'rdemge mu'ta'j, qa'wenderinen ayi'ri'lg'an adamlardi'n' jag'dayi'nan xabar ali'w, wolarg'a biyg'a'rez ja'rdem ko'rsetiw, kem ta'minlengen shan'araqlardi' qollap-quwatlaw, jaslardi'n' a'dep-ikramli'li'q ta'rbiyasi'na, ma'ha'lle ha'm awi'ldag'i' tazali'qqa, abadanshi'li'qqa itibar beriwge baylani'sli' qa'diriyatlari'mi'z usi'lar qatari'na kiredi. Ma'selen, ko'mek (hashar) haqi'yqi'y ja'ma'a'tlik miynettin', ja'ma'a't yerki'qi'rari'ni'n' ayqi'n ko'rinisi boli'p tabi'ladi'. Bul ilaj arqali' ko'pshilikke birdey tiyisli bolg'an isler a'melge asi'ri'ladi'. Aytayi'q, ma'ha'lle, awi'l yaki qala ko'sheleri tazalanadi', abadanlasti'ri'ladi', ja'miyetlik wori'nlar — ma'ha'lle gu'zari', shayxana, du'kan yaki asxanalar ta'rtipke keltiriledi. Yaki ko'mek joli' menen ja'rdemge mu'ta'j insanlardi'n' jetpesi toli'qti'ri'ladi', wolarg'a materialli'q ha'm a'meliy ja'rdem beriledi.

**Ja'ma'a'tlik turmi's insandi' a'tiraptag'i' adamlardi'n' da'rti menen quwani'shlari'na itibarsi'z bolmawg'a, basqalar ushi'n jan ku'ydirip, tek wo'zin yemes, wo'zgelerdi de woylap jasawg'a u'yretedi. Bul bolsa haqi'yqi'y insanpa'rwarli'q boli'p yesaplanadi'.**

*Ja'ma'a'tlilik ha'm insanpa'rwarli'q wo'z-ara jaqi'n ha'm uyg'i'n tu'sinikler boli'p yesaplanadi'. Mehir-miriwbet, ar-nami's, basqalardi'n' aldi'nda wo'zin tuti'w, reyimlilik, miriwbet, qayi'r-saqawat, da'rtleslik, birge islesiw si'yaqli' insan ushi'n yen' za'ru'r ha'm qi'mbatli' tuyg'i'-tu'sinikler mine usi' ja'ma'a'tlik turmi's tiykari'nda payda boladi' ha'm rawajlanadi'.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bizde ja'ma'a'tlik da'stu'rler ku'shli bolg'ani' ushi'n qanday da bir iske qol uri'wdan aldi'n ko'pshilikten ma'sla'ha't soraladi'. Ko'pshilik maqullag'an is a'lbette aqi'ri'na jetkeriledi. Ja'ma'a't-tin' hu'rmetine miyasar bolg'an insan abi'rayli'-ataqli' insan boli'p yesaplanadi'. A'lbette, bul da'rejege jetiw an'sat yemes. Buni'n' ushi'n hadal miynet yetiw, ko'pshiliktin' ma'pi menen jeke ma'pti uyg'i'nlasti'ri'p jasaw, basqalardi'n' kewline qarap is ju'rgiziw talap yetiledi.

Insan ta'biyati'na bola mudami' kim menen bolsa da sa'w-betlesip, pikir almasi'p, birge islesip jasawg'a meyil. Inglis jazi'w-shi'si' Daniel Defoni'n' «Robinzon Kruzo» romani'ni'n' qahar-mani' adamsi'z atawg'a tu'sip qalg'anda kewlin ashatug'i'n, woti'ri'p da'rtlesetug'i'n hesh bir sa'wbetles joqli'g'i' sebepli qanshelli qi'ynalg'ani'n bir ko'z aldi'n'i'zg'a keltirin'. Biyshara, ne qi'lari'n bilmesten, haywanlar, wo'simlikler menen «sa'wbet-leskeni» adamzat wo'mirinde ja'ma'a'ttin' worni' qanshelli ten'siz yekeninen derek beredi.

Wo'z-ara pikirles insanlardi'n' tati'w ja'ma'a't boli'p ha'reket yetiwi ku'ndelikli turmi'sta da, jumi'sta da u'lken tabi'slarg'a tiykar boladi'. Yeger itibar bergen bolsan'i'z, abi'rayli' sport jari'slari'nda qaysi' ja'ma'a't awi'zbirshilikli ha'm tati'w bolsa, birden-bir maqset joli'nda bir jag'adan bas shi'g'ari'p ha'reket yetse, sol ja'ma'a't jen'iske yerisedi. Bunda, a'lbette, ha'r bir adamni'n' wo'zine ta'n qa'bileti ha'm talanti', fizikali'q, ruwxi'y imkaniyatlari' bar yekenligin de yesapqa ali'w lazi'm. Ha'r bir adam wo'zinin' jeke, individual qa'siyetlerin, kelbetin saqlap qalg'an halda, soni'n' menen birge, ja'ma'a'tte wo'z worni'n tabi'wi' ha'm wo'zine mu'na'sip wazi'ypani' wori'nlawi' kerek. Sonda g'ana bunday ja'ma'a't yen' ku'shli ja'ma'a't boladi'.

*Individualli'q tek bir insang'a ta'n qa'siyet ha'm belgiler ko'rinisi boli'p, insan ushi'n bul da yen' za'ru'r pazi'ylet boli'p yesaplanadi'. Biraq individualli'q wo'zin ko'rsetiw, wo'zin basqalardan joqari' dep biliw, tek jeke ma'pti woylap jasawg'a aylani'p ketetug'i'n bolsa, insanni'n' wo'zi ushi'n da, ja'miyet ushi'n da zi'yanli' boli'p yesaplanadi'.*

Ja'ma'a'ttin' qi'mbatli' wo'zgesheligi sonnan ibarat, biyta'ki-rar, bir-birine uqsamaytug'i'n adamlardi' wolardi' qi'zi'qti'ratug'i'n, jeke ma'plerine tiyisli bolg'an maqsetler tiykari'nda birlestiredi,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

insandi' a'lpayi'm, hadal, basqalarg'a da'rtles boli'wg'a u'yretedi. Bunda, a'sirese, jetekshilerdin' worni' ten'siz boladi'.Wolar ja'ma'a'ttin' birgelikte ha'reket yetiwi, yerk-i'qi'rari'n ko'rsetiwi, uluwma keypiyati' ha'm umti'li'si'n belgilep beredi. Jetekshi qanshelli ku'shli, taysalmas, yerju'rek ha'm jigerli bolsa, ja'ma'a't te sonshelli ku'shli boladi'.

**Woqi'p ati'rg'an klass ha'm mektebin'iz, shan'arag'i'n'i'z, ma'ha'llen'iz siz ushi'n qa'dirdan ja'ma'a't boli'p yesaplanadi'. Sizin' du'nyag'a ko'z-qarasi'n'i'z, pazi'yletlerin'iz mine usi' ja'ma'a'tlerde qa'liplesedi.**

Sizin' ata-anan'i'z xi'zmet yetetug'i'n jer miynet ja'ma'a'ti boli'p yesaplanadi'. Insanni'n' bilim ha'm ta'jiriybesi, ka'sip sheberliginin' arti'wi', pazi'yletlerine pazi'ylet qosi'li'wi', miynet, ustaz-sha'kirtlik da'stu'rlerinin' rawajlani'wi', hadal da'ramat, i'ri'sqi'-nesiybe tawi'p jasawda miynet ja'ma'a'tinin' worni' ten'siz.

Teren'irek woylap ko'rsek, barli'g'i'mi'zdi' bawi'ri'nda abaylap wo'siretug'i'n, nan-duz, bilim bergen ana Watani'mi'z da tu'rli millet ha'm yelatlarg'a tiyisli insanlardan, ha'r tu'rli ko'z-qaras ha'm ma'pke iye bolg'an adamlardan quralg'an u'lken ja'ma'a't boli'p yesaplanadi'. Bul ja'ma'a'ttin' jetekshisi O'zbekistan Prezidenti boli'p yesaplanadi'. Jurtbasshi'mi'z mine usi' insanlardi'n' arzi'w-umti'li'slari'na toli'q juwap beretug'i'n joqari' maqsetlerdi belgilep, xalqi'mi'zdi' jan'a ja'miyet quri'w joli'nan jigerlilik penen baslap barmaqta. Yel-jurti'mi'zdi'n' pida'kerlik miyneti, wo'z-ara tati'w ha'm awi'zbirlikli ja'ma'a't boli'p alg'a umti'li'wi' arqali' jurti'mi'z u'lken tabi's ha'm na'tiyjelerge yerispekte, du'nya sheriklesliginen mu'na'sip wori'n iyelemekte. Bul, a'lbette, barli'g'i'mi'zdi' quwandi'radi', keleshekte mine usi' xali'qti'n' mu'na'sip perzenti boli'p, jurti'mi'zdi'n' rawajlani'wi' joli'nda shi'n kewilden xi'zmet yetiwge shaqi'radi'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. Xalqi'mi'zdi'n' wo'zine ta'n qa'siyetleri degende neni tu'sinesiz?
2. Ana tilimizdegi mehir-miriwbet, mehir-muhabbat, miyrim-sha'pa'a't, qa'dir-qi'mbat degen ibaralardi' ne ushi'n basqa tillerge awdari'w qi'yi'n?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3. Ata-babalari'mi'zdi' a'yyemgi da'wirlerden baslap ja'ma'a't boli'p jasawg'a iytermelegen qanday sebepler bolg'an?
4. G'a'rezsizlik ji'llari'nda ja'ma'a'tlikke ta'n qanday da'stu'r ha'm qa'diriyatlari'mi'z tiklendi?
5. Ja'ma'a'tte jetekshinin' worni' ha'm ta'siri qanday?
6. Siz qanday da bir ja'ma'a'tke jetekshi boli'p ko'rdin'iz be?
7. Ja'ma'a'tten aji'ralg'an halda jasaw mu'mkin yemesligin turmi'sli'q mi'sallar arqali' tu'sindirip berin'.
8. To'mendegi su'wretlerde xalqi'mi'zg'a ta'n qanday pazi'yletler ko'rsetilgeni tuwrali' ayti'p berin'.

A) 

B) 

D) 



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## INSANDI' AN'LAW

A'ziz woqi'wshi'! Ma'nawiyatti' insannan, woni'n' qa'lbi, woy-pikiri ha'm du'nyag'a ko'z-qarasi'nan aji'ralg'an halda ko'z aldi'mi'zg'a keltirip bolmaydi'. Soni'n' ushi'n da Prezidentimiz Islam Karimov: **«Ma'nawiyatti' tu'siniw, an'law ushi'n yen' aldi' menen insandi' tu'siniw, an'law kerek»**[1], — dep atap ko'rsetedi.

*Insandi' an'law wog'ada a'hmiyetli pazi'ylet, ma'deniyat boli'p, gumanizm, yag'ni'y insanpa'rwarli'qti'n' tiykari'n belgi-lep beretug'i'n uluwma insani'y qa'diriyat boli'p yesaplanadi'.*

**Insandi' an'law a'yyemgi zamanlardan beri ali'm ha'm filosoflardi', shayi'rlar, xudojnikler ha'm kompozitorlardi', tu'rli ka'sip iyelerin woylandi'ri'p kiyati'rg'an ju'da' quramali' ma'sele.**

Du'nyadag'i' qanshadan-qansha kitaplar, muzi'ka ha'm su'wretlew ko'rkem wo'neri shi'g'armalari' mine usi' mashqalag'a — insandi' tu'siniw temasi'na bag'i'shlang'an. Sog'an qaramastan, bu'gingi ku'nde de insan haqqi'nda ani'q ha'm toli'q bir ta'rip ayti'wg'a qi'ynalami'z. Sebebi ha'r bir insan — wo'z aldi'na bir du'nya. Ta'biyat, ja'miyet wo'zgeriwi menen wol da wo'zgeredi.

**Insandi' tu'siniw adamnan ju'da' u'lken bilim ha'm ta'jiriybeni, yen' a'hmiyetlisi, pa'kize sezim-tuyg'i'lardi', teren' woy-pikirdi talap yetedi.**

Insandi' hesh qanday ku'sh yaki qural menen jen'ip, qa'lbin, ruwxi'n boysi'ndi'ri'p bolmaydi'. Tek qa'lbine jol tabi'w arqali' woni'n' menen dos ha'm joldas boli'w mu'mkin.

Insandi' tu'siniwde wol tiyisli bolg'an xali'q, jurt haqqi'nda, woni'n' ata-babalari' haqqi'nda biliw u'lken a'hmiyetke iye. Sebebi adamni'n' minez-qulqi', qa'lbi, sezim-tuyg'i' ha'm tu'sinik-

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 29-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

leri wol tuwi'li'p yer jetken u'lkede, xali'qti'n' mehirinen, u'rp-a'det ha'm da'stu'rlerinen, ata-babalari'ni'n' miyrasi'nan azi'q-lang'an halda qa'liplesedi. Itibar bergensiz be, bir jerge miyman-g'a barsan'i'z, jan'a tani'sqan adamlari'n'i'z sizge, yen' aldi' menen, «Qa'ne, miyman, siz qay jerden bolasi'z, ata-anan'i'z, ata-babalari'n'i'z kim?» — degen sorawdi' beredi. Siz tuwrali' kerekli mag'luwmatlardi' bilip alg'annan son', sog'an qarap sizin' kewlin'izdi tabi'wg'a, sa'wbet quri'wg'a ha'reket yetedi.

Bu'gingi ku'nde ma'limleme qurallari' ha'm texnolo-giyalari'ni'n' jedel pa'tler menen rawajlani'wi' na'tiyjesinde insanni'n' is-ha'reketlerin, ruwxi'y du'nyasi'n u'yreniw, baqlaw imkaniyatlari' da barg'an sayi'n ku'sheyip barmaqta. A'lbette, bulardi'n' barli'g'i' insandi' tu'siniw boyi'nsha ko'plep qolayli'q-lardi' jaratpaqta. Sebebi insanlar, xali'qlar wortasi'nda haq kewilli baylani'slar qanshama ko'beyse, wolardi'n' bir-birin tu'siniwi sonsha an'sat boladi'. Sonday-aq, du'nyadag'i' xali'qlardi' tu'siniw, wolar menen ruwxi'y jaqtan jaqi'n boli'wda wolardi'n' ko'rkem a'debiyati', teatr, kino, muzi'ka ha'm su'wretlew ko'rkem wo'neri shi'g'armalari' ayi'ri'qsha a'hmiyetke iye boladi'. Sebebi wolar ha'r bir xali'qti'n' qa'lbin ha'm ruwxi'n sa'wlelendiredi.

Siz ma'mleketimizde ko'plep ko'rkem wo'ner ha'm ma'deni-yat a'njumanlari' wo'tkeriletug'i'ni' haqqi'nda yesitkensiz, a'lbet-te. Atap aytqanda, Jer ju'zinin' sawlati' degen ta'ripke miyasar bolg'an a'yyemgi qala — Samarqandta ha'r yeki ji'lda bir ma'rte «Sharq taronalari'» xali'q arali'q muzi'ka festivali' boli'p wo'tetu-g'i'ni'nan xabardarsi'z. Bul ko'rkem wo'ner a'njumani'nda du'nya-ni'n' tu'rli ma'mleketlerinen muzi'ka ko'rkem wo'neri sheberleri qatnasadi'.Wolar wo'z jurti'ni'n' muzi'kasi' menen birge xalqi'ni'n' qa'lbin de Samarqandqa ali'p kelgendey tu'yiledi.Wolar sheberlik penen atqarg'an namalardi' ti'n'lap, biz ja'ha'ndegi ha'r bir xali'q ha'm millettin' go'zzal ruwxi'y du'nyasi'na, ruwxi'y umti'-li'slari'na, pa'kize sezim-tuyg'i'lari'na i'nti'q bolami'z. Hesh qanday awdarmasi'z usi' xali'qlardi'n' ishki du'nyasi'n tu'sinemiz, arzi'w-umti'li'slari'n, turmi's ta'rizin ko'z aldi'mi'zg'a keltiremiz.

Soni'n' menen birge, bir haqi'yqatli'qti' umi'tpawi'mi'z lazi'm: turmi's qi'yi'n da quramali', sonday bir paytlar boladi', geyde bir wo'mir sa'wbetles boli'p, jani'n'i'zda ju'rgen qa'dirdan dos-ti'n'i'zdi' da tu'siniw qi'yi'n boli'p qaladi'. Bunday paytta qi'yal-larg'a berilmesten, sabi'rli'li'q, aqi'l-woy menen is tuti'w, wo'zin'izdi dosti'n'i'zdi'n' worni'na qoyi'p ko'rip, teren' pikir ju'ritiw wori'nli'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



boladi'. Bazi'da mi'n' baqi'ri's-keyis, ashshi' so'z, ashi'w-arazdan ko're, bir awi'z shiyrin so'z, wori'nli' ayti'lg'an ha'zil-da'lkek, shi'n kewilden mehir ko'rsetiw adamg'a ko'birek unamli' ta'sir yetiwi ha'm mi'n' uri'ni'slar menen ashi'lmag'an kewil qulpi' usi'layi'nsha ashi'li'p ketiwi mu'mkin.

Birewdin' kewilin tu'siniw qanshama qi'yi'n bolsa, insanni'n' wo'zin an'lawi' wonnan da qi'yi'n. Woylap ko'rdin'iz be, adamzat ne ushi'n wo'miri dawami'nda jan'ali'qqa umti'li'p, bilim ali'wg'a, ta'jiriybe u'yreniwge, wo'zgeler menen baylani'sta jasawg'a umti'ladi'? Sebebi wonda yen' aldi' menen wo'zinin' kimligin an'lap jetiwge degen qi'zi'g'i'wshi'li'q ku'shli. Qansha ko'p bilim ha'm tu'siniklerge iye bolsa, qansha ko'p adam ko'rse, tani'sa, wo'zin wolar menen sali'sti'ri'w ha'm wo'zi haqqi'nda juwmaq shi'g'ari'w imkaniyati' da sonsha artadi'. Soni'n' ushi'n insan bir wo'mirge wo'zin an'lawg'a ha'reket yetedi. «Bul du'nyag'a kelip, duri's jasadi'm ba, waqti'mdi' paydasi'z islerge sarplamadi'm ba, ata-anamni'n', xalqi'mni'n' bergen duz-nesiybesin aqladi'm ba?» degen sorawlar yerte me, kesh pe, ha'r bir adamni'n' qa'lbinde payda boli'wi' mu'mkin.

Adam wo'zin teren'irek an'lap jetiwi ushi'n mudami' sergek ha'm qi'rag'i' boli'p jasawi', woqi'wdan, u'yreniwden, izleniwden bir minut ta toqtamawi' lazi'm. Islegen isleri, qa'te ha'm kemshiliklerin ha'r ku'ni si'n ko'z benen bahalap, yesapqa ali'p bari'wi' za'ru'r. Muqa'ddes ha'dislerde «Besikten qa'birge shekem ilim izlen'», dep biykarg'a ayti'lmag'an. Insan bul du'nyag'a woqi'w-u'yreniw, du'nya si'rlari'nan xabardar boli'w, wo'zin an'law ushi'n keledi.Wo'zin an'lag'an insan ana xalqi', Watani', pu'tkil adamzat aldi'ndag'i' minnetin, wo'zinin' insanli'q wazi'ypasi'n da duri's tu'sinedi.

A'ziz woqi'wshi'! Siz mudami' a'tirapi'n'i'zdag'i' insanlardi' duri's tu'siniwge ha'reket yetin'. Tani's pa, biytani's pa, bug'an qaramastan, hesh kimnen sa'lemin'izdi, a'lpayi'm so'zin'izdi ha'm mehirin'izdi ayaman'. Hesh qashan umi'tpan', shiyrin so'zin'iz, jaqsi' minezin'iz benen ten'siz bayli'q bolg'an insan qa'lbine jol tabasi'z.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Siz tu'singen insan — yen' jaqi'n dosti'n'i'z. Siz tu'sinbegen insan — yele siz jetip barmag'an, ashpag'an du'nya boli'p yesaplanadi'.**

**Bul ja'ha'nde wo'zin, wo'zgelerdi an'lawg'a ha'reket yetip jasaytug'i'n adam wo'z ma'nawiyati'n mudami' bayi'ti'p, jetilistirip baratug'i'n insan boli'p yesaplanadi'.**

Itibar bergensiz be, ata-anan'i'zdi'n' kewlindegi tileklerdi wolar aytpastan-aq an'lap, waqti'nda shay demlep bersen'iz, ayaq kiyimin, kiyim-kenshegin tazalap qoysan'i'z, wolar qanshama quwanadi'. Usi' ma'niste, insandi' an'law adamlar, yen' aldi' menen, jaqi'n qa'dirdani'n'i'z, yel-jurti'n'i'z xi'zmetine tayar boli'w, za'ru'r paytlarda wolardi'n' da'rtine da'rman boli'w ushi'n kerek.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. «Ma'nawiyatti' tu'siniw, an'law ushi'n yen' aldi' menen insandi' tu'siniw, an'law kerek» degen so'zler qaysi' kitapta ha'm kim ta'repinen ayti'lg'an?
2. Insandi' tu'siniw adamnan nelerdi talap yetedi?
3. Insanni'n' qa'lbine qalay jol tabi'w mu'mkin?
4. Qol telefoni', Internet, kompyuter si'yaqli' ma'limleme qurallari' insandi' tu'siniwge ja'rdem bere me?
5. Siz qaysi' nama yaki qosi'qlardi' jaqsi' ko'resiz?
6. Usi' su'wretler arasi'nan «Sharq taronalari'»festivali' ko'rinisin tabi'n', ha'm bul festivaldi'n' insandi' an'lawdagi' a'hmiyetin ayti'n'.

A)



C)



B)



D)





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## NI'ZAM U'STINLIGI

A'ziz woqi'wshi'! O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti Islam Karimov ta'repinen islep shi'g'i'lg'an, yelimizdi joqari' rawajlani'wg'a yeristiriwge qarati'lg'an reformalardi'n' bes principi tuwrali' yesitkensiz, a'lbette. Ha'zirgi ku'nde pu'tkil du'nyada «rawajlani'wdi'n' o'zbek modeli» dep ken' ta'n ali'ni'p ati'rg'an bul principlerdi ja'ne bir ma'rte sizge yesletip wo'temiz.

**Bular:**

**1. Ekonomikani'n' siyasattan u'stinligi ha'm ideologiyadan biyg'a'rez boli'wi'.**

**2. Ma'mlekettin' bas reformator yekenligi.**

**3. Ni'zam u'stinligi ha'm ha'mme ushi'n ten'ligi.**

**4. Ku'shli socialli'q siyasat ju'rgiziw ha'm xali'qti'n' kem ta'minlengen qatlami'n socialli'q jaqtan qorg'aw.**

**5. Reformalardi' basqi'shpa-basqi'sh a'melge asi'ri'w.**

Bu'gingi sabag'i'mi'z mine usi' a'hmiyetli bag'darlardi'n' biri – ma'mleketimizde ni'zamlarg'a ha'mmenin' birdey a'mel yetiwi lazi'mli'g'i', huquqi'y ma'deniyatti'n' ne yekeni, ni'zamdi' basshi'li'qqa ali'p jasawdi'n' qanday unamli' ta'repleri bar ha'm, kerisinshe, wog'an bag'i'nbaw ja'miyet turmi'si'na qanday qa'wip tuwdi'ri'wi' mu'mkinligi tuwrali' ma'selelerge bag'i'shlang'an.

Insaniyat wo'z wo'tmishinde qurg'an barli'q du'zimler, ja'miyetler tariyxi' bir na'rseden derek beredi.

**Qaysi' du'zim yamasa ja'miyette ni'zamli'li'q u'stin bolg'an bolsa, puqaralar ni'zamg'a so'zsiz bag'i'ng'an bolsa, sol ja'miyet ha'm ma'mleket joqari' rawajlani'wg'a, ti'ni'shli'q ha'm pa'rawanli'qqa yerisken.**

Bug'an xalqi'mi'z tariyxi'nan da ko'plep mi'sallar keltiriw mu'mkin. Ma'selen, «Temur tu'zikleri» shi'g'armasi'nan belgili bolg'ani'nday, Sahi'pqi'ran Amir Temur du'zgen ma'mleket aymag'i'ndag'i' barli'q isler – u'lken ma'mleketti basqari'wdan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tarti'p, g'a'rip-qa'serlerdin' jag'dayi'nan xabar ali'wg'a shekem qatan' ta'rtip tiykari'nda, wo'z waqti'nda ha'm turaqli' tu'rde ju'rgizilgen. Ha'r bir istin', wazi'ypani'n' wo'z iyesi — atqari'w-shi'si' bolg'an. Aqsaqallar ken'esi ta'repinen qabi'l yetilgen ni'zam-qag'i'ydalarg'a yen' iri a'meldarlardan baslap a'piwayi' puqarag'a shekem — ha'mmenin' so'zsiz a'mel yetiwi, boysi'ni'-wi' talap yetilgen. Na'tiyjede ha'm aymaqli'q, ha'm ekonomika-li'q, ha'm a'skeriy-siyasiy jaqtan yen' iri ma'mleketlerden biri bolg'an Amir Temur ma'mleketi ha'r ta'repleme rawajlang'an, woni'n' qu'diretine pu'tkil ja'ha'n ha'wes penen qarag'an.

Kerisinshe, ni'zamli'li'q ayaq asti' qi'li'ng'an, insan huquq ha'm yerkinlikleri kemsitilgen, ja'miyet basqari'wi' ha'm xali'q ta'g'diri wo'z hali'na taslap qoyi'lg'an ma'mleketler rawajla-ni'wg'a da, pa'rawanli'qqa da yerise almag'an. Bul boyi'nsha da uzaqqa barmastan, wo'zimizdin' wo'tmishimizden mi'sal keltiriw paydali' boladi'. Jurtbasshi'mi'zdi'n' «Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda temuriyler hu'kimdarli'g'i'nan son' — XVII a'sirden XX a'sirdin' baslari'na shekem Tu'rkistan u'lkesinde ju'z bergen siyasiy pi'ti'ran'qi'li'q, wo'shpenlilik, qalaqli'qti'n' tu'pkilikli sebeplerin teren' talqi'lap:

**«U'sh xanli'qqa bo'linip ketken aymaq uzaq mu'ddet wo'z-ara qarama-qarsi'li'qlar, uri's-ja'njeller qurdi'mi'nda qali'p ketkeni tek ekonomikali'q, finansli'q ha'm a'skeriy potencial ko'z-qarasi'nan g'ana yemes, al ja'miyetlik-ruwxi'y pikirdin' rawajlani'wi'nda da ko'plep unamsi'z aqi'betlerdi keltirip shi'g'arg'ani'»n**[1] ayi'ri'qsha atap ko'r-setedi.

Xali'qti'n' tati'wli'g'i'n ha'm awi'zbirshiligin saqlaw, milliy ma'pler joli'nda qatan' turi'w, juwapkershilik ha'm sergeklik bolsa ni'zamli'li'q tiykari'nda ju'zege keledi. Tilekke qarsi', tariyxi'-mi'zdi'n' «u'sh xanli'q da'wiri» dep atalg'an da'wirinde buni'n' kerisin ko'remiz.

**«Jurt hu'kimdarlari' ha'm a'meldarlari' xali'qti'n' ta'g'-diri ha'm keleshegi haqqi'nda qayg'i'ri'w worni'na, wo'zinin' jeke ma'plerin ha'mme na'rseden u'stin qoyi'p, jawi'zli'q**

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 50-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**ha'm g'a'pletke berilip ketiwi aqi'betinde biz bu'gin jasap ati'rg'an aymaq uluwma insaniyat civilizaciyasi' procelerinen u'zilip, rawajlani'wdan keskin artta qali'p ketti»[1].**

Bulardan ko'rinip turg'ani'nday, ni'zamli'li'q ha'r qanday ja'miyet rawajlani'wi'ni'n', pa'rawanli'g'i' ha'm qa'wipsizliginin' a'hmiyetli sha'rti, kepilligi boli'p yesaplanadi'.

Ja'miyette ni'zamli'li'q a'melde boli'wi' ushi'n bul ja'miyettin' huquqi'y ma'deniyati' joqari' da'rejede boli'wi' lazi'm.

*Huquqi'y ma'deniyat — bul insanlardi'n' ma'mleket ha'm huquq haqqi'ndag'i' a'hmiyetli bilimlerdi iyelep ali'w da'rejesi, adamni'n' ni'zamlardi' biliw ha'm wolar tiykari'nda jasaw boyi'nsha artti'rg'an ta'jiriybesi, uluwma huquqi'y bilim da'rejesi boli'p yesaplanadi'.*

Huquqi'y ma'deniyat uluwma ma'deniyatti'n' aji'ralmas bir bo'legi boli'p yesaplanadi'. Ja'miyette huquqi'y ma'deniyat wornati'li'wi' to'mendegi faktorlarg'a ti'g'i'z baylani'sli':

1. Ma'mleket ta'repinen xali'q ma'plerin sa'wlelendiriwshi huquqi'y siyasatti'n' islep shi'g'i'li'wi' ha'm a'melge asi'ri'li'wi'.

2. Ma'mlekette yuridikali'q — huquqtani'wshi'li'q ilimlerinin' rawajlang'an boli'wi'.

3. Ha'mmenin' ni'zam aldi'nda ten'ligi.

4. Huquqti' a'melge asi'ri'wshi' ma'mleketlik organlar ha'm lawazi'mli' shaxslardi'n' ni'zamlar shen'berinde wo'z huquqlari' menen minnetlerin wori'nlawi', wolardi' an'lap ali'wi'.

5. Huquqi'y ta'rbiya, u'git-na'siyat jumi'slari'ni'n' u'zliksiz jolg'a qoyi'li'wi' ha'm t.b.

G'a'rezsizlikke qaray umti'lg'an O'zbekistani'mi'zdi'n' rawajlani'wi' a'dalatsi'zli'q, ni'zamdi' mensinbew sharayati'nda hasla mu'mkin yemes yedi. Sonli'qtan da Jurtbasshi'mi'z g'a'rezsizlikke yerisiwimizden bir yari'm ji'l buri'n — 1990-ji'l 24-fevralda shi'g'i'p so'ylewinde bul ma'seleni yen' a'hmiyetli wazi'ypa si'pati'nda atap wo'tedi:

**«Yen' aldi' menen, wo'zimizge mi'naday soraw beriwimiz kerek: ha'r bir puqara, ha'r bir insan, shan'araq basshi'si' ha'kimiyattan neni ku'tpekte?**

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 50-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ha'mme zamanlarg'a ha'm xali'qlarg'a ta'n bolg'an yen' tiykarg'i', yen' a'hmiyetli, yen' uluwma maqsetti ani'qlaytug'i'n bolsaq, soni' toli'q tiykar menen ayti'w mu'mkin, ma'mleket payda bolg'ali' beri, insan wo'zinin' qa'wipsizligin qorg'awdi', jeke huquqlari' ha'm yerkinliklerinin' ta'minleniwin ma'mleketten ku'tedi, ha'kimiyattan ma'det izleydi. Ha'kimiyat usi' ta'biyiy talaplarg'a juwap bere almasa, ashi'g'i'n aytqanda, bunday ha'kimiyat hesh kimge kerek bolmaydi'»[1].**

Sol ji'llardan baslap-aq ma'mleketimizde ni'zam u'stinligin ta'minlew, ha'mmenin' ni'zam aldi'nda ten'ligin a'melde ta'minlew boyi'nsha teren' reformalar turmi'sqa yengizildi. Sebebi, Prezidentimiz ibarasi' menen aytqanda, adamlar ko'p na'rsege shi'dawi', sabi'r yetiwi mu'mkin, biraq a'dalatsi'zli'qqa shi'day almaydi'. Sonli'qtan da, respublikami'zda buri'ng'i' sovet da'wirinde jol qoyi'lg'an a'dalatsi'zli'qlar, ni'zamsi'zli'qlardi' saplasti'ri'wg'a kirisildi. Bul bolsa xalqi'mi'z kewlin jubati'w menen birge, woni'n' a'dalatqa, haqi'yqatli'qti'n' jen'ip shi'g'i'wi'na, ma'mleketke ha'm keleshekke isenimin bekkemledi.Wo'tken a'sirdin' 30-50-ji'llari'nda wo'tkerilgen repressiya siyasati'ni'n' barli'q qurbanlari'ni'n' pa'k ismlerinin' tikleniwi, 80-ji'llarda «paxta isi», «o'zbekler isi» degen do'hmet ha'm jalalar sebepli yerkinlikten ayi'ri'lg'an barli'q biygu'na adamlardi'n' wo'z shan'araqlari' qushag'i'na qaytqani' — g'a'rezsiz O'zbekistanda «insan, woni'n' wo'miri, yerkinligi, ataq-abi'rayi', qa'dir-qi'mbati' ha'm basqa qol qati'lmas huquqlari' — joqari' qa'diriyat» (O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 13-statyasi') boli'p yesaplani'wi'ni'n' a'meldegi ko'rinisi boldi'.

Prezidentimiz bul bag'dardag'i' islerdi u'zliksiz dawam yettiriwge shaqi'rar yeken, to'mendegi a'hmiyetli ma'selelerge itibar qaratqan yedi:

**«Ni'zamshi'li'q ha'm huquq ta'rtibi wornati'lmas yeken, huquqi'y ma'mleket quri'wdi' ko'z aldi'mi'zg'a keltirip bolmaydi'. Ni'zamni'n' u'stinligi — huquqi'y ma'mlekettin' tiykarg'i' principi boli'p yesaplanadi'. Wol turmi'sti'n' barli'q**

[1] **Islam Karimov.** O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda. — T.: «O'zbekistan» baspasi', 2011-ji'l, 128-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**tarawlari'nda ni'zamni'n' qatan' hu'kim su'riwin na'zerde tutadi'. Hesh bir ma'mleketlik organ, hesh bir xojali'q ju'ritiwshi ha'm ja'miyetlik-siyasiy sho'lkem, hesh bir lawazi'mli' shaxs, hesh bir adam ni'zamg'a boysi'ni'w minnetinen azat boli'wi' mu'mkin yemes. Ni'zam aldi'nda ha'mme ten'»[1].**

Wo'tken da'wir dawami'nda ma'mleketimizde ni'zamshi'li'qti'n' bekkem tiykarlari'n jarati'w, insan huquqlari'n, yerkinliklerin qorg'aw, ma'mleketimizdin' ishki ha'm si'rtqi' siyasati'nda insanpa'rwarli'q, jaqsi'li'q, a'dalat ideyalari'ni'n' u'stinligin ta'minlewge qarati'lg'an ko'plep ni'zam hujjetleri qabi'l yetildi. Xali'qti'n' huquqi'y sawatli'li'g'i'n asi'ri'w arqali' huquqi'y ma'deniyatti' ko'teriwge qarati'lg'an sistemali' jumi'slar ali'p bari'ldi'.

«Huquqi'y ma'deniyat» tu'sinigi «huquqi'y ag'arti'wshi'li'q» ha'm «huquqi'y sawatli'li'q» si'yaqli' tu'sinikler menen ti'g'i'z baylani'sli'. Bir na'rsege itibar berin': huquqi'y ag'arti'wshi'li'q tek ni'zamlardi'n' wo'zin yemes, al wolardi' turmi'sqa yengiziwge baylani'sli' ni'zam asti' hu'jjetlerin biliwdi de talap yetedi. Huquqi'y sawatli'li'q ha'm ag'arti'wshi'li'q tiykari'nda insanni'n' huquqi'y sanasi' qa'liplesedi. Huquqi'y sanasi' joqari' adam ni'zamli'li'q penen ni'zamshi'li'qti'n' parqi'n jaqsi' an'laydi', wo'z huquq ha'm yerkinliklerin qorg'aw menen birge, wo'zgelerdin' huquq ha'm yerkinliklerin hu'rmet yetiwdi de umi'tpaydi'.

*Ni'zamli'li'q ni'zam u'stinligi, ni'zamg'a muwapi'qli'q, tek ni'zam tiykari'nda jasaw, ni'zamsi'zli'qqa jol qoymawdi' bildiredi.*

Ni'zamli'li'q hu'kim su'rgen jerde ti'ni'shli'q-tati'wli'q, ta'rtip-intizam ha'm a'dillik wornaydi', insanlardi'n' huquq ha'm yerkinlikleri toli'q ta'minlenedi. Ni'zamsi'zli'q bolsa ni'zamni'n' joqli'g'i' yaki woni' ta'n almawdi' bildiredi. Ni'zamsi'zli'q ha'wij alg'an jerde hesh qashan ti'ni'shli'q-tati'wli'q, ta'rtip-intizam ha'm a'dalat bolmaydi'.

[1] Islam Karimov. O'zbekistan: milliy g'a'rezsizlik, ekonomika, siyasat, ideologiya. 1-tom. – T.: «O'zbekistan» baspasi', 1996. 319-b.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Basqasha aytqanda, huquqi'y ma'deniyatti'n' yeki ta'repi boli'p, wolardi' basshi'li'qqa ali'w ha'mmenin' minneti boli'p yesaplanadi'. Wol, yen' aldi' menen, insanni'n' wo'z huquq ha'm yerkinliklerin jaqsi' biliwi ha'm wolardan toli'q paydalani'wi'n talap yetedi. Yekinshiden bolsa, sol insanni'n' ni'zam aldi'nda-g'i', basqa insanlar, xalqi' ha'm Watani' aldi'nda-g'i' minneti ha'm wazi'ypasi'n da umi'tpawi'n talap yetedi.**

Huquqi'y ma'deniyatli' adam ni'zamlardan qorqqani' ushi'n yemes, al wolardi' hu'rmet yetkeni, ni'zamlar ti'msali'nda xali'q maqsetin, yerk-i'qi'rari'n ko'rgeni ushi'n da ni'zam tiykari'nda jasawdi' wo'z wo'mirinin' mazmuni' dep biledi.

Buni' ja'ne de ani'g'i'raq ko'z aldi'mi'zg'a keltiriw ushi'n bilip qoyi'n': sizin' huquq ha'm yerkinligin'iz tap sizdey basqa bir adamni'n' huquq ha'm yerkinlikleri shegarasi'na shekem dawam yetedi. Sol adamni'n' ni'zamli' huquq ha'm yerkinliklerin hu'rmet yetiw sizin' ni'zam aldi'ndag'i' minnetin'iz boli'p yesaplanadi'. Sebebi, huquqi'y demokratiyali'q ma'mleket wo'z ati' menen yerkin ja'miyet boli'p tabi'ladi'. Wonda zorli'q, ku'sh penen ma'jbu'rlew joq. Barli'q qatnasi'qlar puqaralardi'n' sanali' ha'reket yetiwine tiykarlanadi'. Bul ja'miyette ha'mme yerkin jasaydi', turmi'sti'n' barli'q tarawlari' ni'zam tiykari'nda yerkin rawajlanadi'. Bul imkaniyatlardan toli'q paydalani'w Konstituciya ha'm ni'zamlarda belgilep qoyi'lg'an minnetlerdi bulji'tpastan wori'nlawdi' talap yetedi. Bolmasa, ni'zamda ko'zde tuti'lg'an jaza sharalari' ko'riledi. Yag'ni'y, bunday ja'miyette ni'zam bergen yerkinlik ha'm imkaniyatlarg'a qi'yanet yetiwge jol qo-yi'lmaydi'.

Ha'r qanday ma'deniyat joqari' sana-sezim ha'm woy-pikirge tiykarlang'ani' si'yaqli', huquqi'y ma'deniyat ta adamlarda, yen' aldi' menen, huquqi'y woy-pikir ha'm ko'z-qarasti' qa'liples-tiriwdi talap yetedi. Huquqi'y woy-pikir ha'm ko'z-qaras bolsa Konstituciyani', ni'zamlardi', uluwma huquq ilimin u'yreniw arqali' qa'liplesedi. Soni'n' ushi'n da ma'mleketimizde xali'qti'n', a'sirese, jaslardi'n' huquqi'y bilim ha'm ma'deniyati'n asi'ri'wg'a ayi'ri'qsha itibar berilmekte.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Prezidentimiz 1997-ji'l 27-iyunda bul ma'sele boyi'nsha arnawli' pa'rman shi'g'arg'ani', 1997-ji'l 29-avgustta Oliy Majlis ja'miyette huquqi'y ma'deniyatti' ko'teriw milliy bag'darlamasi'n qabi'l yetkeni, 2001-ji'l 4-yanvarda bolsa Jurtbasshi'mi'zdi'n' «O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'n u'yreniwdi sho'lkemlestiriw haqqi'nda»g'i' biyliginin' qabi'l yetiliwi de tosi'nnan yemes.**

A'ne usi'nday itibar na'tiyjesinde bu'gingi ku'nde mekteplerimizde «Konstituciya a'lipbesi», «Konstituciya a'lemine sayaxat» woqi'w kurslari', «Ma'mleket ha'm huquq tiykarlari'» si'yaqli' pa'nler woqi'ti'lmaqta. Usi'layi'nsha sizlerdey jaslari'mi'zda huquqi'y woy-pikirdi ha'm ko'z-qarasti' qa'liplestiriw maqset yetip qoyi'lg'an. Sebebi huquqi'y ma'deniyati' joqari' insanlar qansha ko'p bolsa, xalqi'mi'z a'rman yetken puqarali'q ja'miyet quri'w procesi sonsha tezlesedi. Bunnan ti'sqari', huquqi'y ma'deniyat watanlaslari'mi'zdi'n' siyasiy ma'deniyati'n asi'ri'wg'a da tiykar boladi'. Siyasiy ma'deniyatli' adam biyg'a'rez pikirley aladi', wo'zin wo'zi basqari'w uqi'bi'na iye boladi'.

Yendi ma'nawiyat ha'm huquqi'y ma'deniyatti'n' wo'z-ara baylani'sli' ta'replerine toqtap wo'teyik.

**Negizinde huquqti'n' wo'zi de ma'nawiyat jemisi boli'p tabi'ladi'. Insanlar wo'z wo'mirin mazmunli' qi'li'w, ti'ni'sh ha'm tati'w jasaw ushi'n huquq ha'm minnetlerin qatan' belgilep beretug'i'n ni'zamlardi' woylap tapqan.**

Sebebi ha'r bir adam huquq ha'm yerkinlikti, soni'n' menen birge, wo'zinin' basqalar aldi'ndag'i' wazi'ypalari' menen minnetlerin jaqsi' tu'sinse, du'nyada jamanli'q, a'dalatsi'zli'q, ha'r qi'yli' kewilsiz waqi'yalar kemeyedi.

Insanni'n' ma'nawiyati' joqari'lap barg'an sayi'n huquq tuwrali' tu'sinikleri de jetilisip bara beredi. Adamzat ja'ne de ko'birek huquqqa, ja'ne de ko'birek yerkinlikke iye boli'wdi' qa'leydi. Siz tariyxtan woqi'g'ani'n'i'zday, XX a'sir baslari'nda so'z yerkinligi, baspaso'z yerkinligi ha'm hu'jdan yerkinligi ma'seleleri ko'pshilik xali'qlar ushi'n qol jetpes a'rman yedi. Evropa, Ame-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

rika ha'm Aziyada a'ne usi' huquqlardi' talap yetip adamlar qanshama gu'res ju'rgizgen. Bu'gingi ku'nde bolsa bunday yerkinlikler demokratiyali'q ja'miyetlerde konstituciyalar ha'm ni'zamlar menen bekemlengen ku'ndelikli qa'diriyatqa aylani'p qaldi'. Wolarsi'z yendi turmi'sti' ko'z aldi'mi'zg'a keltiriw de qi'yi'n.

Ha'zirgi adamlar, ma'nawiyati' ha'm woy-pikiri wo'zgergeni ushi'n, pu'tkilley basqa talaplar menen maydang'a shi'qpaqta. Atap aytqanda, yadro qurallari'n tarqatpaw, xali'q arali'q terrorshi'li'qqa ha'm ekstremizmge qarsi' gu'resiw, qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi'na jol qoymaw si'yaqli' ta'shwishler bu'gingi insaniyatti'n' tiykarg'i' talaplari'na aylanbaqta. Bul ma'seleler Jer ju'zinde tirishilikti saqlaw, adamlardi'n' yen' muqa'ddes huquqi' bolg'an jasaw huquqi'n ta'minlewge baylani'sli' bolg'ani' ushi'n da u'lken qa'weter woyatpaqta.

**! Insandi' ma'nawiyatsi'z ko'z aldi'mi'zg'a keltirip bolmag'ani'nday, huquqsi'z da ko'z aldi'mi'zg'a keltire almaymi'z.**

Demek, huquq ta, ma'nawiyat ta insan wo'mirinin' mazmuni'n belgilep beretug'i'n a'hmiyetli faktorlar boli'p yesaplanadi'. Soni'n' ushi'n da huquqi'y ma'deniyat insanni'n' ja'miyet turmi'si'nda belsendilik penen qatnasi'wi'na mu'mkinshilik beretug'i'n, ma'nawiy da'rejesin belgileytug'i'n wo'zine ta'n wo'lshem boli'p yesaplanadi'.

### ? *Soraw ha'm tapsi'rmalar:*

1. Ja'miyette ni'zam u'stinligine yerisiw ushi'n neler talap yetiledi?
2. Buri'ng'i' sovet da'wirinde insan huquqlari' ha'm yerkinliklerine qayshi' keletug'i'n qanday a'dalatsi'zli'qlar a'melge asi'ri'lg'ani' tuwrali' u'yin'izdegi kekselerden yesittin'iz be?
3. Ni'zam u'stinligi menen ma'mleketlerdin' rawajlani'wi' arasi'nda qanday baylani's bar?
4. Huquqi'y ma'deniyat degen ne?
5. Insan huquqi'y ma'deniyatqa iye bolmasa, qanday jag'dayg'a tu'siwi mu'mkinligin mi'sallar ja'rdeminde tu'sindirip berin'.
6. Ma'mleketimizdegi bilimlendiriw sistemasi'nda jaslardi'n' huquqi'y woy-pikirin ko'teriw boyi'nsha a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an isler tuwrali' ayti'p berin'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

7. To'mendegi su'wretler tiykari'nda ni'zamli'li'qti'n' ta'minleniwi ja'miyet turmi'si'nda qanshelli a'hmiyetli yekeni tuwrali' ayti'p berin'.

A) 

C) 

B) 

D) 



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## INTERNETTEN PAYDALANI'W MA'DENIYATI'

***(A'meliy sabaq)***

Usi' a'meliy sabaqta woqi'ti'wshi'n'i'z ha'm sizler to'mendegi ma'selelerge ayi'ri'qsha itibar beriwin'iz maqsetke muwapi'q:

— Internet sistemasi'ni'n' payda boli'w tariyxi';

— bul sistemani'n' sheksiz imkaniyatlari' ha'm wondag'i' operativlik sebepleri;

— Usi' sistema insaniyatti'n' wo'z-ara ma'limleme almasi'wi', ekonomikali'q baylani'slardi'n' tezlesiwi, siyasiy ha'm ja'miyetlik jan'ali'qlardan xabardar boli'w, ma'kemeler menen millionlap adamlar arasi'ndag'i' ma'deniy baylani'slardi'n' an'satlasi'wi' si'yaqli' ko'plep unamli' mu'mkinshiliklerdi jaratqani';

— soni'n' menen birge, Internet sistemasi'nan tu'rli g'a'rezli maqsetlerde paydalani'wg'a uri'ni'p ati'rg'an buzg'i'nshi' ku'shler, wolar ta'repinen usi' sistemag'a kirgizip jiberilip ati'rg'an wo'sek ga'pler, wo'tirik xabarlar menen ko'rinislerdin' wog'ada ko'bey-genligi;

— Internettin' insan qa'lbin ha'm sanasi'n za'ha'rlewge, a'debi menen ruwxi'yati'na unamsi'z ta'sir ko'rsetiwge bag'darlang'an ko'plep saytlardi'n' bar yekenligi;

— wo'zine qanday mag'luwmat kerekligin, woni' qay jerden izlewdi aldi'n-ala biliwi usi' sistemadan paydalanbaqshi' bolg'an adamni'n' joqari'da atap wo'tilgen qa'wiplerden saqlani'wda a'hmiyetli faktor yekenligi;

— Internettegi jurti'mi'zg'a tiyisli saytlardan ko'birek payda-lani'w jaslardi'n' bilim ha'm ma'deniyat da'rejesin ko'teriw, Watani'mi'z tariyxi' menen bu'gingi ku'ni tuwrali' qali's ha'm ani'q mag'luwmatlar ali'w imkaniyati'n jarati'wi';

— Internetten ali'ng'an du'nya ilimi, ma'deniyati', tu'rli ma'm-leketler tariyxi' ha'm ha'zirgi jag'dayi' haqqi'ndag'i' mag'luw-matlardi' wo'z-ara sali'sti'ri'w usi' mag'luwmatlardi'n' isenimli-ligin ani'qlawda a'hmiyetli yekenligi ha'm t.b.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## A'meliy sabaq ushi'n a'debiyatlar:

1. Islam Karimov. Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. –T.: «Ma'nawiyat», 2013. 128–132-bb.

2. Islam Karimov. Watan ha'm xali'q ma'n'gi qaladi'. –T.: A'liysher Nawayi' ati'ndag'i' O'zbekistan Milliy kitapxanasi' baspasi', 2010. 95–97-bb.

3. Prezident Islam Karimovti'n' «Joqari' bilimli ha'm intellektual rawajlang'an a'wladti' ta'rbiyalaw – ma'mleketti turaqli' rawajlandi'ri'w ha'm modernizaciyalawdi'n' yen' a'hmiyetli sha'rti» temasi'ndag'i' xali'q arali'q konferenciyani'n' ashi'li'w ma'resimindegi shi'g'i'p so'ylewi. –T.: «Xalq so'zi» gazetasi', 2012-ji'l, 17-fevral sani'.

4. Milliy g'a'rezsizlik ideyasi': tiykarg'i' tu'sinikler, principler ha'm atamalar. –T.: «Yangi asr avlodi» baspasi', 123–124-bb.

## QADAG'ALAW JUMI'SI'

T a p s i' r m a: ***«Milliy wo'zlikti an'law»*** *temasi'nda referat tayarlan'.*

Woni' jazi'wda to'mendegi ma'seleler boyi'nsha wo'z betin'izshe pikir ju'ritiwge ha'reket yetin':

– Jurtbasshi'mi'zdi'n' «O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda» (kitapti'n' 66–71, 174–178, 222–226, 249–253 ha'm 272–274-betleri) ha'm «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» (kitapti'n' 5–7 ha'm 29–35-betleri) shi'g'armalari'nda usi' ma'sele boyi'nsha bildirgen woy-pikirleri;

– milliy wo'zligin an'lamag'an xali'q, millet qanday awhalg'a tu'siwi mu'mkinligi;

– buri'ng'i' sovet zamani'nda xalqi'mi'zdi' milliy wo'zliginen ayi'ri'w ushi'n ju'rgizilgen siyasat ha'm woni'n' aqi'betleri;

– wo'zlikti an'law tariyxi'y yadnamani' woyati'wdan baslanatug'i'nli'g'i';

– g'a'rezsizliktin' da'slepki ji'llari'nan baslap jurti'mi'zda milliy wo'zlikti an'law, an'lati'w boyi'nsha a'melge asi'ri'lg'an haqi'yqi'y tariyxi'y isler;

– milliy wo'zlikti an'law shaxs, millet, xali'q qa'lbinde maqtani'sh tuyg'i'si'ni'n' ku'sheyiwinde a'hmiyetli faktor yekenligi;

– wo'zligin an'lag'an xali'q jarqi'n keleshekke bekkem isenim menen qarawi' ha'm basqa da ma'seleler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

IV bap

# MA'NAWIYAT – JA'MIYET HA'M MILLET RAWAJI'NI'N' BASLI' FAKTORI'

## MA'NAWIYAT – INSAN HA'M JA'MIYET MA'DENIYATI'NI'N' TIYKARI'

A'ziz woqi'wshi'! Ha'zirge shekem alg'an bilimlerin'izden tu'sinip alg'ani'n'i'zday, ma'nawiyat tek insang'a g'ana ta'n bolg'an qa'siyet boli'p yesaplanadi'. Sebebi du'nyadag'i' janzatlar ishinde tek adam g'ana wo'z aldi'na maqset qoyi'p, woylap-pikirlep jasaydi'. Ma'nawiyattani'wshi' ali'm Abduraxim Erkaev bul tuwrali' to'mendegi pikirlerdi aytadi': «Ta'biyatta ma'nawiyat joq. Biz haywanatlar du'nyasi'ni'n' tu'rleri, na'sli ha'm basqa da belgilerine qarap wolardi' a'depli yamasa diyanatli', na'zik ta'biyatli', mo'min yamasa hu'jdansi'z ha'm t.b. dey almaymi'z. Yeger ja'ne de ani'g'i'raq ha'm janli' mi'sal ja'rdeminde aytatug'i'n bolsaq, «mine bul don'i'z ha'm yeshek – na'zik xarakterli, go'zzalli'q shaydalari', a'ne usi' yekewi ju'da' mo'min, al mi'nalari' bolsa insapsi'z ha'm da'mego'y», dep ayti'w aqi'lg'a si'ymaydi'.Wo'simlik du'nyasi' tuwrali' usi'nday mu'na'sibet penen so'ylewdin' wo'zi arti'qsha»[1].

Bunnan ko'rinip turg'ani'nday, biz ma'nawiyat ha'm wog'an baylani'sli' tu'sinikler tuwrali' aytqani'mi'zda, tek insanlarg'a g'ana ta'n joqari' tuyg'i'lar, sezimler, ko'nlikpeler, ta'jiriybelerden kelip shi'g'ami'z, solarg'a su'yenemiz.

**Jaqsi' bilip ali'wi'n'i'z kerek bolg'an ja'ne bir na'rse, ma'nawiyat socialli'q ha'diyse boli'p yesaplanadi'. Bul degeni, woni'n' payda boli'wi', jetilisiwi, a'wladtan a'wladqa wo'tiwi insanni'n' is-ha'reketlerine baylani'sli'.**

Insanlar is-ha'reketi bolsa wo'z-ara ja'mlenip, ja'miyet turmi'si'n ju'zege keltiredi. Demek, insan ha'm woni'n' is-ha'reketisiz, ja'miyettin' socialli'q turmi'si'si'z ma'nawiyatti' ko'z aldi'mi'zg'a keltirip bolmaydi'. Jurtbasshi'mi'z ma'nawiyatti'n' insan sanasi' menen qa'lbine sin'iwin to'mendegishe bayanlaydi':

[1] **A. Erkaev.** Ma'nawiyat ha'm rawajlani'w. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2009-ji'l, 19-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**«Ma'nawiyat insanni'n' qan-qani'na, su'yek-su'yegine deyin ji'llar dawami'nda ana su'ti, shan'araq ta'rbiyasi', ata-babalari'mi'zdi'n' u'git-na'siyati', Watan tuyg'i'si', bul turmi'sti'n' geyde ashshi', geyde quwani'shli' sabaqlari' menen tamshi'-tamshi' boli'p sin'ip baradi'»[1].**

Yendi Prezidentiimzdin' usi' pikiri tiykari'nda jatqan mazmun-mag'anani' teren'irek tu'siniwge ha'reket yeteyik.

Yeger de ma'nawiyat insanni'n' qan-qani'na, su'yek-su'yegine sin'etug'i'n tuyg'i'lar, ko'z-qaraslar ha'm ko'nlikpeler ji'yi'ndi'si' bolsa, demek, wolardi' ko'z benen ko'rip, qol menen uslap, ren'in yamasa iyisin biliw mu'mkin yemes. Ma'nawiyat insan ruwxi'yati'nda, qa'lbi menen sana-seziminde qa'liplesip rawajlanadi'. Ruwxi'y qa'diriyatlar ata-babalar toplag'an turmi's ta'jiriybeleri, ibratli' isler, a'dep-ikramli' ko'z-qaraslar tu'rinde a'wladlarg'a wo'tip baradi'.

**Bular qatari'na anani'n' ha'yyiwi de, shan'araqtag'i' mu'na'sibetler de, ulli' woyshi'llar qaldi'rg'an bahali' kitaplar da, ma'deniy yestelikler tu'rindegi ruwxi'y-ag'arti'wshi'li'q derekleri de, bu'gingi ku'n do'retiwshileri jarati'p ati'rg'an shi'g'armalar, ilimpazlar ashi'p ati'rg'an jan'ali'qlar da kiredi.**

Watan tuyg'i'si'ni'n' wo'zi ne, wol insan qa'lbinde qalay payda boladi', neler ja'rdeminde jetilisedi, degen ma'seleler tuwrali' bolsa siz benen to'mengi klaslarda sa'wbetlesken yedik.

Jurtbasshi'mi'z insan ma'nawiyati'ni'n' qa'liplesiwinde «turmi'sti'n' geyde ashshi', geyde quwani'shli' sabaqlari'» da a'hmiyetli wori'n tutatug'i'ni'na itibar qaratadi'. Ha'zirge shekem alg'an bilim ha'm ta'jiriybelerin'izden bilip ati'rg'ani'n'i'zday, turmi's tu'rli qi'yi'nshi'li'qlarg'a, qarama-qarsi'li'qlarg'a toli'. Wonda quwani'shli' ku'nler menen birge, ta'shwishli, qa'weterli ku'nler de ko'p boladi'. Qarap tursan'i'z, bunday ta'shwishler menen qa'weterlerdin' ha'mmesi ko'binese tap siz benen bizdey adamlardi'n' is-ha'reketleri sebepli ju'zege keledi. Yag'ni'y ayi'ri'm adamlar ma'nawiyati'ndag'i' kemtikler, adamlarda ushi'raytug'i'n hu'jdansi'zli'q, a'depsizlik, iyman ha'm isenimnin' pa'sligi basqa insanlar ushi'n qanshadan qansha mashqalalardi' keltirip shi'g'a-

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 28-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

radi'. Demek, mine usi' nuqsanlardan alg'an ashshi' sabaqlari'mi'z siz benen bizge de ibrat boli'wi' tiyis. Wo'zimizde bunday kemshilikler bolmawi' ushi'n, usi' jolda isleytug'i'n is-ha'reketlerimiz ruwxi'y du'nyami'zdi'n' pa'k boli'wi'na tiykar jarati'wi' tiyis.

**Prezidentimiz «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda ma'nawiyatti' qa'liplestiretug'i'n tiykarg'i' wo'lshemler si'pati'nda to'mendegilerdi birme-bir tu'sindirip beredi: 1. Ruwxi'y miyras, ma'deniy bayli'qlar, a'yemgi tariyxi'y yestelikler; 2. Xali'q awi'zeki do'retiwshiligi; 3. Muqaddes dinimiz; 4. Ulli' dani'shpanlari'mi'z, woyshi'l babalari'mi'z ashqan ten'i-tayi' joq ilimiy-do'retiwshilshilik jan'ali'qlari'; 5. Shan'araq, woni'n' worni' ha'm ta'siri; 6. Ma'ha'llenin' roli ha'm a'hmiyeti; 7. Ta'lim-ta'rbiya sistemasi'.**

Yeger itibar bersen'iz, insanni'n', soni'n' ishinde, bizin' jurti'mi'zda tuwi'li'p wo'sken adamlardi'n' turmi'si'n joqari'da atap wo'tilgen qa'diriyatlarsi'z ko'z aldi'mi'zg'a keltirip bolmaydi'. Shi'ni'nda da, bizin' u'lkemizde du'nyag'a belgili ko'plep ma'deniy bayli'qlar, a'yyemgi tariyxi'y yestelikler quri'lg'an.

**«Ma'mleketimiz aymag'i'nda bar bolg'an to'rt mi'n'nan arti'q materialli'q-ruwxi'y yestelikler pu'tkil ja'ha'n miyrasi'ni'n' tapti'rmas u'lgisi si'pati'nda YUNESKO dizimine kirgizilgeni de bul pikirdi tasti'yi'qlaydi'»[1].**

Wolar arasi'nda bunnan derlik u'sh mi'n' ji'l buri'n Xorezm topi'rag'i'nda do'retilgen «Avesto» kitabi' ayi'ri'qsha itibarg'a i'layi'q. Bul kitapti'n' tu'pkilikli mazmun-mag'anasi'n belgilep beretug'i'n «Iygilikli pikir, iygilikli so'z, iygilikli a'meliy is» degen basli' ideyasi' yelege shekem wo'zinin' aktualli'g'i'n, a'hmiyetin jog'altqan yemes.

**«Avesto»dag'i' bul ta'liymat boyi'nsha insan iyman-isenimi u'sh tayani'shqa tiykarlanadi': birinshisi – pikirlerdin' tazali'g'i', minsizligi, yekinshisi – so'zinen qaytpaw, u'shinshisi – is-ha'reketlerdin' insani'yli'g'i'.**

---

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 30-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

A'yemgi ata-babalari'mi'z balalardi'n' tek salamat tuwi'li'wi' ha'm na'resteliginen baslap fizikali'q ta'rbiyasi'na g'ana u'lken itibar berip qalmastan, wolardi'n' ilim ha'm hikmet u'yreniwi, ruwxi'y jaqtan pa'k boli'wi', jaqsi' qa'siyetlerdi iyelewi ushi'n da u'lken g'amxorli'q qi'lg'an.

Yer balalar yel-jurtti'n' keleshektegi qorg'awshi'lari' bolg'ani' ushi'n gu'reske tu'siw, atqa suwli'q sali'w, woni' yerlew, at ha'm tu'yeni basqari'w, mal bag'i'w, woni' ji'rtqi'sh haywanlardan ha'm qaraqshi'lardan qorg'aw ushi'n 50 den arti'q a'skeriy, jawi'ngerlik qurallardi' islete biliwi ma'jbu'riy bolg'an.Wolarg'a 30 tu'rli a'skeriy wo'ner tu'rleri u'yretilgen.

Qi'z balalar da ju'nnen urshi'q ha'm shari'qta jip iyiriw, gezleme toqi'w, kiyim-kenshek tigiwden ti'sqari', yer balalar menen gu'reske tu'siw, shabandozli'q, qi'li'shlasi'w, qalqan tuti'p, wo'zin qarsi'lasi'nan qorg'aw, atta ha'r tu'rli tosi'qlardan sekirip wo'tiw, suwda ju'ziw, uzaqqa juwi'ri'w, nayza i'laqti'ri'w, woqjaydan woq ati'w ha'm basqa da fizikali'q-a'skeriy shi'ni'g'i'wlardi' wori'nlawg'a u'yretilgen.

Usi'layi'nsha ata-babalari'mi'z perzentlerinin' jani'-ta'nin, ruwxi'yati'n shi'ni'qti'rg'an, ta'rbiyalag'an.Wolar iygilik, jaqsi'li'q, diyanatti' jawi'z ku'shler hu'jimine ha'm topi'li'si'na qarsi' ku'sh-quwat deregi dep bilgen. Zorli'q-zombi'li'qti'n' joli'n tosi'wda dushpang'a qarsi' tura alatug'i'n ha'm fizikali'q, ha'm ruwxi'y tosi'g'i'n, qorg'ani'n payda yetken.

Ko'pshiligimiz xalqi'mi'zdi'n' a'yyemgi yerteklerin, a'psanalari'n, da'stanlari'n ha'z yetip yesitemiz, woqi'ymi'z.Wolarda su'wretlengen waqi'ya-ha'diyseler, qaharmanlardi'n' ma'rtligi qa'lbimizdi tolg'andi'radi', bilimimizdi asi'radi', do'retiwshi pikirlerimizdi ken'eytedi. Bunnan ti'sqari', wolarda xalqi'mi'zdi'n' azatli'qqa ha'm yerkinlikke, abadan ha'm ti'ni'sh turmi's keshiriwge bolg'an a'zeliy arzi'w-umti'li'slari' ja'mlengen. Xali'q awi'zeki do'retpesi degen at penen bizge shekem zawalsi'z jetip kelgen mine usi' ruwxi'y bayli'qlari'mi'z arasi'nda «Alpami's» da'stani' ayi'ri'qsha aji'rali'p turadi'. Jurtbasshi'mi'z bul shi'g'armag'a to'mendegishe joqari' baha beredi:

**«Yeger xalqi'mi'zdi'n' a'yyemgi ha'm dan'qli' tariyxi' tawsi'lmas bir da'stan bolsa, «Alpami's» a'ne usi' da'stanni'n' shahana ba'yiti, desek duri's boladi'. Bul klassikali'q shi'g'armada tariyx boranlari'nan, wo'mir-wo'lim si'naqla-**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**ri'nan aman shi'g'i'p, wo'zligin ba'rqulla saqlag'an yeljurti'mi'zdi'n' ken'peyillik, ma'rtlik, haq niyetlilik, sadi'qli'q ha'm wopadarli'q si'yaqli' iygilikli pazi'yletleri wo'z sa'wleleniwin tapqan»[1].**

Haqi'yqati'nda da, da'stanni'n' bas qaharmanlari' Alpami's ha'm Barshi'naydi'n' basi'na ne-ne ta'g'dir qi'yi'nshi'li'qlari' tu'spegen deysiz. Bul yeki jas jurtti', ha'kimiyatti' jawlardan tazalaw, tu'rli hiylelerge, aldawlarg'a isenbesten, maqsetke qaray umti'li'w, yelge ja'bir qi'lmaqshi' bolg'anlarg'a mu'na'sip soqqi' beriw, usi'layi'nsha wo'z yeline, ana jurti'na mu'na'sip iyelik yetiwdey juwapkershilikli wazi'ypani' aq ju'zli, abi'rayli' boli'p wori'nlaydi'. Bul gu'resler dawami'nda wolardi'n' tuwi'li'p wo'sken jurtqa mehiri, dosli'qqa wopadarli'g'i', tuwg'an-tuwi'sqanlari'na sheksiz miyirmanli'g'i', pa'k muhabbati' si'naqtan wo'tedi, taplanadi'. Jurtbasshi'mi'z xalqi'mi'zdi'n' a'yyemgi ha'm sha'wketli tariyxi'n tawsi'lmas bir da'stan dep, «Alpami's»ti' bolsa, usi' da'stanni'n' shahana ba'yiti dep bahalawi'ni'n' tiykari'nda mine usi' haqi'yqatli'q turi'pti'. Yag'ni'y, xalqi'mi'zg'a ta'n bolg'an, woni' a'sirler si'nag'i'nan aman ali'p shi'qqan barli'q a'diwli pazi'yletler usi' da'standa ma'n'gilik qosi'qtay ji'rlang'an.

Insanni'n', xali'qti'n' ma'nawiyati'n qa'liplestiretug'i'n tiykarg'i' wo'lshemler qatari'na kiretug'i'n muqa'ddes dinimiz, woyshi'l babalari'mi'zdi'n' ashqan ten'i-tayi' joq jan'ali'qlari', shan'araq ha'm ma'ha'lle, awi'l-aymaq, ta'lim-ta'rbiya sistemasi'ni'n' roli menen a'hmiyeti tuwrali' aldi'n'g'i' sabaqlari'mi'zda azg'ana aytqan bolsaq, kelesi sabaqlarda da wolarg'a ayi'ri'm-ayi'ri'm toqtap wo'temiz.

Ha'zir bolsa insan ma'nawiyati'ni'n' qa'liplesiwinde a'hmiyetli wori'n tutatug'i'n sabi'r-taqat, mehir-miriwbet, jaqsi'li'q ha'm jamanli'q tu'siniklerine ani'qlama berip, wolardi' an'lap ali'wg'a ha'reket yetemiz.

*«Qanaat» tu'sinigi turmi'sta qi'yi'nshi'li'qlarg'a shi'daw, na'psin ti'yi'w, azg'a da, ko'pke de to'zimli boli'wdi' an'latadi'.*

Adam wo'mirinde tu'rli ku'tilmegen waqi'yalar, baxi'tli' ha'm qayg'i'li', jaqsi' ha'm jaman ku'nler boli'wi' ta'biyiy. Biraq insan

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 32-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

baxi'tsi'zli'q keyninen baxi't, jamanli'q keyninen jaqsi'li'q, mu'ta'jlik keyninen abadanshi'li'q keliwine isenip, sog'an ha'reket qi'li'p jasawi' lazi'm. Turmi's awi'rmanli'qlari'na, qi'yi'nshi'li'qlari'na shi'dag'an, wolardi' shi'damli'li'q penen jen'gen adamlar jaqsi' ku'nlerge de, gu'llengen turmi'sqa da, a'lbette, yerisedi.

Yeger haywanlar wo'mirine na'zer salsan'i'z, wolarda qanaat, sabi'rli'li'q tuyg'i'si' bolmag'anli'g'i' sebepli de qorqi'ni'shli' ha'diyseler ju'z beriwine gu'wa bolasi'z. Ayi'ri'm haywanlar azi'q taba almay qalg'an payi'tlari' wo'z padasi'ndag'i'larg'a, ha'tte zu'riyatlari'na da hu'jim qi'ladi', wolardi' ji'rtqi'shlarsha jep, na'psin qandi'radi'.

**Kimnin' ta'biyati'nda qanaat, sabi'rli'li'q, shu'kir yetiwshilik sezimleri ku'shli bolsa, bunday insan adamgershilik shegarasi'nan hesh qashan shi'qpaydi', birewdin' ja'rdemine ku'ni qarap qalmaydi', wo'zgeler minnetinen ji'raq ju'redi.**

Sebebi minnet yetiwge sebep bolatug'i'n hesh bir jaqsi'li'q hasli'nda jaqsi'li'q dep yesaplanbaydi'.Wo'zin hu'rmet qi'latug'i'n, qa'dirleytug'i'n adam bunday «jaqsi'li'q»qa mu'ta'jlik sezbeydi, al wo'z ku'shi, yerk-i'qi'rari', sabi'r-taqati'n iske sali'p, ha'mme na'rsege wo'zi yerisedi. Bul jag'i'nan da O'zbekistan xali'q shayi'ri' Abdulla Aripovti'n' qosi'qlari' wog'ada ibratli'.Woni'n' «Iltimas» atli' qosi'g'i'nda joqari'dag'i' pikirlerimiz wo'zinin' ayqi'n ko'rinisin tapqan:

*Sergizdan, jollarda qalsan' da sen ash,*
*Sabi'r-taqati'n'di' qi'lg'i'l basqa taj,*
*Si'qmar joldasi'n'a bolma hesh mu'ta'j,*
*Ha'rgiz iltimasqa ku'nin' qalmasi'n.*

Qa'ne, ayti'n'i'zshi', ne ushi'n shayi'r si'qmar joldasi'nan bunshelli kewli qalg'an? Iltimas qi'li'wdi'n', qanday da bir ma'selede basqalardan ja'rdem ali'wdi'n' nesi jaman? Aqi'ri' turmi'sta adamlardi'n' bir-birine jumi'si' tu'siwi, qa'ley me, qa'lemey me, wolar bir-birinen neni bolsa da iltimas qi'li'wi' ta'biyiy na'rse g'oy!

Ha'mme ga'p usi' iltimasti' kimge qi'li'wda, kimnen ja'rdem ku'tiwde. Shayi'r si'qmar — mayda, simsik, na'ma'rt, qi'lg'an azg'ana jaqsi'li'g'i'n birewlerge minnet qi'latug'i'n kimselerge jali'nbawdi' uqti'rmaqta. Sebebi:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Du'nyada ba'rinen minnetshil jaman,*
*Nasag'i' beterdur bergen asi'nan,*
*Aqli'n' pu'tin bolsa, to'rt mu'shen' aman,*
*Ha'rgiz iltimasqa ku'nin' qalmasi'n.*

**Haqi'yqati'nda da, insanni'n' aqi'li' pu'tin, deni saw bolsa, sol aqi'li' menen ku'shin iske salsa, bul du'nyada ko'p maqsetlerge yerisiwi ani'q.**

Xalqi'mi'z bul jag'i'nan ju'da' saqi'y xali'q boli'p yesaplanadi'. Yen' awi'r ku'nlerde de bizin' xalqi'mi'z wo'zinin' insani'yli'q kelbetin jog'altpag'an, ar-nami'si'n qoldan bermegen. Atala-ri'n'i'zdan wo'miri dawami'nda bastan keshirgen ha'diyselerdi ko'birek ayti'p beriwdi iltimas qi'lsan'i'z, wolardi' ti'n'lawdi' u'yrensen'iz paydali' bolar yedi. Nege degende, wolar xalqi'mi'z wo'tmishinen ju'da' ko'p ibratli' ha'diyselerdi sizlerge ayti'p beriwi mu'mkin. Soni'n' ishinde, Yekinshi ja'ha'n uri'si', uri'stan keyingi awi'r ji'llarda xalqi'mi'z ko'p qi'yi'nshi'li'qlarg'a ma'rdana shi'dag'ani', frontqa ha'm uri's sebepli wayran bolg'an u'lkelerge azi'q-awqat ha'm basqa da materialli'q bayli'qlardi' jiberip turg'ani' tuwrali' wolardan janli' gu'rrin'lerdi yesitesiz. Bul gu'rrin'ler neden derek beredi? Xalqi'mi'zdi'n' tek saqi'yli'g'i' yemes, sabi'r-taqati'ni'n' sheksizliginen, insanpa'rwarli'g'i'nan derek beredi!

Soni'n' menen birge, bul xali'q basqalar aldi'nda tilinin' qi'si'q bolmawi'n, wo'zgelerdin' minnetine qalmawdi' da wo'zine isenim yetip alg'an. Buni'n' worni'na bizin' xalqi'mi'z barli'q qi'yi'nshi'li'qlar menen kemshiliklerdi sabi'rli'li'q penen, shi'damli'li'q penen jen'edi. Sebebi sabi'r-taqat arqali' maqset yetilgen ko'plep isler a'melge asi'wi'n, sabi'rsi'zli'q sebepli bolsa adam joldan shi'g'i'p ketiwin xalqi'mi'z jaqsi' biledi.



Baqlap ati'rg'an bolsan'i'z, adamlar turmi'si' mudami' bir qa'lipte wo'tpeydi. A'sirese, shan'a-raq sharayati'nda tu'rli awi'rman-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shi'li'q, jetispewshilikler boli'p turatug'i'ni' da a'dettegi jag'day. Ata-anan'i'z sizin' wo'tinishin'izdi bir sapari' shi'n kewilden wori'nlasa, kelesi sapari' qoli' keltelik qi'li'p qali'wi' da mu'mkin. Mine usi'nday jag'dayda wolardi' duri's tu'siniwin'iz, kewline tiymewin'iz wog'ada a'hmiyetli.

**Ashi'g'i'n aytqanda, usi'nday mu'na'sibetti — sabi'r-taqatli'li'qti' ko'rgen ata-anan'i'zdi'n' sizge degen mehir-muhabbati' ja'ne de artadi', ilaji' bari'nsha tezirek tilegin'izdi wori'nlawg'a ha'reket qi'ladi'.**

Ko'rip turg'ani'n'i'zday, bizin' sabi'r-taqati'mi'z benen shi'-damli'li'g'i'mi'z da shan'araqtag'i' qari'm-qatnasti' jaqsi'lawg'a, wo'z-ara mu'na'sibetlerdegi qayi'rqomli'qti'n' ku'sheyiwine sebep boladi'. Sebebi, ana xalqi'mi'z: «Sabi'r tu'bi sari' alti'n, sarg'ay-g'an jeter muratqa», — dep biykarg'a aytpag'an.Wo'ytkeni, adam-da sabi'r-taqat, qanaat bolmasa, wol ashko'z, mal-du'nyag'a toymaytug'i'n, du'nyaparaz adamg'a aylanadi'. Bul bolsa adam-ni'n' tuwg'an-tuwi'sqanlari'nan, jora-joldaslari'nan, aqi'r-aqi'bette ja'miyetten aji'rali'p qali'wi'na ali'p keledi.Wo'tmishke na'zer taslaytug'i'n bolsaq, adamzat basi'na tu'sken ju'da' ko'p qorqi'ni'shli' azap-aqi'retler, uri'slar, basqi'nshi'li'qlardi'n' tiyka-ri'nda mine usi' unamsi'z jag'daylar turg'ani'na gu'wa bolami'z.

Mekteptegi tariyx sabag'i'nda ko'p sanli' uri'slar haqqi'nda gu'rrin'lerdi woqi'p ati'rsi'z. Itibar berin'shi, ne-ne saltanatlar, ma'mleketlik du'zimler bir du'rkin kimselerdin' sabi'rsi'zli'g'i', ashko'zligi, shu'kirsizligi aqi'betinde i'di'rap ketken. Tap usi' sabi'rsi'zli'q apati' balani'n' a'kesine, ininin' ag'asi'na qarsi' uri's baslap, mi'n'lap biygu'na adamlardi'n' qurban boli'wi'na sebep bolg'an yemes pe?

Ata-babalari'mi'zdi'n' qanshelli mehir-miriwbetli bolg'ani' tuwrali' tariyx sabaqlari'nda ko'plep ibratli' gu'rrin'lerdi woqi'-g'ansi'z. Ha'zir bolsa bir na'rseni yadi'n'i'zg'a salami'z: mehir-muhabbat ta, miriwbet te birewge maqtani'w maqsetinde qi'li'n-baydi'. Xalqi'mi'z «Won' qoli'n' bergenin shep qoli'n' bilmesin» deydi. Bul degeni — basqalarg'a qi'latug'i'n jaqsi'li'g'i'n'i'z biy-minnet, qali's boli'wi' kerekligin bildiredi. Sonda g'ana islengen jaqsi'li'qlardi'n' bereketi boladi', sawap ali'p keledi. Ja'ne bir ta'repi — bizin' xalqi'mi'z ar-nami'sti' wog'ada qa'sterleydi. Ko'pshilik adamlar qansha qi'ynalsa da, birewge bildirmewge,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

da'rtin a'shkara qi'lmawg'a a'detlengen. Solay yeken, bul adamlarg'a beriletug'i'n ko'mek, jaqsi'li'q ta arti'qsha ja'riya yetilmewi, hesh kimdi qi'si'ni'spag'a qaldi'rmawi' kerek.

**Klaslaslar arasi'ndag'i' wo'z-ara mu'na'sibetlerde mehir ha'm miriwbet tuyg'i'lari' ku'shli bolsa, bul klasti'n' su'ykimliligi basqasha bolatug'i'ni' ani'q. Sebebi insanpa'rwarli'q, a'dalatli'li'q, mehir ha'm miriwbet adam balasi'n, ja'ma'a'tti, ja'miyetti bezep turatug'i'n wo'lmes ziynet boli'p yesaplanadi'.**

Balalar, ja'ne bir na'rseni bilip ali'n': wo'mir bar yeken, jaqsi'li'q penen jamanli'q, iygilik penen jawi'zli'q arasi'ndag'i' gu'res toqtamaydi'. O'zbekistan Qaharmani', xali'q shayi'ri' Erkin Vahidov turmi'sti'n' bul ashshi' haqi'yqatli'g'i'n «Jamanni'n' so'zi» qosi'g'i'nda bi'layi'nsha su'wretlegen yedi:

*Bul adamni'n' da'rgayi' ken'dur,*
*Jaqsi'si' ha'm jamani' ten'dur,*
*Quyash gezip ko'kte mudami',*
*Ba'rshemizge nuri'n shashadi'.*
*Tek g'ana menin' qoyni'mda tas bar,*
*Bunnan senin' ko'zlerin'de jas bar,*
*Sen tutqansan' qoli'n'a shi'raq,*
*Men qoyg'anman joli'n'a duzaq.*

Demek, biz jamanlardi'n' qoyni'ndag'i' tastan – jawi'z niyetlerinen, aldamshi' ideyalari'nan, bizge jat ideologiyalari'nan, a'dep-ikrami'mi'zg'a qayshi' keletug'i'n ko'z-qaraslari'nan mudami' qi'rag'i' boli'wi'mi'z, qa'lbimizdi asi'rawi'mi'z lazi'm.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. Joqari' ma'nawiyatti' insan ha'm ja'miyet ma'deniyati'ni'n' tiykari' dep biliwimizdin' sebebi nede?
2. Ma'nawiyat insanni'n' sana-sezimine, qa'lbine ne ushi'n ji'llar dawami'nda sin'ip baradi'? Bul procesti tezlestiriwdin' ilaji' joq pa?
3. «Avesto» kitabi'nda alg'a su'rilgen wo'lmes ideyani'n' mazmuni'n ken'irek tu'sindire alasi'z ba?
4. Jurtbasshi'mi'z xalqi'mi'zdi'n' a'yyemgi ha'm dan'qli' tariyxi'n ne ushi'n «tawsi'lmas bir da'stan»g'a ten'lestiredi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

5. Sabi'r-taqat insan wo'mirinde qanday a'hmiyetke iye? Sabi'rsi'zli'q she?
6. Sabi'rsi'zli'q yetip qolaysi'z jag'dayda qalg'an waqi'tlari'n'i'zdi' yesley alasi'z ba? Bul tuwrali' klaslaslari'n'i'zg'a ayti'p bere alasi'z ba?
7. Minnet degen ne? Wo'mirin'izde sizge kimdur minnet qi'lg'an ba?
8. To'mendegi su'wretlerge qarap, xalqi'mi'z ma'nawiyati'n ayqi'n sa'wlelendirgen kinofilm ha'm spektakllerdin' atlari'n ayti'n', wolar tuwrali' klaslaslari'n'i'z benen sa'wbet sho'lkemlestirin'.

A)


C)


B)


D)




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DOSLI’Q – JOQARI’ MA’NAWIY TU’SINIK

A’ziz woqi’wshi’! Wo’tken sabaqlar dawami’nda siz benen adam balasi’ni’n’ ta’biyati’ ju’da’ quramali’, qa’lbi bolsa, wog’ada na’zik yekenligi tuwrali’ so’ylestik. Shi’ni’nda da, yelege shekem insanni’n’ ishki du’nyasi’n toli’q bilip ali’wg’a ja’rdem beretug’i’n hesh bir usi’l woylap tabi’lmag’an. Tek basqalardi’ g’ana yemes, al adam wo’zin wo’zi de bile almay, «taba almay» qi’ynaladi’. Soni’n’ ushi’n da wol ha’miyshe turmi’s quwani’shlari’ menen ta’shwishlerin bo’lisetug’i’n da’rtles, pikirles adamg’a mu’ta’jlik sezedi. Bunday adamdi’ bolsa insanlar «dos» dep ataydi’, wolarsi’z jasay almaydi’. Xalqi’mi’zdi’n’ «Dos yesabi’ kewilde», «Dosti’n’ni’n’ kimligin ayt, senin’ kimligin’di aytaman», «Jat jep-toyg’ansha, Dos – wo’le-wo’lgenshe», «Jolg’a shi’qsan’ joldasi’n’di’ tawi’p shi’q», «Dosti’n aldag’an wo’zin aldaydi’» degen naqi’l-maqallar biykarg’a ayti’lmag’an.

Shayi’r Erkin Vahidov bolsa:

*Yeger dosti’n’ menen ten’ bo’lsen’ nani’n’,*
*Shadli’q ten’ ko’beyer, bo’liner g’ami’n’,* –

der yeken, adamni’n’ jaqsi’ ku’ni de, jaman ku’ni de wog’an berilgen bir si’naq yekenligi, yar-doslar ko’megi menen bul si’naqtan jari’q ju’z benen wo’tiw mu’mkin yekenine isharat qi’lmaqta.

*Dosli’q – insanlar arasi’ndag’i’ maqsetler, umti’li’slar, ko’z-qaraslar ha’m ma’plerdin’ jaqi’nli’g’i’na, wo’z-ara bir-birin tu’siniwge, bir-birine iseniwge tiykarlang’an mu’na’sibetler degeni.*

Dosli’q – insandi’ ma’nawiy qollap-quwatlaytug’i’n, woni’n’ awi’ri’n jen’il qi’latug’i’n, ruwxi’yati’n ko’teretug’i’n, wo’zine bolg’an isenimdi artti’ratug’i’n ku’sh boli’p yesaplanadi’.

Insanda dosli’q, birlik, wo’z-ara isenim tuyg’i’lari’ da’rhal ju’zege kelip, wo’z-wo’zinen bekkemlenip qalmaytug’i’nli’g’i’n umi’tpaw kerek. Dana xalqi’mi’z «At su’rnikpey jol tappas, yer



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

su'rinbey dos tappas» degende a'yne usi'ni' na'zerde tutadi'. Sebebi haqi'yqi'y dos tabi'w ha'm wog'an haqi'yqi'y dos boli'p qali'w insannan ko'p na'rseni talap yetedi. Bular – pidayi'li'q, haqi'y-qatshi'lli'q, tuwri'li'q, wo'z ma'plerinen keshe biliw, si'r saqlay ali'w ha'm basqalar boli'p yesaplanadi'. Sonli'qtan da dosli'q uzaq ji'llar dawami'nda ko'plep si'naqlardan wo'tip, taplani'p baradi'. Mine usi' si'naqlar waqti'nda da wo'zin aqlag'an, bu'gilmegen, buzi'lmag'an dosli'qti' haqi'yqi'y dosli'q dep atasa boladi'.

Turmi'sta haqi'yqi'y, sadi'q dos tabi'w insan ushi'n u'lken baxi't. Tilekke qarsi', bul baxi'tqa ha'mme de miyasar bola bermeydi. A'tirapi'nda hesh kim joq, turmi'si' nursi'z ha'm zerigerli bolg'an geypara insanlar da ushi'raydi'. A'lbette, bul jag'daydi'n' sebepleri ju'da' ko'p ha'm quramali' boli'wi' mu'mkin. Bunday adamlardi' hesh bir sebepsiz ayi'plawdan da abayli' boli'w kerek. Biraq, qalay bolg'anda da, du'nyada birde bir dos artti'rmay jasap ati'rg'an adamlar, da'slep, wo'zlerine teren' na'zer sali'p ko'riwi kerek boladi'. Sebebi a'tiraptag'i' ha'mme adam jaman boladi' da, bir g'ana wol jaqsi', bulaq suwi'nday taza boli'wi' mu'mkin yemes g'oy! Demek, woni'n' wo'zinin' minez-qulqi'nda, mu'na'sibetinde, ta'biyati'nda qanday da bir kemshilik bar bolg'ani' ushi'n da basqalar wonnan wo'zin ali'p qashadi'-da'.

Bunday jag'daylarda babalari'mi'zdan qalg'an hikmet i'qti'yarsi'z yeske tu'sedi: «Ko'pti jamanlag'an ko'miwsiz qalar». Bul ibaradag'i' adamlardi' woylap-woylamay jamanlaw degende, negizinde, insanni'n' ashshi' yamasa sandi'raq so'zden sharshamaytug'i'n tili, g'a'zepli yaki mi'sqi'lli' pikiri, adamlardi' bezdiretug'i'n jaman minezi yamasa so'zinde tura almaw si'yaqli' qa'siyetlerdi tu'siniwimiz kerek. Mine usi'nday awi'r jag'dayg'a tu'sip qalmaw, du'nyada dossi'z jasamaw ushi'n da biz wo'zimizdi wo'zimiz turaqli' tu'rde «tergep turi'wi'mi'z», wo'zimizdi an'lawi'mi'z lazi'm. Sebebi haqi'yqi'y dos bazi' jag'daylarda tuwi'sqan ag'ayinlerden de ko'birek paydali'raq boli'wi', wo'z mehiri menen wo'mirimizdi abat yetiwine so'z joq.

Insan ha'r qanday jag'dayda da jani'nda wo'zine jaqi'n insanlar – ata-anasi', tuwg'an-tuwi'sqanlari' menen bir qatarda doslari'ni'n' da boli'wi'n shi'n kewlinen qa'leydi. Dosti'ni'n' jani'nda turg'ani'n ko'rgen ha'r qanday adam quwani'shli' ku'ninde kewli shadli'qqa toli'p-tasadi', qayg'i'li' ku'ninde kewli jubani'sh tabadi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Turmi'sta haqi'yqi'y doslar menen bir qatarda jalg'an doslar da ushi'rasi'p turadi'.Wolar jeke ma'pleri ushi'n, belgili bir maqsetti go'zlep, wo'zlerin dos qi'li'p ko'rsetiwge ha'reket qi'ladi', yag'ni'y wo'mir saxnasi'nda sheber artist boli'p ko'rinedi.**

Bunday adamlar a'meldarlar menen lawazi'm ushi'n, qurg'i'n adamlardi'n' materialli'q bayli'g'i' ushi'n, aqi'lli', qa'biletli adamlar menen bolsa woni'n' intellektual mu'mkinshiliklerinen paydalani'w ushi'n dos boladi'. Jalg'an dosti'n' ha'r bir so'zi wo'z maqsetin go'zlep ayti'ladi'.Wol hiyleker, hayyar, yeki ju'zli, birewdin' si'ri'n ha'mmege jayatug'i'n adam boli'p yesaplanadi'. Wol sizin' quwani'shli' ku'nlerin'izde merez sho'ptey worali'p, sizden aji'ralmaydi', basi'n'i'zg'a is tu'skende bolsa ko'zden g'ayi'p boladi'. Dos dep isenip aytqan si'rlari'n'i'zdi' dushpanlari'n'i'zg'a a'shkar yetip, yendi wolarg'a «dosli'g'i'n» ko'rsete baslaydi'. Soni'n' ushi'n da jalg'an dos ju'da' qa'wipli ha'm dushpannan da qorqi'ni'shli'. Sebebi, insan wo'z dushpani'n bilgennen son', woni'n' ha'r bir ha'reketinen saq boladi', wo'zin wonnan awlaq tutadi'. Jaman dostan bolsa, woni' dos dep isengeni ushi'n hesh na'rseni jasi'rmaydi', ishki si'rlari'n da woni'n' menen bo'lisedi.

**Xalqi'mi'zdi'n' «Ali'stag'i' dushpannan an'li'p ju'rgen dos jaman», «Jan dosti'n' jani'nan keshse de, mal dosti'n' mali'nan keshpes», «Aqi'lsi'z dushpannan bir saqlan, aqi'lsi'z dostan mi'n' saqlan» degen naqi'l-maqallari'nda dosti'n' nadanli'g'i', yeki ju'zliligi, qi'yanetshilligi dushpan ti'yi'g'i'nan da wo'tkir, qa'wipli yekenine isharat yetiledi.**

Sonli'qtan da insan ushi'n haqi'yqi'y dos kim, dushpan kimligin biliw ju'da' a'hmiyetli. Dosti'n' haqi'yqi'y yamasa jalg'anli'g'i', a'sirese, insan basi'na awi'r ku'nler tu'skende ani'q bilinedi. Sebebi quwani'shli' ku'nlerin'de ha'mme birdey jani'n'a keledi, shadi'-qorramli'g'i'n'di' bo'lisedi. Qayg'i'li', awi'r ku'nlerin'de bolsa haqi'yqi'y doslari'n' g'ana g'am-ta'shwishlerin'di birge ko'teredi, sag'an ko'mekshi, su'yenish boladi'.

Usi' jerde bir gu'rrin'di yadi'n'i'zg'a salmaqshi'mi'z. 5-klasta «A'debiyat» sabag'i'nda woqi'g'ani'n'i'z, belgili gruzin jazi'wshi'si' Nodar Dumbadzenin' «Hellados» atli' shi'g'armasi' yesin'izde shi'g'ar. Woni'n' qaharmanlari', sizin' ten'leslerin'iz – Jamal ha'm Yanguli qalayi'nsha aji'ralmas doslarg'a aylang'an yedi? Bul yeki



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



g'oshshaq jigitler da'slep so'z ali'si'p uri'sqan bolsa, keyin shi'ni' menen mushlasi'wg'a shekem jetip baradi'. Bir-birin a'bden si'nap bilgennen son' g'ana wolar arasi'nda hesh kim buza almaytug'i'n bekkem dosli'q baylani'slari' payda boladi'. Bul yekewi, buri'n hesh qashan ko'rmegen bolsa da, bir-birewinin' qayti's boli'p ketken analari'n da hu'rmet penen yesleydi. Itibar berin': demek, haqi'yqi'y dos tek sizin' wo'zin'izge g'ana yemes, barli'q shan'araq ag'zalari'n'i'zg'a da dosli'q, miyrim-sha'pa'a't ko'zi menen qaraydi' yeken da'!

Uzaq ji'llar qatar jasaw, birge woqi'w, miynet qi'li'w, basqa qanday da bir ta'shwish tu'skende tilekles, pikirles boli'w, saparg'a shi'qqanda ha'm basqa da jag'daylarda adamlar doslasi'p qaladi'. Dos tuti'ni'w ju'da' juwapkershilikli is boli'p, woni' pa'kize saqlaw, asi'rap-abaylaw an'sat bolmaydi'. Bizin' jalg'an, waqi'tsha «doslar» tuwrali' pikirlerimiz sizge de birdey tiyisli yekenin umi'tpasan'i'z boldi'. Sebebi siz de insansi'z – wo'zin'izdin' ku'shli ha'm a'zzi ta'replerin'iz bar. Turmi'sta sonday jag'daylar da ushi'rasadi', a'zziligin'iz pa'nt berip qoyi'wi', siz de dosti'n'i'zg'a qi'yanet yetkenin'izdi bilmey qali'wi'n'i'z mu'mkin.

**Sonli'qtan da sizge ne na'rse jaqpasa, basqalarg'a da bul na'rse jaqpaytug'i'ni'n, siz qanshelli sadi'q bolsan'i'z, basqalardan da soni' ku'tiwge haqi'li' yekenin'izdi umi'tpan'. Kerisinshe, yeger kimgedur qi'yanet qi'lsan'i'z, waqti' kelip wol da sizge qi'yanet qi'li'wi', bul bolsa kewlin'izdi qatti' awi'rti'wi' mu'mkinligin yadta saqlan'.**

Babur Mi'rzani'n':

*Yeger kim wopa qi'lsa, wopa tabadi',*
*Yeger kim japa qi'lsa, japa tabadi',*
*Jaqsi' adam ko'rmegey jamanli'q ha'rgiz,*
*Yeger kim jaman bolsa, jaza tabadi',* –

degen na'siyatlari' negizinde ju'da' u'lken turmi's shi'nli'g'i' ja'mlengen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ja'ne bir na'rseni bilip qoyi'n'. Dosli'q millet, diniy isenim, bayli'q, shi'ray, jas tan'lamaydi', shegara bilmeydi.Wol siz benen bizin' bir-birimizdi tu'siniwimiz, kewlimiz, ko'z-qarasi'mi'zdi'n' jaqi'nli'g'i', sa'ykesligi negizinde ju'zege keledi. Bug'an tariyxtan ibratli' mi'sallardi' ko'plep keltiriw mu'mkin. Bir g'ana A'liysher Nawayi' ha'm Abduraxman Jamiy arasi'ndag'i' insani'y ha'm do'retiwshilik dosli'q-birge islesiw qansha na'tiyjeler bergenin, bul dosli'qtan tek usi' yeki ulli' tulg'ani'n' wo'zlerine g'ana yemes, a'tirapi'ndag'i'lar, yel-jurt qansha payda tapqani'n yadqa tu'siriwdin' wo'zi jetkilikli.

**«Dosli'q» tu'sinigi ko'p na'rseni wo'z ishine aladi'. Yag'ni'y, wol tek g'ana yeki insan arasi'ndag'i' mu'na'sibetlerdi g'ana yemes, al milletler, ma'mleketler arali'q baylani'slardag'i' haq niyetlilikti, wo'z-ara isenimlilikti ko'rsetiwde de qollani'ladi'.**

Ma'mleketler, milletler arali'q dosli'q da'stu'rleri du'nyada ti'ni'shli'qti'n' turaqli' boli'wi', ma'mleketler arasi'ndag'i' isenimli birge islesiwdin' rawajlani'wi' ushi'n tiykar jaratadi'.

A'lbette, insaniyat wo'z tariyxi'nda xali'qlardi' bir-birine qarsi' wo'shegistiriw, milletshillik, ulli' ma'mleketshillik si'yaqli' zi'yanli' ideyalardi' u'git-na'siyatlaytug'i'n jawi'z ku'shlerdi de ko'p ko'rgen. Soni'n' ishinde, Yekinshi ja'ha'n uri'si'n baslag'an fashizmnin' tu'p mazmuni' bir milletti basqa barli'q xali'qlardan u'stin qoyi'w ideyasi'nan ibarat yedi. «Joqari' rasa» ideyasi'n alg'a su'rgen fashistler du'nyadag'i' ko'p milletlerdi «yekinshi-u'shinshi sorttag'i'» xali'qlar dep kemsitiw, wolardi'n' bayli'qlari'n talap, ma'deniyati'n wayran qi'li'wdi' basli' maqset yetip belgilegen yedi.Wolar xali'qlar arasi'nda dushpanli'q keypiyati'n tarqati'w yesesine ko'z ko'rip, qulaq yesitpegen qanli' qi'rg'i'nlardi' a'melge asi'rdi'. Ayi'ri'm milletlerdi pu'tkilley qi'ri'p taslaw fashistler ushi'n a'piwayi' iske aylandi'. Wonlap konclagerlerde millionlap biygu'na adamlardi' tiriley jag'i'p jibergen de mine usi' fashistler yedi. Insaniyat bul ba'leni joq qi'li'w ushi'n derlik bes ji'l qi'rg'i'n sawashlar ju'rgiziwge ma'jbu'r boldi'.

Tilekke qarsi', bu'gingi ku'nde de du'nyani'n' tu'rli aymaqlari'nda xali'qlardi', milletlerdi, din wa'killerin bir-birine qarsi' wo'shegistiriwge uri'ni'p ati'rg'an ku'shler de bar. Milletler arali'q, ma'mleketler arali'q qatnasi'qlardi' buzi'wg'a ha'reket yetip



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ati'rg'an bul jawi'z toparlardi'n' maqseti belgili, a'lbette. Xali'qlar ta'g'dirin wo'z bildiginshe sheshiw huquqi'n qolg'a kirgiziw, basqa ma'mleketlerdin' jer asti' ha'm jer u'sti bayli'qlari'na biyma'lel iyelik yetiw, aqi'r-aqi'bette jer ju'zinde jan'a ko'rinistegi qulli'q du'zimin jarati'w bul ku'shlerdin' tiykarg'i' maqseti boli'p yesaplanadi'. Sonli'qtan da siz ha'zirden baslap adamlar arasi'nda dushpanli'q keypiyati'n woyatpaqshi' bolg'an jawi'z niyetli ku'shlerden saq boli'wi'n'i'z, qaysi' millet, qaysi' ma'mleket perzenti bolmasi'n, jaqsi' niyetli adamlarg'a ken'peyillik penen mu'na'sibette boli'wi'n'i'z talap yetiledi. Sonda g'ana ana jurti'mi'zdi'n' doslari'ni'n' qatari' ken'eyip, woni'n' dushpanlari' seskenedi.

Dosli'qti'n' a'hmiyetli sha'rtlerinin' biri wopa boli'p yesaplanadi'.

**Dosti'na wopadar adam Watani'na da, xalqi'na da wopadar boladi'. Kerisinshe, dosti'na qi'yanet yetken insanni'n' xali'qqa, milletke, Watang'a da qi'yanet yetpewine kepillik joq.**

Haqi'yqi'y dos wo'z joldasi'ni'n' tabi'slari'na, jen'isine tap wo'zinikindey quwanadi', sa'tsizliklerinen qapa boladi', ta'shwishlenedi. Wol dosti'ni'n' qa'te-kemshiliklerin, naduri's basqan qa'demin ju'zine aytadi'. Bunnan go'zlegen maqseti ani'q – dosti'n g'a'plet uyqi'si'nan woyati'w, duri's jolg'a sali'w, woni' shermendelikten saqlap qali'w. Bir so'z benen aytqanda, dosti'nan aji'rali'p qalmaw! «Dos ashi'ti'p aytar, dushpan ku'ldirip», «Jaqsi' dos ashi'p aytar, jaman dos qasi'p aytar» degen naqi'llarg'a muwapi'q dos ashshi' haqi'yqatli'qti' ashi'q aytadi', biraq woni'n' jemisi shiyrin. Dushpan bolsa sheriginin' qa'tesin ko'rse de wo'zin ko'rmegenge, sezse de sezbegenge saladi'.Woni'n' maqseti bul adamni'n' shermende boli'wi', yel-jurt ishinde abi'rayi'ni'n' to'gilgenin ko'riw, sog'an quwani'w boli'p yesaplanadi'.

**Adamlardi'n' wo'z-ara doslasi'wi'nda wolardi'n' xarakteri, qi'zi'g'i'wshi'li'g'i', bilim da'rejesi menen talanti' da a'hmiyetli wori'n tutadi'. Ma'selen, aqi'lli' adam nadan ha'm aqmaq adam menen, saqi'y insan baqi'l kimse menen, ma'rt adamlar qorqaqlar menen doslasi'p ketiwi ju'da' qi'yi'n.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Usi' jerde su'yikli jazi'wshi'mi'z Abdulla Qadiriydin' «Mehrabtan shayan» romani'ndag'i' «Shi'n joldas» babi'n yadqa ali'w za'ru'r. Shi'g'armani'n' bas qaharmani' Anvar ha'm woni'n' sabaqlas sherigi Nasim arasi'ndag'i' ju'da' haq niyetli, pa'k dosli'q, Anvardi'n' Nasim qayti's bolg'annan son'g'i' awhali' su'wretlengen betler kimdi bolsa da tolqi'nlandi'ri'p jiberedi.

Joqari'da ayti'p wo'tilgenindey, bir-birine qarama-qarsi' ko'z-qaraslarg'a, niyetlerge, woypikirge iye adamlar dos tuti'nbaydi'. «Sum sumdi' namazshamda tabadi'» degenindey, ayi'ri'm hu'jdansi'z, wo'sekshil, shala sawat, a'depsiz kimseler wo'z-ara birlesip, «dos tuti'ng'anday» boli'p, wo'zlerinin' qi'n'i'r islerin birgelikte a'melge asi'radi'. Wolar bul wo'z-ara birlesiwlerin wo'zlerinshe «dosli'q» dep atasa da, bul toparlardi'n' muqaddes dosli'q tu'sinigine hesh qanday baylani'si' joq. Xali'qta «Iyt ji'yi'ni' birikpes» degen ga'p bar. Bul neni an'latadi'? Bul hasli' jawi'z, topalan'shi', buzg'i'nshi' niyettegi adamlar haqi'yqi'y birlesip hesh bir iygilikli isti a'melge asi'ra almaydi', degendi bildiredi.Wolar azg'ana mu'ddetke birigip, wo'zlerinin' jaramsi'z qi'li'qlari'n – ji'nayati'n, urli'g'i'n, basqi'nshi'li'g'i'n a'melge asi'ri'wi' mu'mkin. Biraq usi' dushpanli'q maqsetine yeriskennen son' wolar yendi wo'z-ara iyttey talasi'p, ha'r ta'repke tarqap ketedi.

**Basqasha aytqanda, bunday toparda dosli'qti'n' wo'zi bolmag'ani' si'yaqli', wopa degen joqari' tuyg'i'ni'n' bolmawi' da ta'biyiy.**

Demek, ha'r birimizdin' qanday insan yekenligimizdi adamlar dosti'mi'zg'a qarap ani'qlap alsa, siz benen bizge usi'nnan kelip shi'g'i'p qatnasta bolsa, hayran bolmawi'mi'z kerek.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Dosti' ja'ne de jaqi'n dos qi'latug'i'n da, dushpan-g'a aylandi'ratug'i'n da insanni'n' wo'zi boli'p yesap-lanadi'.**

Usi' jerde Ka'ykawi'sti'n' «Qabusnama» shi'g'armasi'nda bayan yetken to'mendegi pikirleri itibarg'a i'layi'q:

«A'y, perzent, bilip qoy, adam tiri yeken, dossi'z bolmaydi'... Doslardi'n' isi tuwrali' woylag'i'l, wolarg'a si'yli'qlar beriw, miriwbet qi'li'w arqali' dosli'q qag'i'ydasi'n bekkem qi'lg'i'l. Sebebi ha'r bir adam doslardi' yadqa almasa, doslar da woni' yadqa almaydi' ha'm wol adam ha'miyshe dossi'z qaladi'.

Ha'mme waqi't dos tuti'wdi' a'det qi'l, sebebi ha'r adamni'n' dosti' ko'p bolsa, ayi'plari' sonsha si'r tuti'ladi' ha'm pazi'yleti ko'beyedi. Lekin ha'r waqta jan'a dos tapsan', ha'miyshe dosti'n' ko'p boli'wi' ushi'n yeski doslardi' ta'rk yetpegil ha'm wolardan bet burmag'i'l, ayti'wlari'nsha, jaqsi' dos adam ushi'n ulli' bay-li'qdur..

Tag'i' da, doslardi'n' doslari' da doslari'n' yekenligin bilip qoy. Ba'lkim, woni'n' sol adamg'a dosli'g'i' senin' dosli'g'i'n'nan da ko'birek shi'g'ar. Yeger dosti'n' senin' dushpani'n'di' jaqsi' ko'rse, bunday dostan abayli' bol, sebebi bunday dos dushpan ta'repinen sag'an jamanli'q qi'li'wdan da tayi'nbaydi'. Senin' dosti'n'a dushpan bolg'an dostan da abayli' bol...

Aqi'lsi'z adamlar menen ha'rgiz dos bolmag'i'l. Aqi'lsi'z dos aqi'lli' dushpannan jamani'raq boladi', wo'ytkeni aqi'lsi'z dos aqi'lli' dushpan da qi'la almag'an isti islewi mu'mkin. Miriwbetli, ilimli ha'm wopadar adamlar menen dos bol, bul pazi'yletler menen sen ja'ne de ataq-abi'rayli' bolasan'. Miriwbetsiz, miyrim-sha'pa'a'tsiz, wo'nersiz (ilimsiz) adamlar menen woti'rmag'i'l. Wo'nersiz benen woti'rg'annan ko're jalg'i'zli'q jaqsi'dur...

A'y, perzent, adamlar menen dosli'g'i'n' wortasha bolsi'n. Dosti'm ko'p dep ha'mmeden u'mit yetpegil, aldi'n'a ha'm keynin'e qarag'i'l. Doslari'n'ni'n' iseniminen g'api'lda qal-mag'i'l...»

1082–1083-ji'llarda – bunnan won a'sir buri'n do'retilgen usi' u'git-na'siyatlar ha'zir de wo'z a'hmiyetin jog'altpag'an. Joqari'da ayti'p wo'tkenimizdey, insanni'n' jasaw ta'rizi, turmi's sharayatlari' wo'zgerip, jan'alani'p baradi', biraq woni'n' ta'bi-yati', ruwxi'yati' derlik wo'zgermeydi. Bunnan mi'n' ji'l buri'n



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

da adamlar haqi'yqi'y dos tabi'wda qi'ynalg'an, sol waqi'tta da dosli'q sha'rtin buzi'p, na'ma'rtlik ko'shesine kirgen kimseler bolg'an. Sonli'qtan da dani'shpan Ka'ykawi's uli' Gilanshaxqa bag'i'shlap shi'g'arma do'reter yeken, woni' bunday apatlar tuwrali' aldi'n-ala yeskertiwdi maqset yetedi. Woni'n' na'siyatlari'ndag'i' a'hmiyetli ma'selelerge ayi'ri'qsha itibar berin':

*«Ha'r bir adam doslardi' yadta tutpasa, doslar da yadta tutpaydi'»* — doslarg'a wo'kpelew, wolardi' nahaqtan ayi'plawdan aldi'n ha'r birimiz kemshilikti da'slep wo'zimizden izlewimiz, doslari'mi'zdi'n' da kewili tap bizikindey na'zik yekenligin yesapqa ali'wi'mi'z sha'rt.

*«Ha'rdayi'm jan'a dos tapsan', yeski doslardi' ta'rk yetpegil ha'm wolardan bet burmag'i'l»* — xalqi'mi'z «Ko'ylektin' tazasi', dosti'n' yeskisi jaqsi'» dep biykarg'a aytpag'an. Waqi'tsha paydani', ma'pti go'zlep, tapqani'mi'z jan'a «doslar»g'a dep, qa'dirdan boli'p ketken dos-yaranlardan bet buri'w adamgershilikke jatpaydi'. Haqi'yqi'y dos dosti'n qi'zg'anbaydi', wog'an ta'kabbi'rli'q, menmenlik, satqi'nli'q, g'a'rezgo'ylik qi'lmaydi'.

**! Mine soni'n' ushi'n da Ka'ykawi's doslardi' yeki taypag'a aji'ratadi': 1. Nan (iship-jew) doslari'; 2. Ar ha'm nami's doslari'.**

Solay yetip, dosli'q ha'm joldasli'q tuyg'i'si' ulli' bir bayli'q boli'p, insan wo'mirinin' ziyneti boli'p yesaplanadi'.Woni' asi'rap-abaylaw, qa'sterlew ha'm haqi'yqi'y dosli'q qag'i'ydalari'n saqlaw insanni'n' qu'diretine qu'diret, ku'shine ku'sh bag'i'shlaydi'.

### ? *Soraw ha'm tapsi'rmalar:*

1. Insan ne ushi'n dosqa degen mu'ta'jlik sezedi, doslari'ni'n' ko'birek boli'wi'n qa'leydi?
2. «Dosli'q jibin u'zbe, jalg'asan' tu'yin qalar» degen naqi'lda qanday turmi'sli'q ta'jiriybe sa'wlelengen?
3. Tariyx ha'm a'debiyatlardan haqi'yqi'y dosli'q u'lgilerine mi'sallar keltire alasi'z ba?
4. «Nan doslari'» degen kim, «ar ha'm nami's doslari'» degen kim?
5. Dosti'n' dushpang'a yamasa dushpanni'n' dosqa aylani'wi'na neler sebepshi boladi', dep woylaysi'z?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

6. Xali'qlar, ma'mleketler arasi'ndag'i' dosli'q neler yesabi'nan bekkemlenedi ha'm, kerisinshe, bul dosli'qqa qanday ha'reketler jik sali'wi' tuwrali' su'wretler tiykari'nda pikir ju'ritin'.

A)


C)


B)


D)




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## EKOLOGIYALI'Q MA'DENIYAT

Bunnan millionlap ji'llar buri'n — adamzat payda bolg'an da'wirlerden baslap san-sanaqsi'z insanlar usi' Jerdin' qushag'i'nda wo'nip-wo'sken, tirishilik yetken, i'ri'sqi'-nesiybe tapqan. Insaniyatti' bag'atug'i'n, kiyindiretug'i'n, wolarg'a baspana bolatug'i'n ana topi'raq ja'ha'nde jalg'i'z ha'm soni'n' ushi'n da yen' muqa'ddes ma'kan boli'p yesaplanadi'. Ha'zirge shekem insaniyat wo'zi ushi'n jasawg'a basqa ma'kan tapqan joq, ba'lkim, taba almas ta. Usi' ku'nge deyin adamlar aspannan jawi'n jawg'ani'n, qar-burshaq jawg'ani'n ko'rgen, biraq bir ma'rte bolsa da quymaq jawg'ani'n, nan tu'skenin ko'rgen yemes. Yag'ni'y, usi' jer, usi' suw, usi' hawa — ta'biyat bolmasa, adam balasi' woni'n' menen «til tabi'si'p», wo'zi ushi'n i'ri'sqi' jaratpasa, bir tislem de nan aspannan tu'speydi.

**Solay yeken, siz benen bizge — pu'tkil insaniyatqa bayli'qlari'n biyminnet berip ati'rg'an, saqi'y qushag'i'n ashi'p qoyg'an ta'biyatti' asi'ri'p-abaylaw, woni'n' yerten'gi ta'g'diri tuwrali' qayg'i'ri'w ha'r bir adamni'n' juwapkershiligi, moyni'ndag'i' qari'zi' boli'p yesaplanadi'.**

Jurtbasshi'mi'z insan ma'nawiyati'ni'n' ko'teriliwine ana ta'biyat, wog'an miyirban boli'w, go'zzalli'qlari'nan zawi'qlani'w sezimi u'lken a'hmiyetke iye yekenligin ayi'ri'qsha atap ko'rsetedi:

**«Ta'biyatqa jaqi'nli'q, janajan u'lkenin' sheksiz go'zzalli'qlari'nan la'zzetleniw ma'nawiyatqa azi'q beredi, ku'sheytedi»[1].**

Ta'biyatti' asi'raw, ekologiyali'q ma'deniyat a'piwayi' ko'nlikpelerdi iyelewden baslanadi'. Ko'shede kiyati'rg'anda konfeta qag'azi'n yamasa piste qabi'g'i'n arnawli' quti'g'a yemes, dus

[1] **Islam Karimov.** Jaslari'mi'z — xalqi'mi'zdi'n' isenimi ha'm tayani'shi'. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2006-ji'l, 54-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kelgen jerge taslasaq, trotuardan ju'rmey, maysalar u'stinen basi'p wo'tsek, yeki-u'sh na'wshe u'zemen dep yeriktin' shaqasi'n si'ndi'rsaq, quslardi'n' uyasi'n buzsaq, salmalarg'a si'pi'ri'ndi' awdarsaq... bulardi'n' ha'mmesi bizge anaday miyirman bolg'an ta'biyatqa hu'rmetsizlik, woni'n' bayli'qlari'n qa'dirlemew boli'p yesaplanadi'.

«Ekologiyali'q ma'deniyat» degen tu'sinik negizinde a'yne usi' haqi'yqatli'qti' an'law, ta'biyat ha'm ja'miyet ni'zamlari'na sa'ykes turmi's keshiriw talaplari' ja'mlengen. Ekologiyali'q ma'deniyat ta uluwma insani'y ma'deniyatti'n' aji'ralmas bo'legi, woni'n' a'hmiyetli ko'rsetkishi boli'p yesaplanadi'.

*«Ekologiya» grekshe so'z boli'p, «ekos» — u'y ha'm «logos» — ilim so'zlerinin' qosi'li'wi'nan jasalg'an. Yag'ni'y ekologiya — «ta'biyat u'yi» bolg'an barli'qtag'i' janzatlardi'n' jasaw sharayati' ha'm wolardi'n' wo'zleri jasap turg'an wortali'q penen wo'z-ara qatnasi'qlari'n u'yrenetug'i'n ilim tarawi' boli'p yesaplanadi'.*

«Ekologiyali'q ma'deniyat» ibarasi' keyingi da'wirlerde kirip kelgen bolsa da, adamzat ju'da' a'yyem zamanlardan baslap ta'biyatti' asi'raw, wog'an abayli' mu'na'sibette boli'w ko'nlikpesin iyelep barg'an. Yeger a'yyemgi diniy ko'z-qaraslar tariyxi'na na'zer salsaq, wolarda ta'biyat elementlerinin', haywan ha'm basqa ja'niwarlardi'n' muqa'ddeslestirilgeni, ha'tte wolarg'a si'yi'ni'lg'ani'na gu'wa bolami'z.

**Soni'n' ishinde, payda boli'w tariyxi' bizin' u'lkemiz benen baylani'sli' bolg'an zardushtiylik dini ha'm woni'n' tiykarg'i' kitabi' «Avesto»da du'nyani'n' materialli'q tiykari' boli'p yesaplanatug'i'n topi'raq, suw, hawa muqa'ddeslestirilgen, al wotqa si'yi'ni'lg'an.**

Hawani', suwdi' pataslaw, haywanlardi'n' g'ana yemes, adamlardi'n' da su'yegin jerge ko'miw, suwg'a ag'i'zi'w, wotqa jag'i'w gu'na dep yesaplang'an. Marhumlardi'n' denesi jerdi, suwdi', hawani' pataslamawi' ushi'n wolardi' i'laydan islengen arnawli' i'di'slarda ko'miw sho'lkemlestirilgen.

Wonnan keyingi da'wirlerde de xalqi'mi'zdi'n' ana ta'biyatqa degen mehiri artsa artqan da, hasla kemeygen yemes. Ma'selen, u'y-ha'wlini, salma ha'm ha'wizlerdi, qudi'q ha'm sardabalardi' mudami' taza saqlaw, gu'l ha'm na'ller wo'siriw, do'gerekti ko'klemzarlasti'ri'w, bir gu'l u'zse, worni'na won gu'l yegiw si'yaqli' isler — turmi'sti'n' a'dettegi talabi', ha'mme ta'repinen wori'nla-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

natug'i'n qag'i'ydasi' bolg'an. Joqari' diyqanshi'li'q ma'deniyati'na iye bolg'an ata-babalari'mi'z awi'l xojali'g'i'nda suwdi' tejep jumsawdi'n', jerdin' wo'nimdarli'g'i'n saqlaw ha'm ko'teriw maqsetinde yeginlerdi almaslap yegiwdin', jerdi tek organikali'q to'ginler menen azi'qlandi'ri'wdi'n' aldi'n'g'i' usi'llari'n woylap tapqan.

**Xalqi'mi'z turmi'si'nda suwg'a si'pi'ri'ndi'q taslaw, woni' bi'lg'aw u'lken gu'na dep yesaplang'an. Sonli'qtan da ko'shelerden, ha'wliler arasi'nan ag'i'p wo'tetug'i'n salmalardan adamlar biyma'lel taza suw ishken, balalar i'ssi' sho'reklerdi suwg'a basi'p, jibitip jegen.**

Islam dini de ta'biyatti' qa'sterlew, woni'n' bayli'qlari'na shu'kirlik qi'li'w, i'si'rapkershilikten, patasli'qtan saqlani'w ma'selelerine ayi'ri'qsha itibar qaratadi'. Atap aytqanda, Qurani' ka'rimnin' «A'rof» su'resi 31-ayati'nan mi'naday ga'plerdi woqi'ymi'z (ma'nislerinin' awdarmasi'): «A'y, Adam a'wladi'!.. Jen'ler ha'm ishin'ler, (biraq) i'si'rap qi'lman'lar! Wo'ytkeni Wol (Allataala) i'si'rap qi'li'wshi'lardi' su'ymeydi».

Ha'disi sha'riflerdin' birinde bolsa, «Yerten' qi'yamet degen ku'ni de terek yegin'ler» delinedi. Bul ha'diste wog'ada teren' ma'ni ja'mlengen. Wonda yerten'gi ku'nge isenim menen qarawg'a, tu'skinlikke, ta'rkidu'nyali'qqa berilmewge shaqi'ri'q ta, ta'biyatti' mudami' bayi'ti'p bari'wg'a u'ndew de bar yekenin ko'riw mu'mkin.

Bulardi'n' barli'g'i' xalqi'mi'zdi'n' uzaq wo'tmishten baslap wo'zine ta'n ekologiyali'q woy-pikir ha'm ma'deniyat iyesi bolg'ani'n ko'rsetedi.

**Ekologiyali'q ma'deniyat bir qatar faktorlar negizinde qa'liplesedi. Ta'biyatqa muhabbat, wol tuwrali' bilim ha'm tu'sinikler, ekologiyali'q ta'rbiya, da'stu'r ha'm qa'diriyatlar, ekologiyali'q u'git-na'siyat usi'llar qatari'na kiredi.**

Yendi bulardi'n' ha'r biri tuwrali' wo'z aldi'na ayti'p wo'teyik.

Barli'q janli' ja'niwarlar si'yaqli', insan da ta'biyatti'n' perzenti, woni'n' yen' yerke, si'yli' balasi' yekenligin jaqsi' bilesiz. Ta'biyat bayli'qlari'nan, woni'n' jemislerinen hesh bir janzat insan shelli ko'p paydalanbaydi'. Yeger itibar bergen bolsan'i'z, ko'pshilik ja'niwarlar tek bir ku'nlik azi'q tabi'w menen sheklenedi, yerten' yamasa bir ha'pteden son' azi'qlani'w ushi'n zapas toplaw wolarg'a pu'tkilley jat na'rse. Ha'r ku'ni wo'zin'iz ko'retug'i'n quslarg'a na'zer sali'n': wolardi'n' hesh bolmasa birewi,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



ma'selen, keshquri'n jew ushi'n da'n g'amlap qoyg'ani'n ko'rdi-n'iz be? Ko'rmegensiz. Adamlardi'n' she?

Bul sorawg'a juwapti' ha'mmemiz de jaqsi' bilemiz, sonli'qtan ha'zir woni' tu'sindirip woti'rmaymi'z. Woni'n' worni'na, ta'biyattan sonsha i'ri'sqi'-nesiybe ali'p ati'rg'an, woni'n' bayli'qlari'n biyminnet wo'zlestirip ati'rg'an usi' adamlardi'n' ha'mmesi de ta'biyatti' su'ye me, wog'an abayli' qatnasta bola ma, degen sorawlar u'stinde bas qati'ri'w a'hmiyetlirek.

**Da'slep soni' atap wo'tiw kerek, ko'pshilik insanlardi'n' u'zliksiz ta'biyat qushag'i'na talpi'ni'wi', u'yden, qaladan tezirek shi'g'i'p, sheksiz sahra-dalalarg'a, qi'r-adi'rlarg'a, tawlar menen tog'aylarg'a, say ha'm da'ryalarg'a asi'g'i'wi'ni'n' wo'zi-aq adam balasi'ni'n' qani'nda ta'biyat penen birlik, uyg'i'nli'q bar yekenliginen derek beredi.**

Adamni'n' u'yde, jumi's worni'nda qi'si'lg'an, tali'qqan ruwxi' ta'biyat qushag'i'na shi'qqannnan son' birden jen'il tartadi', jan'alanadi', zawi'qlanadi'. Uzaq waqi't anasi'n ko'rmegen, ju'regi sag'i'ni'shqa toli' perzent miyirban anasi'n ko'rgende qanshelli quwansa, woni'n' i'ssi' bawi'ri'nda wo'zin umi'tsa, adamlar da ta'biyat qushag'i'nda wo'zlerin tap usi'nday sezedi. Sebebi adamni'n' pu'tkil barli'g'i', ta'ni-jani' mine usi' ta'biyatsi'z, a'tirapi'ndag'i' du'nyasi'z bar boli'wi', woni'si'z jasawi' ha'm ka'mal tabi'wi' mu'mkin yemes. Sonli'qtan da insanni'n' ana ta'biyatti' su'ymewi, woni' asi'rap-abaylawg'a umti'lmawi' da hasla mu'mkin yemestey tu'yiledi.

Tilekke qarsi', wo'zin du'nyag'a keltirip, ta'rbiyalag'an anasi'n hu'rmet qi'lmaytug'i'n, woni'n' ju'zine ayaq basi'wdan taymaytug'i'n g'a'zzap perzentler de bolg'ani' si'yaqli', ta'biyat bayli'qlari'n yesapsi'z wo'zlestiriwge g'ana u'yrengen kimseler de turmi'sta ushi'rap turadi'. Bunday adamlar na'zerinde - ta'biyatti'n' bayli'qlari' hesh qashan tawsi'lmaydi', wolardi' asi'rap-abaylaw, wolarg'a g'amxorli'q qi'li'w da sha'rt yemes. Mine usi' topardag'i' adamlardi'n' qi'lmi'si'na na'zer taslasaq, wolardan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ana ta'biyati'mi'z qanshelli ja'bir ko'rip ati'rg'ani'na gu'wa bolami'z. Ma'selen, wolar dem ali'w, seyil yetiw maqsetinde taw janbawi'rlari'na ma, mo'ldir suwli' ko'l jag'alari'na ma baratug'i'n bolsa, bul go'zzal wori'nlar wo'zlerinen keyin de basqalar zawi'qlani'wi' ushi'n usi'nday saqlani'wi' kerekligin woylamaydi' da. Dem ali'w, sharshag'andi' shi'g'ari'w ma'deniyati'nan ji'raq bolg'an bunday adamlar jaynap turg'an jasi'l ag'ashti' si'ndi'ri'p, awqat asi'w ushi'n woti'n qi'li'w, pali'z ha'm baqsha wo'nimlerinin' poshaqlari'n salma yamasa ko'llerge taslaw, tu'tli ishimliklerden bosag'an shiysheler di ha'r ta'repke i'laqti'ri'w, qazan-tabaqlardag'i' qaldi'qlardi' ag'i'n suwlarg'a shayi'w si'yaqli' jaramsi'z islerdi a'piwayi' na'rse dep woylaydi'. Negizinde bolsa, wolardi'n' bul qi'lmi'slari' sebepli ta'biyat qushag'i'nda ne-ne zi'yanlar, du'zelmeytug'i'n jaraqatlar qaladi'.

**Ta'biyatti'n' tili joq — wo'z awi'ri'wlari'n, da'rtlerin ayti'p ari'z qi'la almasa da, woni'n' buri'ng'i' shi'rayli', xoshu'rey ju'zinde payda bolg'an bunday daqlar ta'biyatti'n' hali'nan ha'mmemizdi xabardar yetiwi kerek.**

Demek, ta'biyatqa muhabbat, wog'an mehir menen qatnas jasaw insani'yli'qti'n' a'hmiyetli wo'lshemlerinin' biri boli'p yesaplanadi', wog'an qarap adamni'n' qanshelli ta'rbiyali', ma'deniyatli', parasatli' yekenligin biliw mu'mkin yeken.

Ta'biyat tuwrali' bilim ha'm tu'sinikler insanda ju'da' jasli'g'i'nan baslap qa'liplese baslaydi'. Balalar baqshalari'nda kishkene balalar woynaytug'i'n woyi'nshi'qlardan baslap wolardi'n' kiyim qoyatug'i'n teksheleri menen jatatug'i'n wori'nlari'na shekem, dasti'q ti'si' menen shomi'latug'i'n ha'wizge shekem — barli'q mebeller menen buyi'mlarda tu'rli gu'ller, daraqlardi'n', haywanlardi'n' a'jayi'p su'wretleri boladi'. Ko'l ha'm da'ryalar tu'binen ali'ng'an, ishinde mayda baqanshaq bo'lekleri toli' jumsaq qumlardan balalar ha'r tu'rli ha'ykelshelerdi, taw-adi'rlar u'stine quri'lg'an kishkene g'ana qorg'an-qalashalardi' jasaydi'.

Awi'l balalari'ni'n' ko'pshilik waqti' ta'biyat qushag'i'nda wo'tedi.Wolar kiyati'rg'an ba'ha'rdin' na'pesin salma boylari'n qaplag'an ko'ksho'plerdin' ha'm wo'tkir, ha'm jag'i'mli' iyisinen biledi. Salmalardi' tolti'rg'an suw wotlari'ni'n' tap qi'zlardi'n' shashi'nday na'zik shayqali'wi', taw-dalalar ta'repten yesken salqi'n samal, uzaq-uzaqlardan kiyati'rg'an qoy-qozi'lardi'n' dawi'si' — bulardi'n' ha'mmesi awi'l balalari' turmi'si'ni'n'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



aji'ralmas bo'legi boli'p qaladi'. Wolardi'n' qaladag'i' ten'lesleri haywanat ha'm dem ali'w bag'lari', cirk tamashalari' arqali' ta'biyat janzatlari' menen ju'zlesedi. Terisi qanshelli shi'rayli', nag'i'sli' bolsa da, ji'lanni'n' tu'si ju'da' suwi'q yekenligi, kerisinshe, ko'rinisi bir qarag'anda a'dewir shi'raysi'z, yebeteysiz tu'yilse de, tasbaqani'n' qanshelli azarsi'z yekenligi, qasqi'rdi'n' si'rtqi' ko'rinisi ha'wlisindegi ku'shiginen wonshelli parq qi'lmaytug'i'ni'n, kiyiktin' ko'zinin' qanday shi'rayli' yekenin ko'redi, wolar tuwrali' tu'sinik ha'm bilimleri artadi'.

Mekteptegi sabaqlar dawami'nda biz yendi ta'biyatti'n' uluwma du'zilisi, Jer ju'zindegi i'qli'mlar, kontinentler menen materikler, okeanlar menen ten'izler, tawlar menen vulkanlar, haywanat ha'm wo'simlikler du'nyasi' haqqi'nda ani'q bilimlerge iye boli'p barami'z. Ma'selen, Arqa polyus yamasa Antarktida ma'n'gi muzli'qlar menen qaplang'an bir jag'dayda, Afrikani'n' ko'plep aymaqlari'nda ne ushi'n uluwma qar jawmaytug'i'nli'g'i'n «Geografiya» sabag'i'nan bilip alsaq, kishkene g'ana ha'rrenin' bes ko'zi bar yekenligin yamasa shegirtkenin' qulag'i' ayag'i'nda jaylasqani'n bizge «Zoologiya» sabaqli'g'i' tu'sindirip beredi. Bug'an qosi'msha, gazeta ha'm jurnallar, televidenie ha'm radio, Internet materiallari' arqali' bizden won mi'n'lap shaqi'ri'm uzaqta jaylasqan jurtlardi'n' ra'n'ba'ren' ta'biyati', haywanat ha'm wo'simlikler du'nyasi' tuwrali' bir-birinen qi'zi'q mag'luwmatlarg'a iye boli'wi'mi'z mu'mkin.

**Bul bilim ha'm ta'jiriybeler bizin' ta'biyat haqqi'ndag'i', woni'n' qanshelli qu'diretliligi ha'm usi'ni'n' menen birge, qorg'awg'a qanshelli mu'ta'jligi tuwrali' tu'siniklerimizdi bayi'tadi'.**

Ekologiyali'q ta'rbiya tek mektep ta'limi menen g'ana sheklenip qalmastan, shan'araq, ma'ha'lle, awi'l sharayati'nda da dawam yetedi. O'zbekistani'mi'zda u'y-jaylar, ko'she, ma'ha'lle, awi'llardi'n' tazali'g'i'na, wolardi'n' aymag'i'nda miyweli ha'm dekorativ wo'simlikler woti'rg'i'zi'wg'a, jap-salmalardi'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mudami' tazalap turi'wg'a ayi'ri'qsha itibar beriledi. Ha'r ji'li' bir neshe ret hasharlar (ko'mekler) sho'lkemlestirilip, adamlar abadanshi'li'q islerinde qatnasadi'. Mine usi' proceste u'lkenlerdin' jani'na kelip, «Men ne qi'layi'n, mag'an da bir jumi's berin'ler» deytug'i'n balalar ko'plep tabi'ladi'. U'lkenler jerdi qalay awdari'p ati'r, terektin' asti'n qalay jumsarti'p ati'r, gu'ldin' asti'na beldi qansha teren'likke bati'ri'p ati'r, ag'ashlardi'n' jayi'li'p ketken shaqalari' menen putaqlari'n kesiwde nege itibar berip ati'r, a'njirdi qanday qa'lemshe qi'li'w kerek ha'm ju'zim tu'bine suw nege az quyi'lmaqta – bulardi'n' ha'mmesi siz benen ten'leslerin'iz ushi'n hasli'nda ju'da' u'lken sabaq, ta'jiriybe boli'p yesaplanadi'. Bul jumi'slar adamnan tek ku'shti, peshana terin g'ana yemes, al woqi'wdi' da, bilimdi de, sabi'r-taqatti' da talap yetedi.

Yeger bul ga'pler wo'simlikler ta'rbiyasi'na baylani'sli' bolsa, ha'r bir u'y haywani'n asi'raw, wolardi' kesel qi'lmastan bag'i'w, bul tilsiz ja'niwarlar menen «tillesiw» ushi'n da ayi'ri'qsha qa'bilet kerek. Xalqi'mi'zdi'n' bul tuwrali' uzaq da'wirler si'nag'i'nan wo't-ken a'jayi'p naqi'l-maqallari' da bar. Mine wolardi'n' ayi'ri'mlari':

**«Mal baqqang'a pitedi», «Qoy yegiz tapsa, sho'ptin' basi' ayri' tuwadi'», «Jaylawi' wotli' bolsa, mali' su'tli boladi'», «At ayag'i'nan semirer», «Sa'wir bolmay ta'wir bolmas, si'yi'r bolmay ayran bolmas» ha'm t.b.**

Yeger dana xalqi'mi'zdi'n' wo'simlik ha'm haywanat du'nya-si'n saqlawg'a tiyisli usi' si'yaqli' ta'jiriybelerin qunt penen wo'zlestirsek, ta'biyatti' asi'raw, wog'an g'amxorli'q qi'li'w ko'n-likpelerin u'yrenip barsaq, bizdi qorshap turg'an du'nya ja'ne de go'zzal boladi', kewlimiz de ra'wshanlasadi'.

Adamlardi'n' ekologiyali'q ma'deniyati'n asi'ri'wda usi' bag'-dardag'i' u'git-na'siyat jumi'slari'ni'n' ko'lemin ha'm ta'sirshen'-ligin asi'ri'w u'lken a'hmiyetke iye boladi'. Bu'gingi ku'nde yelimizdegi bir qatar ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik sho'lkemler, fondlar, g'alaba xabar quralları' bul ma'selege ayi'ri'qsha itibar bermekte. Televidenie ekranlari' ha'm radio tolqi'nlari'nan ta'biyatti' asi'raw, suwdi'n', hawani'n' tazali'g'i'n qorg'aw, ozon qatlami' jemiriliwinin' aldi'n ali'w, to'gilgen japi'raqlar menen shi'g'i'ndi'lardi' wo'rtemew si'yaqli' aktual mashqalalarg'a adam-lar itibari'n qarati'wg'a arnalg'an materiallar turaqli' tu'rde berilmekte. Ta'lim-ta'rbiya ma'kemelerinde, ka'rxana ha'm



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sho'lkemlerde, ma'ha'lle gu'zarlari'nda, awi'llarda ekolog qa'nigeler qatnasi'wi'nda sho'lkemlestirilip ati'rg'an sa'wbetler, soraw-juwap kesheleri, jaslari'mi'z wo'tkerip ati'rg'an tu'rli a'njumanlar, ta'biyat qushag'i'na sayaxatlar watanlaslari'mi'zdi', a'sirese jas a'wladti' bul a'hmiyetli ma'selede sergek boli'wg'a, arqayi'nli'qqa berilmewge shaqi'rmaqta.

**Sebebi bu'gingi ku'nde Jer ju'zinde payda boli'p ati'rg'an ekologiyali'q mashqalalardi'n' qi'yi'nli'g'i' sonshelli, wolar tek ayi'ri'm ma'mleketlerdi g'ana yemes, al pu'tkil insaniyatti', adamzat tirishiligin u'lken qa'wip asti'nda qaldi'ri'wi' mu'mkin.**

Bunday mashqalalar qatari'na atmosfera ozon qatlami'ni'n' jemiriliwi, dushshi' suw zapaslari'ni'n' azayi'wi', ma'n'gi muzli'qlardi'n' yerip ati'rg'ani', jer ju'zilik okean menen kosmos ken'liginin' pataslani'wi', du'nyani'n' «Qi'zi'l kitabi'»na kirgizilgen siyrek ushi'rasatug'i'n wo'simlik ha'm haywanlardi'n' keskin kemeyip barati'rg'ani' ha'm basqa da ko'plep mashqalalardi' kirgiziw mu'mkin. G'alaba xabar qurallari' du'nyani'n' wol yaki bul aymag'i'nda ju'da' u'lken suw tasqi'nlari', tog'aylardag'i' wo'rtler, jer silkiniwler, qurg'aqshi'li'q yamasa ju'da' suwi'q hawa-rayi' sharayati' gu'zetilip ati'rg'ani' tuwrali' izli-izinen ta'kirarlap ati'rg'ani' tosi'nnan yemes. Bunnan ti'sqari', ha'r ji'li' won mi'n'lap adamlar wo'mirin zaya qi'li'p ati'rg'an ku'shli jer silkiniwler, ten'iz ha'm okean tasqi'nlari', qorqi'ni'shli' boran ha'm dawi'llar ko'zge taslanbaqta. Bulardi'n' ha'mmesi bir ku'nde yaki tosattan payda bolg'an mashqalalar yemes, a'lbette. Ta'biyatta ju'z berip ati'rg'an ko'pshilik apatlar, wo'zgerisler tiykari'nda insaniyat ta'repinen jol qoyi'lg'an qayg'i'li' qa'teler, ta'biyatqa reyimsiz mu'na'sibette boli'wdi'n' awi'r aqi'betleri bar.

**Ekologiyali'q mashqalalar ta'biyat ilimin bilmesten, woni'n' ni'zamli'li'qlari'na zorli'q penen aralasi'w aqi'betinde kelip shi'g'adi'.**

Tek payda izinen quwi'wg'a u'yrenip qalg'an iri sanaat ka'rxanalari', wolardi'n' islewi ushi'n shiyki zat tayarlaytug'i'n u'lken-kishi zavod-fabrikalar, tayar wo'nimlerdi du'nyani'n' tu'rli jerlerine jetkerip beriwge asi'g'i'p ati'rg'an barli'q tu'rdegi transport qurallari'nan atmosferag'a shi'g'i'p ati'rg'an za'ha'rli gazlar,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

puwlar, ha'r tu'rli shi'g'i'ndi'lar qorshag'an wortali'qti'n' wog'ada u'lken ko'lemlerde pataslani'wi'na, hawani'n', suwdi'n', jerdin' ta'biyiy qurami' keskin wo'zgeriwine sebep bolmaqta. Suw kibi ju'da' bahali' ta'biyat bayli'g'i'nan tejemli paydalani'w worni'na, woni' i'si'rap qi'li'w, ku'shli jer silkiniwler boli'p turatug'i'n seysmik aymaqlarda u'lken plotinalar, elektrostanciyalar quri'wg'a zor beriw, da'rya ha'm saylardi'n' an'g'ari'n basqa ta'replerge buri'w si'yaqli' puxta woylanbay a'melge asi'ri'latug'i'n isler, a'lbette, ta'biyattag'i' ten' salmaqli'li'qti' buzi'p jiberedi. Yen' qa'weterlisi, jol qoyi'lg'an bul qa'telerdi du'zetiw, izden shi'qqan ten' salmaqli'li'qti' qayta tiklew keyin ala wog'ada qi'yi'n boladi'.

**Ta'biyat — bul quramali' sistema. Woni' ekosistema deymiz. Ekosistemag'a joqari' aqi'l-woy tiykari'nda jandasi'w, woni'n' ten' salmaqli'li'g'i'n hesh qashan buzbaw lazi'm.**

Tilekke qarsi', bizge buri'ng'i' sovet ma'mleketinen awi'r ekologiyali'q mashqalalar da miyras boli'p qalg'an. Jurtbasshi'mi'z bul ma'selege wo'tken a'sirdin' 90-ji'llari'nda-aq pu'tkil ja'ha'n ja'miyetshiliginin' itibari'n qaratqan yedi:

**«Ma'nawiy-ruwxi'y tikleniw insanni'n' jerge ha'm woni'n' bayli'qlari'na bolg'an mu'na'sibetin de wo'z ishine ali'wi' lazi'm...**

**Tilekke qarsi', keyingi ju'z ji'lli'qta mine usi' aymaqti'n' ekologiyali'q sistemasi'na ju'da' u'lken zi'yan keltirildi. Ata-babalari'mi'zdi'n' ta'biyattan paydalani'w tarawi'ndag'i' da'stu'riy a'dep-ikramli'li'q qag'i'ydalari' umi'tti'ri'li'p jiberildi. Bul qag'i'ydalarg'a ko're suw ha'm jerdi woylamaynetpey bi'lg'aw, i'si'rap yetiw ju'da' u'lken gu'na boli'p yesaplanatug'i'n yedi»[1].**

U'lkemizdegi ekologiyali'q mashqalalardi'n' yen' u'lkeni Aral ten'izinin' quri'p ketiwine baylani'sli' yekenin bilesiz. O'zbekistan bul ma'selenin' unamli' sheshimin tabi'w, mashqalani'n' ja'ne de teren'lesiwinin' aldi'n ali'w, Aral boyi' aymag'i'nda jasaytug'i'n xali'qti' ha'r ta'repleme qorg'aw boyi'nsha ko'plep ilajlar ko'rmekte. Ma'mleketimiz basshi'li'g'i' bul qi'yi'n ma'selege du'nya sheriklesliginin' itibari'n qarati'p ati'rg'ani' da Aral mashqalasi'

---

[1] **Islam Karimov.** Qa'wipsizlik ha'm turaqli' rawajlani'w joli'nda. / O'zbekistan XXI a'sir bosag'asi'nda. — T.: «O'zbekistan», 1998-ji'l, 131-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



bir-yeki ma'mlekettin' yemes, al pu'tkil Jer ju'zinin' mashqalasi'na aylang'ani'n ko'rsetedi. Usi'g'an baylani'sli', O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti Islam Karimovti'n' 2010-ji'l 20-sentyabrde Birlesken Milletler Sho'lkemi Sammitinin' Mi'n' ji'lli'q rawajlani'w maqsetlerine bag'i'shlang'an jalpi' ma'jilisinde shi'g'i'p so'ylewindegi mi'na pikirler u'lken a'hmiyetke iye:

**«Aral apatshi'li'g'i' ekologiya mashqalalari'na juwapkershiliksiz qatnasta boli'wdi'n' ayqi'n mi'sali' boli'p yesaplanadi'. Bir waqi'tlari' tapti'rmaytug'i'n ha'm go'zzal ten'izlerdin' biri bolg'an Aral bir a'wlad wo'miri dawami'nda derlik quri'p ha'm jog'ali'p barati'rg'an suw deregine aylandi'.**

**Qi'ri'q ji'l dawami'nda Aral ten'izi akvatoriyasi' 7 yese qi'sqardi', suw mug'dari' 13 yesege kemeydi, woni'n' minerallasi'wi' bolsa wonlag'an yesege ko'beyip, ten'izdi tiri organizmler jasawi' ushi'n jaramsi'z awhalg'a keltirdi. Na'tiyjede derlik barli'q haywanat ha'm wo'simlik du'nyasi' dag'dari'sqa ushi'radi' ha'm jog'aldi'...**

**Aral ten'izinin' quri'wi' dawam yetip ati'rg'ani' ha'm woni'n' a'tirapi'nda gumanitar apat ju'z berip ati'rg'ani' sebepli Aral boyi'ni'n' ta'biyiy biologiyali'q fondi'n asi'rap-abaylaw, Aral dag'dari'si'ni'n' qorshag'an wortali'qqa, yen' a'hmiyetlisi, bul jerde jasap ati'rg'an ju'z mi'n'lap ha'm millionlap adamlar turmi'si'na apatli' ta'sirin kemeytiw bu'gingi ku'ndegi yen' a'hmiyetli wazi'ypa boli'p yesaplanadi'»[1].**

Bizin' yelimizde g'a'rezsizlik ji'llari'nda jurti'mi'z ta'biyatti' asi'raw, woni' ja'ne de bayi'ti'w boyi'nsha u'lken isler a'melge asi'ri'lmaqta. Ba'rinen de buri'n, ta'biyatti' qorg'awdi'n' ni'zamli' tiykarlari'n bekkemlewge qatan' itibar qarati'lmaqta. Ha'zirgi ku'nde ma'mleketimizde «Ta'biyatti' qorg'aw haqqi'nda»g'i' (1992-ji'l 9-dekabrde qabi'l yetilgen), «Shi'g'i'ndi'lar haqqi'nda»g'i' (2002-ji'l 5-aprel), «Suw ha'm suwdan paydalani'w haqi'nda»g'i',

[1] «Ma'rifat» gazetasi, 2010-ji'l, 22-sentyabr sani'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«Ayi'ri'qsha qorg'alatug'i'n ta'biyiy aymaqlar haqqi'nda»g'i' (ha'mmesi 1993-ji'l 7-mayda qabi'l yetilgen) ha'm basqa da ni'zamlar, ko'plep kodeksler qatan' ha'reket yetpekte. Usi' ni'zam ha'm ni'zam asti' hu'jjetleri zaman talaplari'na sa'ykes jetistirilmekte. Bul a'hmiyetli wazi'ypalardi' wori'nlawg'a tek ma'mleketlik sho'lkemler g'ana yemes, al ko'plep ja'miyetlik sho'lkemler de belsendilik penen qatnasti'ri'lmaqta.

**Soni'n' ishinde, O'zbekistan Ekologiyali'q ha'reketine Oliy Majlistin' Ni'zamshi'li'q palatasi'nan 15 deputatli'q worni'ni'n' aji'rati'li'wi' usi' ja'miyetlik ha'rekettin' ju'rgizip ati'rg'an jumi'slari'n ha'r ta'repleme qollap-quwatlawdi'n' is ju'zindegi ko'rinisi boldi'.**

Diyari'mi'zda xali'qti'n' di'qqat-itibari' ta'biyatti' asi'raw tarawi'na qarati'li'p, puqaralardi'n' ekologiyali'q ma'deniyati'n, bilim ha'm ko'nlikpelerin ko'teriwge basli' itibar qarati'lmaqta. Na'tiyjede yelimizdin' barli'q wa'layatlari' menen rayonlari'nda ko'plep bag'lar, tog'aylar, jan'a suw saqlag'i'shlar, qori'qxanalar sho'lkemlestirilmekte. Awi'l xojali'g'i'nda suwdan, jerden na'tiyjeli paydalani'w, buni'n' ushi'n bolsa tamshi'lap suwg'ari'w texnologiyasi'n qollani'w, zi'yanli' ximiyali'q to'ginlerden paydalani'wg'a shek qoyi'w, woni'n' worni'na organikali'q to'ginler to'giw ja'ne yeginlerdi almaslap yegiw ja'rdeminde jerdin' jag'dayi'n jaqsi'law ma'selelerine itibar ku'sheydi. Xali'qti' suw menen ta'miyinleytug'i'n ta'biyiy dushshi' suw dereklerinin' qa'wipsizligi ha'm tazali'g'i' turaqli' tu'rde qadag'alanbaqta. Ka'rxanalarg'a ekologiyali'q jaqtan zi'yansi'z zamanago'y a'sbapu'skeneler wornati'lmaqta, shi'g'i'ndi'si'z isleytug'i'n texnologiyalardan paydalani'w jolg'a qoyi'lmaqta.

**! Bulardi'n' ha'mmesi, a'lbette, tek bu'gingi ku'nde jasap ati'rg'an adamlardi'n' ma'plerin g'ana go'zlep qoymastan, jaqi'n ha'm uzaq keleshekte usi' ana topi'raqta jasaytug'i'n a'wladlardi'n' baxti'n, i'g'bali'n woylap a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an sawapli' isler boli'p yesaplanadi'.**

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. Insandi' ne ushi'n ta'biyat perzenti dep ataymi'z?
2. Adamlardi'n' ta'biyat qushag'i'na talpi'ni'wi' wolarda qanday qa'siyetler bar yekenligin ko'rsetedi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3. Ekologiyali’q ma’deniyat qanday bilim ha’m ko’nlikpeler yesabi’nan payda boladi’?
4. Son’g’i’ waqi’tlari’ ekologiyali’q mashqalalardi’n’ keskin ko’beyiwine neler sebep boli’p ati’r?
5. Worayli’q Aziya regioni’nda yen’ aktual ekologiyali’q mashqalalar si’pati’nda nelerdi ko’rsetiw mu’mkin?
6. Usi’ su’wretler tiykari’nda ta’biyat ha’m woni’ asi’raw tuwrali’ gu’rrin’ du’zin’.

A)



C)



B)



D)





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BIZGE TANI'S HA'M BIYTANI'S TA'BIYAT

***(A'meliy sabaq)***

Bul a'meliy sabaqti' sho'lkemlestiriw ushi'n, yen' aldi' menen klastag'i' barli'q woqi'wshi'lar wo'zleri jasap ati'rg'an aymaqtag'i' ta'biyat, wo'simlikler, haywanat du'nyasi' u'lgileri tuwrali' mag'luwmat tayarlaydi'.Wolardi'n' ayi'ri'm tu'rlerin (ma'selen, tu'bekte wo'sirilip ati'rg'an tu'rli gu'ller, ag'ashlar japi'rag'i', miywesi, u'yde saqlani'p ati'rg'an quslar, tasbaqa, za'ha'rsiz ja'nlikler, bulaq suwi' ha'm t.b. ta'biyat bayli'qlari'n) sabaqqa ali'p keliwi de mu'mkin.

Ha'r bir woqi'wshi' wo'zi tan'lag'an na'rse tuwrali' ilaji' bari'nsha ko'birek ilimiy mag'luwmat toplap, klaslaslari'na ayti'p beriwi kerek. Buni'n' ushi'n mektep kitapxanasi'ndag'i' «O'zbekistan Milliy enciklopediyasi'», «Balalar enciklopediyasi'», haywanat ha'm wo'simlik du'nyasi'na tiyisli ko'plep a'debiyatlardan paydalani'w mu'mkin. Bunnan ti'sqari', wol yaki bul ag'ash, wo'simlik, gu'l, haywan, ja'nlik yaki bulaq suwi' tuwrali' u'lkenlerden sorasti'ri'w, wolardi'n' wo'zine ta'n qa'siyetlerin jaqsi'lap bilip ali'w mu'mkinshiligi bar.

Bunda to'mendegi mag'luwmatlardi' ani'qlasti'ri'wg'a a'hmiyet berin':

— terek, wo'simlik, gu'l jabayi' halda wo'se me yamasa qolda wo'sirile me?

— wolardi' ma'deniylestiriw uluwma mu'mkin be, joq pa?

— wolar qashan gu'lleydi, qashan miyweleydi, qashan japi'rag'i'n to'gedi?

— wolardi'n' jasaw mu'ddeti qanday — bir ji'lli'q pa yamasa ko'p ji'lli'q pa?

— keyingi waqi'tlarda wolar ko'beyip barati'r ma yamasa azayi'p barati'r ma? Buni'n' sebebi nede?

— wolar qalay ko'beytiledi yamasa ta'biyiy tu'rde qalay ko'beyedi?

— wolar qanday yemlik qa'siyetlerge iye?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

– haywan, qus, ja'nlik jabayi' halda jasay ma yamasa u'yde jasay ma?

– wolar ne menen azi'qlanadi', azi'qti' qay jerden tabadi'?

– keyingi waqi'tlari' wolar ko'beyip barati'r ma yaki azayi'p barati'r ma? Buni'n' sebebi nede?

– wolardi' bag'i'wda nelerge ko'birek itibar beriw kerek?

– wolardi'n' jasaw mu'ddeti qanday?

– u'yrenilip ati'rg'an janzat jurti'mi'zdi'n' ekologiyali'q sistemasi'nda qanday a'hmiyetke iye ha'm basqa da ma'seleler.

Bul ha'm basqa da ko'plep sorawlarg'a tabi'lg'an juwaplar sizin' ha'm klaslaslari'n'i'zdi'n' bir qarag'anda itibarsi'z wo'tip ketetug'i'n ta'biyat a'jayi'batlari' tuwrali' bilim ha'm tu'siniklerin'izdi bayi'tadi' dep woylaymi'z. Bul ag'arti'wshi'li'q ta'jiriybesi bolsa sizdi ha'm doslari'n'i'zdi' ha'r bir giyag'a, tiri maqluqqa itibarli' qatnasta boli'wg'a shaqi'radi'. Usi'layi'nsha ana ta'biyatqa muhabbat, wog'an miyirban, reyimli mu'na'sibette boli'w ko'nlikpelerin iyeleysiz.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## WAQI'TTI' QA'DIRLEW – MA'NAWIYAT WO'LSHEMI

Hu'rmetli woqi'wshi'! Jurtbasshi'mi'zdi'n' siz benen bizge – jas a'wladqa qarata aytqan wog'ada ibratli' pikirleri menen, kelin', sa'wbetimizdi baslaymi'z:

**«Ha'r bir a'wlad tariyxti'n' wo'zine tiyisli betin wo'zi jazi'wi' kerek»[1].**

Prezidentimizdin' bul shaqi'ri'g'i' negizinde wog'ada u'lken, salmaqli' mazmun-mag'ana ja'mlengen. Aldi'n'g'i' sabaqlari'mi'zda atap wo'tkenimizdey, bizin' wo'tmishtegi woyshi'llari'mi'z, ulli' dani'shpanlari'mi'z benen sa'rkardalari'mi'z tariyx wo'zleri ushi'n aji'ratqan betlerdi alti'n ha'ripler menen tolti'ri'p, tek g'ana bizge yemes, al pu'tkil insaniyatqa paydali' bolg'an ulli' jan'ali'qlardi' ashi'p, ilimiy, ma'deniy, ma'nawiy bayli'qlardi' jaratqan. Ma'mleketshilikti sho'lkemlestiriw ha'm woni' basqari'wg'a baylani'sli' ju'da' siyrek ushi'rasatug'i'n ta'jiriybelerdi de miyras yetip qaldi'rg'an. Bunday bay miyras penen qanshelli maqtansaq arzi'ydi', a'lbette. Soni'n' menen birge, ma'selenin' basqa ta'repi de bar. Bul boyi'nsha Jurtbasshi'mi'z bu'gingi a'wlad, soni'n' ishinde, wo'sip kiyati'rg'an jaslari'mi'z itibari'n to'mendegi a'hmiyetli ma'selege qaratadi':

**«Wo'tmish penen maqtani'w kerek, woni' ko'klerge ko'teriwimiz za'ru'r, lekin tek usi'ni'n' menen g'ana sheklenip qali'wi'mi'z mu'mkin yemes. Sebebi – tek wo'tmish abi'rayi' menen jasap bolmaydi'»[2].**

Demek, ha'r bir a'wlad wo'lmes qa'diriyatyalardi' asi'rap-abaylaw, wolarg'a sadi'q boli'w menen birge, bul qa'diriyatlardi' ja'ne de bayi'ti'w, millet ha'm ma'mleket rawaji' ushi'n za'ru'r

[1] **Islam Karimov.** Jaslari'mi'z – xalqi'mi'zdi'n' isenimi ha'm tayani'shi'. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2006-ji'l, 56-bet.
[2] Sonda, 43-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolg'an ko'pten-ko'p jumi'slardi' wori'nlaw joli'nda pida'kerlik, belsendilik ko'rsetiwi talap yetiledi. Sebebi bu'gingi progress, tez wo'zgerip barati'rg'an zaman bizin' a'wladi'mi'z aldi'na da ko'plep mashqalalardi', talaplardi' qoymaqta. Mine usi' talaplarg'a sa'ykes ha'reket yetiw, ma'mleketimiz ekonomikasi'n, sociali'q-siyasiy, ma'deniy-ag'arti'wshi'li'q tarawlari'n rawajlandi'ri'w juwapkershiligi waqi'ttan, wo'tip ati'rg'an ha'r bir ku'nnen wo'nimli paydalani'wdi' aktual wazi'ypa yetip qoymaqta. «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'ni'n' «Yen' ulli' ma'rtlik» dep atalg'an bo'liminde Prezidentimiz a'yne usi' ma'selege tiyisli to'mendegi a'hmiyetli pikirdi alg'a su'redi:

**«Mag'an buyi'rsa, ha'r ku'ni, ha'r saatta pidayi' boli'w, wo'zin tamshi'ma-tamshi', kem-kemnen ulli' maqsetlerge qaray sharshamastan, tali'qpastan ti'ni'msi'z bag'darlap bari'w, bul pazi'yletti turaqli', ku'ndelikli is-ha'reket wo'lshemine aylandi'ri'w – hasli'nda haqi'yqi'y qaharmanli'q mine usi', dep aytqan bolar yedim»[1].**

Akademik shayi'r G'afur G'ulam bolsa wo'zinin' «Waqi't» qosi'g'i'nda:

*A'ziz a'sirimizdin' a'ziz demleri,*
*A'ziz insanlardi'n' soraydi' qa'dirin,*
*Pursat g'a'niymetdur, alti'n ha'ripler,*
*Bezesin insanni'n' wo'mir da'pterin,* –

dep jazg'an yedi. «Wo'mir da'pteri» degen ibara ju'da' u'lken ma'niske iye.

**Ha'r bir a'wlad si'yaqli', ha'r bir insanni'n' da wo'mir da'pteri boladi'. Usi' da'pterdi «alti'n ha'ripler» – iygilikli isler, jaqsi'li'qlar menen bezew wo'zimizdin' qoli'mi'zda. Bunda pursatti' g'a'niymet dep biliw, waqi'tti' qa'dirlew wog'ada a'hmiyetli.**

Al, yendi shayi'r nege waqi'tqa – pursatqa bunshelli u'lken itibar berip, woni' «a'ziz demler» dep ta'ripleydi?

Yeger ashi'g'i'n aytatug'i'n bolsaq, ha'zirshe siz wo'mirdin' qa'dir-qi'mbati'n toli'q an'lap jetiwin'iz qi'yi'n. Buni'n' ilaji' da joq. Sebebi ha'zirgi waqi'tta sizge wo'mirdin' shegi-shegarasi'

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 165-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

joqtay, yele ha’mme na’rse aldi’nda boli’p ko’riniwi ta’biyiy halat. Solay bolsa da, waqi’t wo’lshemi, wo’mir ma’nzillerinin’ ne yekenin, wonnan qalay na’tiyjeli paydalani’w lazi’mli’g’i’ tuwrali’ pikirlesip ali’wi’mi’z paydali’ boladi’.

**Soni’ ayti’w kerek, ma’nawiyat insannan belgili bir ta’rtip-qag’i’ydalar tiykari’nda jasawi’n talap yetedi. Sebebi ta’rtip-intizam menen islengen iste g’ana mazmun boladi’. Turmi’sti’ belgili bir ta’rtip negizinde sho’lkemlestiriw za’ru’rligi insandi’ waqi’t penen yesaplasi’wg’a, woni’n’ qa’dirine jetiwge iytermeleydi.**



Waqi’tti’n’ qa’dirine jetiw xalqi’mi’zdi’n’ naqi’l-maqallari’ menen hikmetlerinde de sa’wlelengen. Mi’sali’, «Waqti’n’ ketti – baxti’n’ ketti», «Waqi’t – ag’ar da’rya», «Waqi’t – a’dil to’reshi», «Waqi’t qa’diri wo’tkende bilinedi» si’yaqli’ naqi’l-maqallar menen hikmetler usi’lar qatari’na kiredi.

Bir woylap ko’rin’: nege xali’q waqi’tti’n’ biykar ketiwin insanni’n’ qoli’nda, imkaniyati’nda turg’an na’rseni qoldan beriw menen ten’ qoymaqta? Aqi’ri’, waqi’tti’n’ shegi-shegarasi’ bolmasa, bu’gin pitpegen jumi’s yerten’ pitkende ne boli’pti’?

Ha’mme ga’p usi’nda da’! Waqi’t shegarasi’z, hesh qashan tawsi’lmaytug’i’nday tu’yilse de, lekin insan wo’mirinin’ shegarasi’ – aqi’ri’ bar. Adamni’n’ arzi’w-a’rmanlari’ bolsa sheksiz. Bul a’rmanlardi’n’ ha’mmesine jetisiw qi’yi’n bolsa da, ilaji’ bari’nsha ko’biregin a’melge asi’ri’w ushi’n da waqi’tti’ qoldan bermew kerek.

Siz jas bala menen u’lkenlerdin’, a’sirese, kekse adamni’n’ ha’reketlerin wo’z-ara sali’sti’ri’p ko’rin’. Yele moyni’nda pari’z, juwapkershilik tuyg’i’si’ bolmag’ani’, tek wo’z ra’ha’tin, waqti’n zawi’qli’ wo’tkeriwdi woylag’ani’ sebepli balalar basqalardi’n’ ta’shwishin sezbeydi, woyi’ng’a qi’zi’g’adi’. Al, adamni’n’ jasi’ u’lkeygen sayi’n wol ilaji’ bari’nsha ko’birek paydali’ is qi’li’p qali’wg’a asi’g’adi’.Wog’an ba’rqulla waqi’t kemlik qi’ladi’, xali’q so’zi menen aytqanda, «bas qasi’wg’a da waqti’ qalmaydi’».



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Demek, waqi'tti'n' insan wo'mirine, woni'n' is-ha'reketlerine ko'rsetetug'i'n ta'siri wog'ada ku'shli. Sebebi waqi'ttan wo'nimli paydalani'w, waqi'tqa qarap, woni'n' menen yesaplasi'p ha'reket yetiw ma'nawiy turmi'sti'n' a'hmiyetli faktorlari'ni'n' biri boli'p yesaplanadi'.

Waqi'ttan duri's paydalani'w degende, woni'n' ha'r bir minuti'n aqi'lg'a muwapi'q bo'listiriw tu'siniledi. Uluwma, i'qti'yari'n'i'zdag'i' waqi'tti' yeki bo'lekke aji'rati'w mu'mkin: ba'ntlik waqti' ha'm bos waqi't. Ba'ntlik waqti'nda insan wo'zi, shan'arag'i', ja'miyet ha'm xali'q paydasi' ushi'n belgili bir jumi's penen mashqul boladi'.

Bos waqi't bolsa insanni'n' woqi'w, jumi's, xi'zmet penen shug'i'llanbaytug'i'n waqti'. Bos waqi'tta insan dem aladi', fizikali'q ha'm ruwxi'y ku'shin tiklew maqsetinde fizikali'q jaqtan tetiklestiretug'i'n, kewil ko'teretug'i'n yamasa qi'zi'qli' jumi'slar menen shug'i'llanadi'. Bug'an perzentler ta'rbiyasi', kitap woqi'w, sport ha'm ko'rkem wo'ner menen, ja'ma'a't isleri menen shug'i'llani'w, teatr-kino tamashalari'nda, tu'rli bayramlarda dem ali'w, seyil yetiw ha'm t.b. kiredi. Bos waqi'tti' da adam aktiv wo'tkeriwi mu'mkin. Mine, usi'layi'nsha paydalani'lg'an bos waqi't adamg'a fizikali'q ku'sh-quwat bag'i'shlaw menen birge, woni'n' intellektual jaqtan da ja'ne de rawajlani'wi'na ja'rdem beredi. Ma'selen, jaqsi' spektakldi tamasha qi'lg'an adam bari'-jog'i' yeki saat ishinde ju'da' u'lken ruwxi'y ku'sh ali'p shi'g'i'wi' mu'mkin.

Shaxsti'n' wo'zinin' qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' yamasa shan'araq ag'zalari'ni'n' tilek-wo'tinishleri menen sho'lkemlestiriletug'i'n kewilli shi'ni'g'i'wlar bos waqi'tti' teren' mazmun menen bayi'tadi'. Kerisinshe, tek uyqi' ha'm biykarshi'li'q penen wo'tkerilgen bos waqi'tti' bolsa wo'mirdi samalg'a suwi'ri'w menen ten'lestiriw mu'mkin.

Insanni'n' ku'ndelikli turmi'si' qatan' ta'rtip tiykari'nda quri'lg'anda g'ana biykarshi'li'qqa, zerigiwge wori'n qalmaydi'. Francuz jazi'wshi'si' Sendal «Biykarshi'li'q – zerigiwdin' anasi'» dep biykarg'a aytpag'an.

**Biykarshi'li'q ha'm zerigiw bolsa adamdi' tu'rli ji'nayatlar islewge, ma'sku'nemlikke, na'shebentlikke beriliwge, ma'nawiy zi'yanli' islerge qol uri'wg'a beyimlestirip qoyadi'.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Demek, bos waqi't birew ushi'n alti'nnan da qi'mbatli' boli'p, woni'n' ma'nawiy jetilisiwine xi'zmet qi'lsa, basqa birew ushi'n bolsa i'qti'yari'n qoli'nan ali'p, tun'g'i'yi'qqa qaray jetelep ketetug'i'n apatli' demlerge aylani'wi' hesh ga'p yemes.

**Usi' ma'niste, waqi'tti' biyhuwda suwi'ri'w, hesh bir jumi's penen ba'nt bolmastan wo'tkeriw adam ushi'n u'lken qa'wip tuwdi'radi'. Sebebi insan aqi'l-woyi' bosli'qti', biykarshi'li'qti' jaqti'rmaydi'.**

Paydali' is penen ba'nt bolmag'an adamni'n' aqi'l-woyi'na tu'rli ma'nissiz pikirler, ha'tte buzg'i'nshi'li'qqa iytermeleytug'i'n illetler hu'jim qi'ladi'. Waqti'n wo'z betinshe basqari'p, wo'zi ushi'n paydali' is taba almaytug'i'n adam basqalardi'n' ta'sirine tu'sip qali'wi' hesh ga'p yemes. Tap usi'nday, jaslar kem-kemnen ta'rtipsizlik, urli'q joli'na kirip qalg'ani'n sezbey de qaladi'.

Tek bul yemes, ayi'ri'm sanasi' to'men, tu'sinigi tar bolg'an jaslar tu'rli ekstremistlik toparlar ta'sirine tu'sip, wolardi'n' qoli'nda quwi'rshaqqa aylani'p qalmaqta.Wolar Watandi' da, milletti de, ata-anani' da ta'n almaydi'. Sana-sezimin jawi'zli'q iyelegen bunday kimselerdin' basi'p wo'tken wo'mir joli'na ser salsaq, wolardi'n' ya mektepte, ya basqa bir woqi'w worni'nda jalshi'ti'p ta'lim-ta'rbiya almag'ani'n ko'remiz. Woqi'wg'a kettim, dep u'yden shi'g'i'p, tu'rli ag'i'mlarg'a bas iyip kirgen, wol jerde insang'a g'a'zeplik, milletke dushpanli'q «sabag'i'n» alg'an. Ayi'ri'mlari' bolsa jat jurtlarda da'rbeda'r gezip, tu'rli ekstremistlik sho'lkemlerdin' woraylari'nan qoni's tapqan. Bul jerlerde wolarg'a adam wo'ltiriw, abat qala ha'm awi'llardi' wayran yetiw, ti'ni'sh xali'qti'n' kewline qorqi'ni'sh sali'w usi'llari' u'yretilgen. Ma'mleketimiz paytaxti' Tashkentte 1999-ji'li' 16-fevral, 2004-ji'li' 28-29-mart ha'm 1-aprel ku'nleri, sonday-aq, 2005-ji'li' 12-may ku'ni A'ndijan qalasi'nda ju'z bergen qayg'i'li' terrorshi'li'q hu'jimler a'yne usi'nday jerkenishli kimselerdin' jawi'zli'q isleri boli'p yesaplanadi'.

Ko'rip turg'ani'n'i'zday, xalqi'mi'z «Biykarshi'dan Quday da biyzar» degen naqi'ldi' biykarg'a aytpag'an.

**! Biykarshi'li'q insanni'n' kewlinde, sanasi'nda, iyman-iseniminde bosli'q payda yetedi. Bunday kewildi tek insang'a degen hu'rmet yemes, ba'lkim Jaratqang'a shu'kirshilik**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**yetiw, woni'n' aldi'ndag'i' juwapkershilik tuyg'i'si' da ta'rk yetedi. Qa'lbinde iyman-isenimi, Watang'a muhabbat sezimleri bolmag'an kimseden bolsa ha'r qanday jawi'zli'qti' ku'tiw mu'mkin.**

Bos waqti'n'i'zdi'n' ko'pshilik bo'legi shan'araqta wo'tedi. Sonli'qtan ata-anan'i'zdan u'lgi ali'wi'n'i'z, wolar bilgen ka'sipwo'ner si'rlari'n u'yreniwin'iz kerek. Keleshek wo'mirin'iz ushi'n za'ru'r bolg'an bilim ha'm ko'nlikpelerdi iyelew joli'nda miynetten qashpaw, yerinbew kerek.

Siz, bunnan ti'sqari', bilimlendiriw ha'm ma'deniyat wori'nlari', awi'l, ma'kan puqaralar ji'yi'nlari' qasi'nda sho'lkemlestirilgen ka'sip-wo'ner ha'm sport do'gereklerine turaqli' qatnasi'w arqali' bos waqti'n'i'zdi' mazmunli' wo'tkeriw imkaniyati'na iyesiz. Jasi'n'i'z, qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n'i'zg'a sa'ykes kino, spektakl, teleko'rsetiwlerdi tamasha qi'li'w, mazmunli' radioesittiriwlerdi ti'n'law bolsa sizin' tu'siniklerin'izdi ken'eytip, talg'ami'n'i'z ha'm ko'z-qarasi'n'i'zdi' bayi'ti'wg'a ja'rdem beredi.

Insan a'sirler dawami'nda ko'rkem shi'g'armadan ruwxi'y azi'q ali'p, wo'zin qi'zi'qti'rg'an soraw ha'm jumbaqlarg'a juwap tawi'p kelmekte. Soni'n' menen birge, ko'rkem shi'g'arma qayg'i'li' ku'nlerde de, jalg'i'z qalg'an demlerde de jaqi'n ma'sla'ha'tshi, sadi'q joldas boli'p yesaplanadi'.

Kitap — biybaha bayli'q yekenin ko'p yesitkensiz. Tilekke qarsi', bul bayli'qtan mazmunli' paydalani'wg'a asi'qpaytug'i'n, wog'an itibarsi'z qaraytug'i'n doslari'mi'z da arami'zda ushi'rap turadi'.

**Al, ataqli' a'debiyattani'wshi' ali'm, O'zbekistan Qaharmani' Azat Sharafuddinov atap wo'tkenindey, kitap insaniyat jaratqan birinshi a'jayi'bat boli'p yesaplanadi'.**

Itibar berin': ali'm kitapti' du'nyani'n' siz bilgen jeti a'jayi'bati'nan da u'stin qoymaqta. Buni'n' sebebi nede?

Yen' da'slep, ha'zirge shekem insaniyat qanday jan'ali'q jaratqan, neni woylap tapqan, qanday ilimiy ha'm turmi'sli'q ta'jiriybeni toplag'an bolsa, bulardi'n' ba'ri kitaplar du'nyasi'na ja'mlengen. Kitap woqi'w adamnan arti'qsha fizikali'q ha'reketti, materialli'q bayli'q sarplawdi' talap yetpeydi.Woqi'wg'a qunt ha'm i'qlas bolsa bolg'ani'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Kitap woqi'wdan ali'w mu'mkin bolg'an bilimdi, ta'jiriybeni, zawi'qti', ilhamdi', wo'mirge ha'm insang'a muhabbatti' basqa hesh bir na'rseden bul da'rejede ali'p bolmaydi'.**

Belgili bir ko'rkem wo'ner tilin, televidenie ha'm radio, zamanago'y kompyuterler mu'mkinshiligin ha'm abzalli'qlari'n biykarlamag'an halda soni' ayti'w mu'mkin, bulardi'n' hesh birewi kitapti'n' worni'n basa almaydi', basi'wi' mu'mkin de yemes. Sebebi woqi'w procesinde insan woy-pikiri, sana-sezimi, tu'siniginde ju'z beretug'i'n wo'zgerisler ko'lemin basqa hesh bir shi'ni'g'i'w ta'miyinlep bere almaydi'.

**Ja'ne bir na'rsege itibar berin': adamlar si'yi'natug'i'n du'nyadag'i' tiykarg'i' dinler insaniyatqa a'yne usi' kitap formasi'nda inam yetilgen.**

Solay yeken, bos waqi'tlari' ilaji' bari'nsha ko'birek kitap woqi'wg'a ha'reket yetken adamdi' qansha alg'i'slasan' da arzi'ydi'. A'sirese, ko'rkem shi'g'armalar sizin' adamgershilik pazi'yletlerin'izdin' ku'sheyiwinde, adamlardi' tu'siniw ko'nlikpesine iye boli'wi'n'i'zda ten'siz a'hmiyetke iye. Ataqli' rus jazi'wshi'si' M. Gorkiy «Wo'zimdegi barli'q jaqsi' pazi'yletler ushi'n kitaplardan minnetdarman» degeninde hesh asi'ra aytpag'an. Yamasa belgili gruzin jazi'wshi'si' Nodar Dumbadzege bir hayal to'mendegi mazmunda xat jazg'an yedi:

«Men yemlewxanada awi'r biytap boli'p jatqani'mda doktorlardi'n' yeminen ko're, sizin' kitabi'n'i'zdi' woqi'g'ani'm sawali'p ketiwime ko'birek ja'rdem berdi...»

**Sonday-aq, kitap woqi'wdi'n' zawqi'n bilmeytug'i'n, kitap woqi'w sheberligin wo'zlestirmegen bu'gingi zamanlasi'mi'zdi' joqari' ma'nawiyatli' insan, dep ayti'w ju'da' qi'yi'n.**

Xalqi'mi'zdi'n' «Ju'rgen da'rya, woti'rg'an boyra» degen ga'pi bar. Yeldin' pu'tkil go'zzalli'g'i'n, ken'ligin ha'm ra'n'ba'ren'ligin biliw ushi'n da adam bos waqi'tlari'nda saparg'a shi'g'i'p turi'wi' kerek. Saparda adam ta'biyat ko'rinislerinen ilhamlanadi', ko'rmegen jerlerin ko'redi, bilmegen na'rselerin bilip aladi', jaqsi'jaman adamlar menen sa'wbetles boladi'. «Birdi ko'rip pikir qi'l, mi'n'di' ko'rip shu'kir qi'l» degenindey, ha'r qi'yli' adamlar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

menen ushi'rasi'p, za'ru'r juwmaqlar shi'g'aradi', du'nyani' tani'ydi'. Insan saparda ju'rip g'ana wo'z u'yinin', ma'ha'llesinin', qala ha'm awi'li'ni'n', qalaberse, Watan sag'i'ni'shi' ne yekenin tu'sinedi. Barg'an jerlerindegi adamlar, a'detler, qa'diriyatlar menen wo'z jurti'ndag'i'lardi' sali'sti'ri'p, ko'p na'rsenin' parqi'n an'laydi', ko'zi ashi'ladi'. Bug'an qosi'msha, sapar waqti'nda adamda insanpa'rwarli'q, mehir-aqi'bet, dosli'q pazi'yletleri ku'shlirek ju'zege shi'g'adi'.

Sebebi sapar waqti'nda doslar menen mudami' birge boli'wg'a, birge jati'p-turi'w, awqatlani'w, jol ju'riwge tuwra keledi. Adamni'n' jaqsi' yaki jaman minez-qulqi' a'ne usi'nday paytlarda ashi'q-aydi'n ko'rinip qaladi'. Adam qi'yi'nshi'li'qlarg'a shi'damli' ma yaki joq pa, wol wo'zi jaqsi' ko'rgen na'rseni dosti'na da rawa ko're me, qa'wip asti'nda qalg'an sherigine ja'rdem bere ala ma yamasa taslap qasha ma — bulardi'n' ba'ri saparda si'naladi'. Demek, bos waqi'tti' mazmunli' wo'tkeriw ushi'n qi'li'ng'an sapar ha'r bir adam ushi'n si'naq ta yeken.

**Ulli' filosof Aristotel wo'zinin' «Poetika» degen shi'g'armasi'nda «Go'zzalli'q wo'lshemdedur» degen ideyani' bayan yetedi.**

Woyshi'ldi'n' bul ga'pi tek ko'rkem wo'ner shi'g'armalari'na g'ana tiyisli yemes. Ha'mme na'rsede — ta'lim-ta'rbiyada da, fizikali'q yamasa aqi'li'y miynette de, dem ali'w ha'm uyqi'da da wo'lshem bolg'ani' jaqsi'. Qay jerde wo'lshem buzi'lsa, sol jerde pu'tkil sistema isten shi'g'adi', biybastaqli'q, ta'rtipsizlik, aqi'r-aqi'bette fizikali'q yamasa ruwxi'y buzi'li'w ju'zege keledi.

Solay yeken, adam wo'z wo'mirin sanali', maqsetke bag'darlap ju'rgiziwi wo'mirdin' mazmunli' boli'wi'n ta'miyinleytug'i'n a'hmiyetli faktor boli'p yesaplanadi'. Hesh qanday is penen shug'i'llanbastan, wo'mirinin' alti'ng'a barabar demlerin biykarshi'li'q yamasa jaman isler menen wo'tkergen adamni'n' uyqi'si' da ti'ni'sh bolmaydi'.

**Wo'mir ma'writlerin g'a'niymet dep biletug'i'n, ha'r ku'ni sawap isler qi'li'p, adamlardi'n' awi'ri'n jen'il qi'li'wg'a a'detlengen insan wo'miri mudami' go'zzal ha'm abadan boli'wi' so'zsiz.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### ***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. Qanday adamlar waqi'tti' wo'zine boysi'ndi'ra aladi'?
2. «Waqti'n' ketti – baxti'n' ketti» naqi'li' negizinde qanday turmi's shi'nli'g'i' jasi'ri'ng'an?
3. Bos waqi'tti' bos wo'tkermewdin' qanday ilajlari' bar?
4. Biykarshi'li'q keltirip shi'g'ari'wi' mu'mkin bolg'an aqi'betler tuwrali' turmi'sli'q mi'sallar ja'rdeminde ayti'p bere alasi'z ba?
5. To'mendegi su'wretler tiykari'nda waqi'ttan wo'nimli paydalani'w qanday na'tiyjeler beretug'i'ni' tuwrali' ayti'p berin'.

A)


C)


B)


D)




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## NAWRI'Z – YEN' A'YYEMGI, HAQI'YQI'Y MILLIY BAYRAM

A'ziz woqi'wshi'! 7-klastag'i' sabaqlari'mi'zda buri'ng'i' sovet du'zimi da'wirinde xalqi'mi'zdi'n' milliy qa'diriyatlari', soni'n' ishinde, Nawri'z bayrami'n xali'q yadi'nan shi'g'ari'p taslaw ushi'n ko'p ha'reketler qi'li'ng'ani' tuwrali' azg'ana ayti'p wo'tken yedik. A'sirese, sovet du'zimi wo'zinin' qulaw halati'na kelgen, wo'tken a'sirdin' 80-ji'llari' dawami'nda bunday unamsi'z ha'reketler wog'ada ku'shli ha'wij ali'p, Nawri'zg'a qarsi' «uri's ja'riyalandi'». Bul bayramg'a ati'lmag'an do'hmet tasi' qalmadi'. Soni'n' ishinde, woni' diniy bayram dep atawshi'lar da, feodalizmnin' yeski qaldi'qlari'n uli'g'lawshi' ma'resim dep atawshi'lar da, woni'n' worni'na «Na'wba'ha'r» atli' sovetlershe bayram sho'lkemlestiriwdi usi'ni's yetkenler de boldi'. Adamlar bayramni'n' tan'si'q tag'ami' dep pisirip ati'rg'an su'melek toli' qazanlardi' sovet hu'kimeti wa'killeri jerge, qa'ndeklerge to'ktirip tasladi'.

**Bul – millettin' qa'lbin, kewilin, tariyxi'y yadi'n ayaq asti' qi'li'wdan basqa na'rse yemes yedi. Bul – kommunistlik ideyani'n' insang'a ha'm insani'yli'qqa qanshelli jat-biygana yekeninin' ja'ne bir da'lili yedi.**

Negizinde Nawri'z siyasatqa, ideologiyag'a, dinge baylani'si' bolmag'an ta'biyat bayrami' boli'p, wol ku'n menen tu'nnin' ten'lesiw ma'ha'lin, jan'a ji'ldi'n' ha'm ba'ha'rdin' baslani'wi'n belgilew boli'p tabi'ladi'.

21-martta a'yne bir keshe-ku'ndizdin' 12 saati' jari'q, 12 saati' bolsa qaran'g'i' boladi'. Bul jag'day ba'ha'rgi ten'lesiw ku'ni yesaplanadi', al gu'zgi ten'lesiw ku'ni 21-sentyabrge tuwra keledi.

1989-ji'li' O'zbekistanni'n' jana basshi'si' yetip tayi'nlang'an Islam Karimov xali'qqa ha'm woni'n' ma'nawiyati'na qarsi' qarati'lg'an sovetlik hu'jimlerge ma'rdana qarsi' shi'g'i'p, Nawri'zdi' uluwma xali'qli'q bayram si'pati'nda ken' belgilew ma'selesin qatan' tu'rde ku'n ta'rtibine qoyg'annan son' g'ana bul a'yyemgi bayramni'n' yekinshi wo'miri baslandi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**«Biz jaqi'nda bolajaq Nawri'z bayrami'n da'stu'rli bayram si'pati'nda belgilew tuwrali' ma'seleni dodaladi'q. Ha'r ta'repleme di'qqat-itibar menen dodaladi'q, «qas qoyaman dep, ko'z shi'g'ari'lg'an», wo'zbasi'mshali'q penen zi'yanli', xali'qqa jat qararlar qabi'l yetilgen, da'stu'rlerimiz, u'rp-a'detlerimizdin' a'sirlik tiykarlari' ayaq asti' qi'li'ng'an wo'tmish da'wirdin' sabaqlari'n yesapqa aldi'q»[1].**

G'a'rezsizlik ji'llari'nda bolsa Nawri'z bayrami' buri'n hesh qashan ko'rilmegen ko'lem ha'm formada ma'deniy turmi'si'mi'zdan mu'na'sip wori'n aldi'.

«Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda Jurtbasshi'mi'z bul bayramni'n' xalqi'mi'z tumi'si'nda tutqan worni'n bi'layi'nsha joqari' bahalaydi':

**«Jan'alani'w ha'm iygilik ti'msali' bolg'an Nawri'z filosofiyasi' xalqi'mi'zg'a ta'n bolg'an adamgershilik, mehir-aqi'bet, miriwbet ha'm himmet si'yaqli' joqari' pazi'yletlerden azi'qlani'p kelgeni, babalari'mi'z a'sirler dawami'nda qanday ulli' uluwma insani'y ideyalardan azi'q ali'p, ruwxi'y ka'mal tapqani'ni'n' ja'ne bir tasti'yi'qlani'wi', desek, hesh qanday qa'te bolmaydi'»[2].**



Haqi'yqati'nda da, ha'r qanday salt-da'stu'r ha'm u'rp-a'detler turmi's za'ru'rligi sebepli payda boladi'.Wolar belgili bir xali'qti'n' ruwxi'yati', ma'nawiy du'nyasi', arzi'w-a'rmanlari'ni'n' ko'rinisi boli'p, keleshek a'wladlardi'n' ma'nawiy-moralli'q kelbetinin' qa'liplesiwine de sheshiwshi ta'sir yetedi. Ko'pshilik da'stu'rler mazmuni'nda xali'qti', yelatti' iygilikke, insanpa'rwarli'qqa, jaqsi'li'qqa shaqi'ri'wday wo'lmes ideyalar ja'mlengen. Wolar da'wirler talabi'

[1] **Islam Karimov.** O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda. —T.: «O'zbekistan», 2011-ji'l, 122-bet.

[2] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. —T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 34—35-betler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

menen ha'm formasi', ha'm mazmuni' jag'i'nan jan'alani'p, bayi'p baradi'. Sonday da'stu'rler de bar, wolar wo'zinin' unamli' ta'siri, ko'pshiliktin' ruwxi'y talaplari'na juwap bergeni ushi'n ma'n'gilikke aylani'p, xali'qlardi'n' ma'nawiy qa'diriyati' da'rejesine ko'terilgen. Shi'g'i's xali'qlari'ni'n' a'ne usi'nday ma'nawiy bayli'qlari'ni'n' biri Nawri'z boli'p yesaplanadi'.

«Nawri'z» parsi'sha so'z boli'p, «jan'a ku'n» degen ma'nisti an'latadi'.Wol diyqanlar ushi'n yegis mapazi'ni'n' baslani'w waqti'na tuwra keledi. Ulli' dani'shpan babami'z A'liysher Nawayi' bul ku'ndi bi'lay ta'ripleydi:

*Jamali'na yerisip, ko'rdim, ten' yeken boyi' ha'm shashi',*
*Tu'n menen ku'n ten'lesip, shi'qti' Nawri'z quyashi'.*

Bul qatarlardan «Jamali'na yerisip, go'zzali'mni'n' boyi' (ku'ndey appaq ta'ni) menen uzi'n shashi' (tu'ndey qara shashi') Nawri'zdag'i' tu'n menen ku'ndizdey ten' yekenligin ko'rdim» degen ma'nisti an'laymi'z.

Nawri'z – ju'da' a'yyemgi bayram. Buni' wo'tmishtegi ulli' babalari'mi'z wo'z shi'g'armalari'nda tiykarlap bergen. Solardi'n' ishinde, Abu Rayxan Beruniydin' «A'yyemgi xali'qlardan qalg'an yestelikler», Womar Hayyamni'n' «Nawri'znama», Abulqasi'm Ferdawsiydin' «Shahnama», Xoja A'liy Termiziydin' «Nawri'z-nama», A'liysher Nawayi'ni'n' «Hayrat ul-abror», «La'yli ha'm Ma'jnu'n», «Saddi Iskandariy» si'yaqli' da'stanlari' Nawri'z ha'm woni'n' payda boli'w tariyxi', wog'an baylani'sli' bolg'an u'rp-a'detler, salt-da'stu'rler tuwrali' a'hmiyetli mag'luwmatlardi' beretug'i'n bahali' derekler boli'p yesaplanadi'.

**A'liysher Nawayi' babami'zdi'n' ta'riplewinshe, Jamshid zamani'nda Nawri'zdi' bayramlaw u'rdiske aylang'an. Dereklerdin' ko'rsetiwinshe, Nawri'z bayrami'ni'n' payda boli'wi' to'rt mi'n' ji'lli'q tariyxqa iye.**

A'liysher Nawayi'ni'n' «La'yli ha'm Ma'jnu'n» da'stani'ni'n' 12-babi'nda Nawri'z mu'na'sibeti menen Ma'jnu'n ha'm La'ylinin' qupi'ya ushi'rasqani', wonda La'yli i'shqi'ni'n' ku'shinen Ma'jnu'nnin' huwshtan ketkeni tuwrali' gu'rrin' yetiledi.

Nawri'zda woyang'an, gu'l-sheshеklerge bu'rkengen sahralar, bag'lar ishi adamlar menen toli' bolg'an.Wolar arasi'nda Ma'jnu'n menen La'yli de bar. Biraq adamlardan uyalg'ani'nan wolar bir-birine jaqi'nlaspastan, si'rlasa almastan qi'ynaladi'. La'yli bir



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sha'menzar ishine kirip, adamlar ko'zinen tasa boladi'. Bul sha'menzar ishinde bolsa Ma'jnu'nge dus keledi. Sonda La'yli i'shqi' azabi'na ku'ygen Majnu'ndi jubatar yeken, Nawri'z ku'ni insan bostanlar bawi'ri'na shi'g'i'wi', kewlindegi qapashi'li'qti' jazi'wi', woni'n' qa'lbi misli gu'l-shesheklerdey ashi'li'wi' lazi'mli'g'i'n bi'layi'nsha bayan yetedi:

*Bul dem yesip Nawri'zdi'n' jeli,*
*Gu'l iyisin qi'ldi' kewilli,*
*Ba'ha'rde bag'larda gu'ller ashi'ldi',*
*Gu'l sheshegi su'mbil shashqa tag'i'ldi'.*

*Bul pasi'lda a'zmi gu'lshan a'ylegey,*
*Bostan ha'reminde ma'skan a'ylegey.*

Ha'ziret Nawayi' wo'z g'a'zzellerinin' birinde:

*Sha'men sa'rwi qali'p hayran, menin' sa'rwim urdi' ja'wlan,*
*Woni'n' shaydasi' bir diyqan, bug'an shayda pu'tkil a'lem,* —

degen go'zzal qatarlardi' keltiredi. Bul ba'yitte shayi'r: «Menin' sa'rwim (yag'ni'y su'yiklim) ja'wlan urg'anda, sha'men sa'rwi (yag'ni'y Nawri'z) da hayran qaldi', Nawri'zg'a tek diyqanlar shayda bolg'an bolsa, bug'an (yag'ni'y yari'ma) pu'tkil a'lem shayda», — deydi.

Bizin' ata-babalari'mi'z paydalang'an shamsiy ji'l yesabi' boyi'nsha Hamal ji'ldi'n' birinshi ayi' yesaplanadi'.Wol a'yne Nawri'zdan — 21-marttan baslanadi'. Sonli'qtan da xalqi'mi'z «Hamal kirdi — a'mel kirdi» deydi. Demek, usi' ku'nnen baslap ana ta'bityattag'i' barli'q janzatlar menen wo'simliklerde woyani'w, jan'alani'w, wo'sip-u'lkeyiw, a'jayi'p bir ta'biyiy — ishki ko'teriliw ju'z beredi. Mu'lgip jatqan tuqi'mlar, tami'rlar, bo'rtikler quyashti'n' i'ssi' nurlari'nan ku'sh ali'p, ha'reketke asi'g'adi'. Ku'ni keshe qap-qara boli'p turg'an badam, yerik shaqalari' birden gu'lge bu'rkengenin, salmalar menen saylar boylari' jap-jasi'l wot-sho'pler menen qaplani'p qalg'ani'n sezbey de qalasi'z.

**! Ta'biyattag'i' woyani'w insan qa'lbine, ruwxi'yati'na da ta'sir yetpey qalmaydi'.**

Qi'sti'n' suwi'q i'zg'i'ri'qlari'nan bu'risken, uzaq tu'nlerden tali'qqan, biraz zerikken adamlar jaqti', ti'ni'q aspandi', quyashti'n' ta'nge ra'ha't bag'i'shlaytug'i'n nurlari'n, ta'biyattag'i' woyani'wdi' quwana qarsi' aladi'.Wolardi'n' ruwxi'yati'nda da a'jayi'p bir ko'terin'kilik, jaqsi' keypiyat payda boladi'.

Diyqanlar ushi'n bolsa Nawri'z ji'ldi'n' wo'zine ta'n belgisi — shegarasi' boli'p yesaplanadi'. Usi' ku'nnen baslap diyqan jerge



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



qa'wetersiz tuqi'm shashi'wi', woni'n' toli'q wo'nip shi'g'i'wi'nan kewli toq boli'wi' mu'mkin. Ji'l-won yeki ayli'q i'ri'sqi'-nesiybe ushi'n yesik ashatug'i'n bul ku'ndi bayramlamaw mu'mkin be?

Demek, Shi'g'i's xali'qlari' derlik to'rt mi'n' ji'ldan beri bayramlap kiyati'rg'an Nawri'z ta'biyat penen insan wo'miri uyg'i'nli'g'i'ni'n', wolar arasi'ndag'i' a'zeliy evolyuciyasi'ni'n' da ta'n ali'ni'wi', saltanati', desek, qa'te aytpag'an bolami'z.

Joqari'da atap wo'tilgenindey, Nawri'z — miynet ha'm jarati'wshi'li'q bayrami'. Bul ku'ni tap ta'biyat si'yaqli' insan da yendi qi'sti'n' ku'shi menen qa'ha'rinin' ketkenin, bunnan bi'lay ku'nler barg'an sayi'n ji'li'p bari'wi'n, arqag'a jol joq yekenin sezedi. Diyqan qar asti'nda jetilgen, qar ketip, u'sti ashi'lg'an jerdi shudigarlap, shel tarti'p, da'slepki tuqi'mdi' — i'ri'sqi'-nesiybe, bereket tuqi'mi'n sebedi.

**Nawri'z ta'biyat ha'm adamlar arasi'ndag'i' diydar, miyrim-sha'pa'a't, insanpa'rwarli'q bayrami' boli'p yesaplanadi'.**

Bul ku'ni qa'biristanlarda abadanshi'li'q isleri ju'rgiziledi, ulli' insanlar jatqan jerler ziyarat yetiledi, kekse, mayi'p, jalg'i'z basli' adamlar, ata-analardi'n' hali'nan xabar ali'nadi', tan'si'q da'sturxan jayi'li'p, qonaqlar ku'tiledi, adamlar su'yikli insanlarg'a sawg'alar inam yetip, balalarg'a shiyrin tag'amlar u'lestiredi.

**Nawri'z — dosli'q, biradarli'q bayrami'.**

Wol tek Shi'g'i's xali'qlari'ni'n' g'ana bayrami' yemes, al, milleti, dini, isenimi qanday boli'wi'na qaramastan, usi' jurtlarda jasaytug'i'n ha'mme milletler woni' belgileydi, bir-birin jaqsi'raq tani'p, kewillerine jol tabadi'.

Soni'n' ishinde, bizin' xalqi'mi'z a'yyemnen paraxatshi'li'qti' su'yetug'i'n xali'q yekenin is ju'zinde da'lillep kelmekte. Xalqi'mi'z barli'q zamanlarda da yellerdin', milletlerdin' wo'z-ara ti'ni'shtati'w, awi'zbirshilikli, dos-biradar boli'p jasawdi'n' ta'repdari' boli'p kelgen. Nawri'zdi' belgilew ta'rtibinde, woni'n' tu'p mazmuni'nda a'ne usi' ideyalar, maqset ha'm tilekler de ja'mlengen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Nawri'z — salamatli'q bayrami'.**

Sebebi ji'ldi'n' bul payi'ti'nda tayarlanatug'i'n ta'biyiy ha'm toyi'mli' tag'amlar qi'sti'n' uzaq tu'nlerinen aman-yesen shi'g'i'p alg'an adam organizmi ushi'n shi'palar ka'ni boli'p yesaplanadi'. Xalqi'mi'zdi'n' ko'p mi'n' ji'lli'q aspazli'q ma'deniyati' ji'ldi'n' a'yne usi' da'wiri ushi'n vitaminlerge bay usi'nday tag'amlar woylap tapqani' ushi'n da ardaqlanadi'. Su'melek, ko'k somsa ha'm ko'k pelmen mine usi'nday tan'si'q tag'amlar qatari'na kiredi. Nawri'z da'sturxani'na wo'zgeshe ko'rk bag'i'shlag'ani' ushi'n su'melek ha'm halim pisiriwge ayri'qsha tayarli'q ko'riledi.

Yeger halim tayarlaw menen ko'birek yerkekler ba'nt bolsa, su'melek pisiriw, tiykari'nan, hayallar ba'zmi boli'p yesaplanadi'. Tay qazanlar a'tirapi'nda hayal-qi'zlar, balalar woyi'n-zawi'q qi'li'p, qosi'qlar, ra'wiyat, yertek, ku'lkili a'n'gimeler, jumbaqlar ha'm xali'q gu'rrin'lerin ayti'si'p woti'rg'an, saz shertip, woyi'ng'a tu'sken. Seyilge kelgen ha'r bir adam jaqsi' niyet penen qazandi' bi'lg'ag'an. Su'melek bir keshe-ku'ndiz dawami'nda qayna-ti'lg'annan son' ha'r bir shan'araqqa bo'listiriledi. Seyilge qatnasa almag'an biytaplar, mayi'plar, jalg'i'z basli' qariyalarg'a su'melek apari'p beriledi. Su'melekti perzenti uzaq saparlardan aman qaytqan, jan'a perzent yaki aqli'q ko'rgen, turmi'sta u'lken tabi'slarg'a yerisken, kesellikten sawalg'an adamlar aldi'n-ala niyet qi'li'p tayarlaydi'. Su'melek bir shan'araqta pisirilgende de woni' tayarlaw procesinde pu'tkil awi'l yaki ma'ha'lle xalqi', tuwg'an-tuwi'sqanlar awi'zbirshilik penen qatnasi'wg'a talpi'nadi'. Ayti'wlari'na qarag'anda, bir qazannan tag'am jegenler tuwi'sqanlarday jaqi'n boli'p qalar yeken.

**Nawri'z — jaqsi' niyetler, yerten'gi nurli' ku'nlerdin' quwani'shli' xabari'n beriwshi bayram boli'p yesaplanadi'.**

Bul ku'ni adamlar bir-birine baxi't-saadat, amanli'q-yesenlik, shan'araqlarg'a bereket, yel-jurtqa ti'ni'shli'q-tati'wli'q tileydi. Yendigi Nawri'zg'a shekem ha'mmenin' saw-salamat jetip bari'-wi'n, baslani'p ati'rg'an jan'a ji'ldi'n' qutli'-bereketli keliwin, toy-tamashalarg'a bay boli'wi'n niyet yetedi ha'm sog'an umti'li'p jasaydi'.

**Nawri'z — wo'zinin' pu'tkil mazmun-mag'anasi' menen ibratli' a'depnama boli'p yesaplanadi'.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Nawri'z bayrami' bir ku'nnen bir ayg'a shekem belgilenip, woni' ni'shanlawg'a baylani'sli' tu'rli u'rp-a'detler, salt-da'stu'rler, i'ri'mlar a'wladtan a'wladqa wo'tip kelmekte.

A'yemnen gernay-si'rnaylardi'n' ju'rekti tolqi'nlandi'ratug'i'n hawazlari' menen baslanatug'i'n bul bayramda da'rwazlar, masqarapazlar, palwanlar, qosi'qshi'lar, shi'nqobi'z shertiwshiler, sazendeler menen woyi'nshi' qi'zlar, baqsi'-ji'rawlar wo'z sheberligin ko'pke ko'rsetken. Bayram qatnasi'wshi'lari' tu'rli xali'q woyi'nlari'n, ko'kpar, gu'res, at shabi's jari'slari'n tamasha yetken. Bayram wo'tkeriletug'i'n jerlerde wo'nermentshilik, zergerlik, ustashi'li'q, gu'lalshi'li'q, temirshilik si'yaqli' xali'q a'meliy ko'rkem wo'neri u'lgileri ko'rgizbe-sawdag'a qoyi'lg'an. Bulardi'n' ha'mmesi bayramni'n' mazmuni'n ja'ne de bayi'tqan, woni' ku'ndelikli turmi's mazmuni' menen baylani'sti'rg'an.

**Nawri'z jaslardi'n' wo'z xalqi'n ja'ne de jaqi'ni'raq biliwi, woni'n' ruwxi'yati'n tu'siniwi, usi' xali'qqa bekkem baylani'si'p ketiwinin' faktori' da boli'p tabi'ladi'.**

Adamlardi'n' ti'ni'sh, yerkin ha'm abat turmi's la'zzetin teren' seziwi a'yne usi'nday ku'nlerge tuwra keledi. Siz de wo'zin'izdi usi' xali'q, usi' ma'mleket perzenti dep biler yekensiz, yeldin' toyi'nda da, qayg'i'si'nda da birge boli'wi'n'i'z, usi' xali'qti'n' xi'zmetinde turi'wi'n'i'z lazi'm. Sebebi bayram tek shadli'q, kewil ko'teriw ushi'n g'ana yemes.Wol xali'q ruwxi'yati'ndag'i' wo'lmes tuyg'i'lardi' a'wladlarg'a jetkeriwshi tapti'rmaytug'i'n qural da boli'p yesaplanadi'.

Nawri'z bayrami' balalar ha'm wo'spirimler ushi'n bir du'nya quwani'sh, shadli'q keltiretug'i'n saltanat.Wog'an jas balalar da, wo'spirim qi'z-jigitler de ayi'ri'qsha tayarli'q penen keledi.Wolar Nawri'z ku'nleri gu'res, shu'llik, qasharman, jasi'ri'nbaq, pa'tpelek ushi'ri'w, qulaq tarti'w, ha'kkelek, jan'i'ltpash, bektas, quwi'rshaq woyi'ni', tu'yebasti', aq terek pe, ko'k terek si'yaqli' woyi'nlardan sharshamaydi'.

Sonday-aq, bul bayramda xali'q awi'zeki do'retiwshiligi u'lgilerin (naqi'l-maqal, qosi'q, yertek, da'stan, terme-tolg'aw ha'm t.b.) atqari'w boyi'nsha tan'law-jari'slar sho'lkemlestiriledi.

Jaslar arasi'nda wo'tkeriletug'i'n bunday ilajlar wolarda milliy sana ha'm woy-pikirdin' qa'liplesiwinde, taplani'wi'nda a'hmiyetli qural boli'p, jaslardi'n' fizikali'q jaqtan salamat, ruwxi'y jaqtan ba'rkamal boli'p yer jetiwinde ayi'ri'qsha a'hmiyetke iye.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Nawri'z a'yyami'nda kem ta'miyinlengen, bag'i'wshi'si'nan ayi'ri'lg'an shan'araqlarg'a ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik sho'l-kemler ta'repinen qa'wenderlik ja'rdemi ko'rsetiliwi sawapli' iske aylani'p qaldi'. Materialli'q jaqtan u'lken imkaniyatlarg'a iye bolg'an ma'mleketlik, ja'miyetlik sho'lkemler, jeke adamlar jurti'mi'zdag'i' «Saqawat» ha'm «Miriwbet», «Miyirbanli'q» u'ylerine, arnawli' internatlarg'a qa'wenderlik ja'rdemin ko'rsetiwi a'sirese bayram ku'nleri ku'sheyedi. Bulardi'n' ba'ri xalqi'mi'z-di'n' «Qoli' ashi'qti'n' joli' ashi'q», «Birdi bergenge mi'n'di' beredi» degen iygilikli naqi'l-maqallari' turmi'sta, is ju'zinde tasti'yi'qlani'p ati'rg'ani'nan derek beredi.

**Sabag'i'mi'z basi'nda bolg'ani'nday, woni'n' juwma-g'i'nda da wo'mirdi, ta'biyat ha'm insan go'zzalli'g'i'n wo'shpes qosi'q qatarlari'na ja'mlegen Nawayi' baba-mi'zdi'n' to'mendegi arzi'w-a'rmanlari' ba'rshemizge mudami' yar boli'wi'n tileymiz:**

**Ha'r tu'nin' qa'dir tu'n boli'p,**<br>**Ha'r ku'nin' bolsi'n Nawri'z...**

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. G'a'rezsizlik ji'llari'nda qayta tiklengen ja'ne qanday xali'q bayramlari'n bilesiz?
2. Nawri'z bayrami'ni'n' wo'zgesheligi nelerde ko'rinedi?
3. Ba'ha'r tag'amlari'nan ja'ne qaysi'lari'n bilesiz?
4. Balalar woyi'nlari'ni'n' qaysi'si' sizge ko'birek unaydi'? Siz jasap ati'rg'an jerde ja'ne qanday woyi'nlar bar?
5. Su'melek ha'm halimnin' insan densawli'g'i'n bekkemlewdegi a'hmiyeti nede?
6. Nawri'zdi'n' adamg'a ruwxi'y, fizikali'q, ta'rbiyali'q jaqtan keltiretug'i'n paydalari'n tu'sindirip bere alasi'z ba?
7. Nawri'z ha'm ta'biyat inamlari'na bag'i'shlang'an diywali' gazeta shi'g'ari'n'.
8. Wo'tilgen sabaqti' bekkemlewde to'mendegi a'debiyatlardan paydalani'n': Sultonmurod Olim. Bayramlari'mi'z. —T.: «Ma'-nawiyat» baspasi', 2008. — 20-36-bb; Nawri'z. Nawri'zg'a bayla-ni'sli' qosi'qlar, a'psanalar, u'rp-a'detler ha'm i'ri'mlar. (Du'ziw-shiler: Tura Mirzaev, Mamatqul Juraev). — T.: «Fan» baspasi', 1992.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## YAD – ULLI' QA'DIRIYAT

Adamzatti' basqa janzatlardan aji'rati'p turatug'i'n a'hmiyetli belgilerdin' biri – woni'n' yadlaw, yeslew qa'biletine iye yekenligi de boli'p yesaplanadi'. Yadi'n jog'altqan adam ma'n'gu'rtke aylani'p qalatug'i'ni' tuwrali' a'debiyat sabaqlari'nda ko'p yesitkensiz. Sebebi insandi' insan yetip turatug'i'n, wog'an «men»likti, yag'ni'y wo'zine ta'n ishki kelbet beretug'i'n na'rse woni'n' yadi' boli'p yesaplanadi'.

**! Wo'z ata-babalari'n – ata tegin, shan'arag'i', ma'ha'llesi, qala yaki awi'li'ni'n' wo'tmishin, Watani'ni'n' tariyxi'n bilmeytug'i'n adamdi' tami'ri'nan aji'rali'p qalg'an daraqqa megzetiw mu'mkin. Tami'rsi'z daraq wo'sip-rawajlanbay, a'lbette quwrap qali'wi' ani'q bolg'ani' si'yaqli', tariyxi'y yadi'nan ayi'ri'lg'an adamni'n' keleshegi de na'tiyjesiz boladi'.**

Yad – bul millet tariyxi'n, woni'n' qa'diriyatlari'n, ma'deniyati' menen ma'nawiyati'n, bir so'z benen aytqanda, millettin' wo'zligin ja'mleytug'i'n ulli' qa'diriyat.

Tilekke qarsi', buri'ng'i' sovet hu'kimeti wo'z qurami'na qosi'p alg'an barli'q xali'qlar si'yaqli' Tu'rkistan u'lkesinde jasaytug'i'n milletlerdi de tariyxi'y yadi'nan ayi'ri'w joli'nda ne-ne g'a'rremlik ha'reketlerin a'melge asi'rmadi' deysiz. Soni'n' ishinde, xalqi'mi'z mi'n' ji'llardan beri isenip kelgen islam dini worni'na ateizm – qudaysi'zli'q ideyasi' xali'qti'n' barli'q qatlamlari' arasi'nda u'zliksiz na'siyatlandi'. Ju'zlep meshit-medreseler buzi'p taslandi', adamlardi'n' yemin-yerkin diniy a'mellerdi wori'nlawi' qadag'an yetildi. Ha'tte qaza bolg'anlarg'a janaza woqi'w, wolardi' jerlew ma'resimi de ideologiyali'q jaqtan qa'wipli is dep yesaplani'p, ma'mleketlik organlarda isleytug'i'n jergilikli kadrlar quwdalawg'a ushi'radi'. Du'nya ilimi, ma'deniyati' rawaji'na u'lken u'les qosqan ulli' woyshi'llar miyrasi' tuwrali' tilge almaw, Amir Temurday, Jalaliddin Manguberdidey ag'arti'wshi', watanpa'rwar babalari'mi'zdi' wo'z a'wladlari'na «jawi'z adamlar» degen at penen tani'sti'ri'w a'dettegi jag'dayg'a aylandi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Xalqi'mi'zdi' pu'tkil tariyxi' dawami'nda jaqti' ku'n-lerdi ko'rmegen, tek zuli'mli'qta jasag'an xali'q si'pati'nda ko'rsetip, usi' arqali' jan'a hu'kimetke hu'rmet sezimlerin woyati'w bul ideologiyani'n' bas maqseti bolg'an yedi.**

XX a'sirdin' birinshi yari'mi'nda millet yerkinligin ji'rlag'an, wo'z xalqi'n azat xali'q si'pati'nda ko'riwdi a'rman yetken Max-mudxoja Behbudiy, Abdulla Avloniy, Fitrat, Sholpan, Abdulla Qadiriy si'yaqli' pidayi' ziyali'larg'a tu'rli ayi'plawlar qoyi'li'p, ko'pshiligi biygu'na qurban boldi'. Bunday ideologiyali'q jawi'zli'qlar sovet hu'kimetinin' xali'qlar ha'm milletler ta'g'dirine qanshelli pisentsiz mu'na'sibette bolg'ani'n ayqi'n ko'rsetedi.

Respublikami'z basshi'si' Islam Karimov bunday biybastaqli'qqa u'zil-kesil shek qoyi'w kerekligin atap wo'tip, 1989-ji'l 28-noyabr-de ali'mlar aldi'na to'mendegi ani'q wazi'ypalardi' qoyg'an yedi:

**«Ja'miyettani'wshi'lar O'zbekistan tariyxi'ni'n' ko'p g'ana betlerin qayta du'ziwi, atap aytqanda, patsha Rossiyasi' basqi'nshi'li'g'i' ji'llari'nda Worta Aziya xali'qlari'ni'n' milliy azatli'q ha'reketi, 1920-1930-ji'llardag'i' a'debiy-ideyali'q processler, kollektivlestiriw ha'm basqa ha'diyselerge hu'jjet-ler tiykari'nda na'zer sali'wi' kerek. Behbudiy, Usman Nasi'r, Sholpan, Fitrat ha'm basqalardi'n' do'retiwshiligi menen ko'z-qaraslari'n da teren' ha'm qali's izertlew za'ru'r boladi'»[1].**

G'a'rezsizlik ji'llari'nda O'zbekistan Respublikasi' Preziden-tinin' baslamasi' ha'm tikkeley basshi'li'g'i' menen xalqi'mi'zdi'n' tariyxi'y yadi'n tiklew, wol basi'p wo'tken neshshe mi'n' ji'lli'q tariyxti' qali's ha'm teren' u'yreniw, umi'ti'li'p barati'rg'an milliy-ma'deniy qa'diriyatlardi' xali'q turmi'si'na ha'm yadi'na qaytari'w boyi'nsha u'lken isler a'melge asi'ri'ldi'. Sovet hu'kimeti da'wi-rinde taslandi' wori'nlarg'a, ha'tte qarabaxanalarg'a aylandi'ri'l-g'an ju'zlep muqaddes ziyarat wori'nlari' — meshit-medreseler, ma'deniy yesteliklerdin' qayta tikleniwi, «xali'q dushpani'» dep ayi'psi'z wo'ltirilgen milletpa'rwar shayi'r-jazi'wshi'lar, ilimpaz ha'm ulamalardi'n' ilimiy-do'retiwshilik miyraslari' u'lgilerinin' ko'plep nusqalarda basi'p shi'g'ari'li'wi' xali'q yadi'ni'n' woyani'-wi'nda, g'a'rezsizlik pidayi'lari'ni'n' qa'dirleniwinde sheshiwshi a'hmiyetke iye boldi'. Sebebi, Jurtbasshi'mi'z atap wo'tkenindey,

[1] **Islam Karimov.** O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda. —T.: «O'z-bekistan», 2011-ji'l, 91-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**«Ha'r qanday xali'q milliy qa'diriyatlari'n wo'zinin' maqset-muratlari', soni'n' menen birge, uluwma insani'y progress jetiskenlikleri tiykari'nda rawajlandi'ri'wg'a, ruwxi'y du'nyasi'n joqari'lati'p bari'wg'a umti'lar yeken, bul boyi'nsha tariyxi'y yad ma'selesi ayi'ri'qsha a'hmiyetke iye boladi'. Yag'ni'y, tariyxi'y yad tuyg'i'si' toli'q ra'wishte tiklengen, xali'q basi'p wo'tken jol wo'zinin' barli'q tabi's ha'm jen'isleri, jog'alti'w ha'm qurbanlari', quwani'sh ha'm qi'yi'nshi'li'q-azaplari' menen qali's ha'm a'dil u'yrenilgen jag'dayda g'ana haqi'yqi'y tariyx boladi'»[1].**

Usi' princip tiykari'nda O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 1999-ji'l 12-maydag'i' biyligine muwapi'q, yelimizde 9-may «Yeslew ha'm qa'dirlew ku'ni» si'pati'nda belgilenetug'i'n boldi'. Usi' mu'na'sibet penen O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' «Watan ha'm xali'q azatli'g'i' joli'nda qurban bolg'an pidayi' insanlar ati'n ma'n'gilestiriw haqqi'nda»g'i' qarari' ja'riyalandi'. Bunnan bi'lay wo'tken ata-babalari'mi'zdi' yeslew ha'm a'diwli zamanlaslari'mi'zdi'n' hu'rmetin wo'z worni'na qoyi'wda «Yeslew ha'm qa'dirlew ku'ni»nin' belgileniwi u'lken a'hmietke iye bolmaqta.

«Yeslew ha'm qa'dirlew ku'ni» wo'zinin' mazmuni' menen basqa bayram ha'm da'stu'rlerimizden aji'rali'p turadi'.Wol du'nyadan wo'tken ata-babalardi' yeslew g'ana yemes, Watan ushi'n gu'reste qurban bolg'an, buri'ng'i' koloniali'q du'zim da'wirinde repressiya qi'li'ng'an, xali'q abadanshi'li'g'i' menen ma'mleket rawajlani'wi'na wo'z u'lesin qosqan adamlardi' da hu'rmetlep yadqa ali'w boli'p yesaplanadi'.

**Yelimizde «Yeslew ha'm qa'dirlew ku'ni»n belgilew tikkeley Prezident Islam Karimovti'n' baslamasi' menen a'melge asti'.**

Ga'p sonda, g'a'rezsizlikke shekem barli'q wa'layat ha'm rayon woraylari'nda «Belgisiz soldat qa'biri» degen jasalma at asti'ndag'i' monumentler quri'li'p, adamlar usi' jerlerge bilip-bilmey si'yi'natug'i'n yedi. Biraq, Jurtbasshi'mi'z atap wo'tkenindey, uri'sqa ketken hesh bir adamni'n' belgisiz boli'wi', woni'n' ismi, familiyasi', wol tuwrali' mag'li'wmatlar jog'ali'p ketiwi hasla mu'mkin yemes. Soni'n' menen birge, g'a'rezsizlik ji'llari'nda ali'p bari'lg'an teren' izertlewler arqali' da'slep «dereksiz jog'al-

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 96—97-betler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

g'an» dep yesaplang'an mi'n'lap marhum watanlaslari'mi'zdi'n' ta'g'diri ani'qlandi' — wolar qaysi' sawashta ha'm qashan qaza bolg'ani' tuwrali' hu'jjetler tabi'ldi'.

**«Wolar haqqi'ndag'i' mag'luwmatlar ja'mlengen 35 tomnan ibarat «Yestelik» kitabi' basi'p shi'g'ari'lg'ani' ma'mleketimiz tariyxi'ndag'i' ibratli' ruwxi'y waqi'ya boldi', dep ayti'w mu'mkin»**

Bir so'z benen aytqanda, adam balasi' izsiz joq boli'p ketiwi, «belgisiz soldat»qa aylani'wi' mu'mkin yemesligi da'lillendi. Na'tiyjede, Tashkent qalasi'nda, barli'q wa'layatlar ha'm rayonlar woraylari'nda Yeslew maydanlari', al paytaxti'mi'zdag'i' Bozsuw kanali' boyi'nda «Sheyitler yadi'» yestelik kompleksi quri'ldi'.

Jurtbasshi'mi'z «Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda 1937-1953-ji'llarda buri'ng'i' SSSR aymag'i'nda a'melge asi'ri'lg'an g'alaba repressiyalardi'n' qayg'i'li' aqi'betlerine ayi'ri'qsha toqtap wo'tken.Wonda mi'nalardi' woqi'ymi'z:

**«Woni'n' unamsi'z aqi'betlerin ko'z aldi'mi'zg'a keltiriw ushi'n bir g'ana O'zbekistan boyi'nsha derlik 100 mi'n' adam repressiyag'a ushi'rap, soni'n' 13 mi'n'i' ati'p taslang'anli'g'i'n yeslew jeterli. Insani'y qa'dir-qi'mbati' jenshilgen, wo'miri qi'yi'lg'an bul adamlar arasi'nda tek g'ayratker ha'm ziyali'lar g'ana yemes, al ju'zlep a'piwayi' insanlar, yelimizde jasap ati'rg'an derlik barli'q millet ha'm yelatlardi'n' wa'killeri bar yedi. Sol da'wirde qanshadan-qansha adamlardi'n' wo'z shan'arag'i'nan juda bolg'ani', hayallar jesirlikke, go'dekler jetimlikke duwshaker yetilgeni, mi'n'lap atayi' diyqanlardi'n' kulak si'pati'nda ali's u'lkelerge su'rgin yetilgenin inabatqa alsaq, xalqi'mi'z basi'na tu'sken bul tragediyani'n' qorqi'ni'shli' kelbeti ja'ne de ayqi'n ko'zge taslanadi'»[2].**

A'ziz woqi'wshi'! Bir na'rseni jaqsi'lap yeslep ali'n'. Sovet hu'kimetinin' derlik jetpis ji'lli'q tariyxi'n sheksiz zorli'q-zombi'li'qlar, a'shkara yaki jasi'ri'n repressiyalar tariyxi', dep biyma'lel ayti'w mu'mkin. Sebebi 1917-ji'ldi'n' oktyabr ayi'nda a'melge asi'ri'lg'an ma'mleketlik awdari'spaqtan baslang'an qan to'gispeler

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 99—100-betler.

[2] Sonda, 98-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



keyin de wol yaki bul formalarda turaqli' tu'rde dawam yetken. Xali'q u'stinen birden-bir partiya hu'kimdarli'g'i'n wornatqan bul ma'mleket wo'tken a'sirdin' 30-ji'llari'nda da, 40—50-ji'llari'nda da, ha'tte 80-ji'llari'nda da tu'rli ko'rinistegi repressiyalardi' a'melge asi'rg'an. Yeger Yekinshi ja'ha'n uri'si'nan keyingi — 1948—1953-ji'llarda shi'qqan gazetalardi' woqi'saq, O'zbekistanda 5—10 kg paxta nabi't bolg'ani' ushi'n, yari'm gektar paxta maydani'n suw yamasa jabayi' sho'p basqani' ushi'n da adamlardi'n' qamaqqa taslag'anli'g'i'n, wolardi'n' ko'pshiligi shan'arag'i'na qayti'p quwi'spag'ani'ni'n' gu'wasi' bolami'z.

Bunnan ti'sqari', O'zbekistanda wo'tken a'sirdin' 80-ji'llari'nda «paxta isi», «o'zbekler isi» degen do'hmetler menen wo'tkerilgen son'g'i' repressiya waqti'nda da won mi'n'lap awi'l xojali'g'i' xi'zmetkerleri nahaqtan ayi'plandi', wolardi'n' insani'y qa'dir-qi'mbati' ayaq asti' qi'li'ndi', wo'miri zaya boldi'.

Jurtbasshi'mi'z basshi'li'g'i'nda ma'mleketimiz g'a'rezsizlikke yeriskennen son' bul a'dalatsi'zli'qlarg'a u'zil-kesil shek qoyi'ldi'. Ayi'psi'z jazalang'an adamlar wo'z shan'araqlari'na qaytti', wolardi'n' pa'k ismleri aqlandi'. Biygu'na qurban bolg'an insanlardi'n' ati'n ma'n'gilestiriw boyi'nsha u'lken tariyxi'y isler a'melge asi'ri'ldi'.

**«A'ne usi' insani'yli'q wazi'ypami'zdi' iske asi'ri'w maqsetinde 2000-ji'li' paytaxti'mi'zdi'n' Yunusabad rayoni'nda repressiya ji'llari'nda xalqi'mi'zdi'n' mi'n'lap haqi'yqi'y perzentleri wo'ltirilip, nam-ni'shansi'z ko'mip taslang'an, neshshe ji'llar dawami'nda qarawsi'z qali'p ketken Bozsuw kanali' jag'asi'ndag'i' Albasti'ko'pir dep at alg'an tikjarli'q worni'nda Sheyitler yesteligi qi'yabani' ha'm keyinirek usi' attag'i' muzey ha'm fond sho'lkemlestirildi. 2001-ji'ldan baslap 31-avgust yelimizde repressiya qurbanlari'n yeslew ku'ni si'pati'nda belgilenetug'i'n boldi'»[1].**

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 98-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Son'g'i' ji'llarda bul wori'n ja'ne de abadanlasti'ri'li'p, muzeydin' qosi'msha imarati' boy tiklewi menen, woni'n' zallari' tariyxi'y yadi'mi'zdi' bayi'ti'wg'a xi'zmet qi'latug'i'n hu'jjetler, buyi'mlar, eksponatlar menen toli'qti'ri'ldi'.

Bu'gingi ku'nde ma'mleketimizdin' bas maydani' – G'a'rezsizlik maydani' Prezidentimiz basshi'li'g'i'nda tani'p bolmas go'zzal ko'riniske yengen. Yeski du'zimnin' ba'lentpa'rwaz, ma'nissiz, agrressiv, adamgershilikke jat mazmung'a iye, turpayi' beton ha'm asfaltlar qopari'p taslandi', wolardi'n' worni'n wo'mir ha'm tirishilik ti'msali' bolg'an jap-jasi'l maysalar, ra'n'ba'ren' gu'ller menen sayali' terekler iyeledi. Maydanni'n' arqa ta'repinde jaylasqan, xalqi'mi'zg'a ta'n milliy nag'i'slar menen bezetilgen a'ywanlar menen woralg'an Yeske tu'siriw maydani' ha'miyshe ti'ni'shli'q qushag'i'nda. Maydan to'rinde perzentin ku'tip, woni'n' yesteligi aldi'nda bas iyip woti'rg'an Ha'siretli ana yesteligi. Analari'mi'zdi'n' ten'i-tayi' joq ti'msali' bolg'an bul ha'ykel kewil ko'zi ashi'q hesh bir ziyaratshi'ni' biypa'rwa qaldi'rmaydi'. Ana yesteligi ha'miyshe gu'llerge bu'rkengen.

U'lken u'stinli a'ywanlar asti'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi' ha'm barli'q wa'layatlari'mi'zdan, paytaxt Tashkent qalasi'nan Yekinshi ja'ha'n uri'si'na ketip, qayti'p kelmegen watanlaslari'mi'zdi'n' ismleri, familiyalari' jazi'lg'an alti'n ren'li betler jaylasqan. Bir waqi'tlari' «belgisiz soldat» degen jasalma at qoyi'lg'an barli'q marhumlardi'n' a'ziz ismlerin usi' betlerden, a'lbette, tabasi'z.Wolardi'n' qurallas doslari', tuwg'an-tuwi'sqanlari' usi' jerde qoyi'lg'an woti'rg'i'shlarda woti'ri'p, wolardi' yeske tu'siredi, wo'tkenler ruwxi'na pa'tiya woqi'ydi'. Hasli'nda, ata-babalar menen a'wladlardi' bir-biri menen baylani'sti'ratug'i'n, wolar arasi'ndag'i' a'zeliy tuwi'sqanli'q sezimlerin ku'sheytetug'i'n, insan yesteligin qa'dirlewdey ruwxi'y pari'zdi' jaslar sanasi'na sin'diretug'i'n iygilikli ko'rinis usi' yemes pe?!

**! Shi'ni'nda da, turmi'si'mi'zdi'n' aji'ralmas bo'legine aylani'p qalg'an «Yeslew ha'm qa'dirlew ku'ni» watanlaslari'mi'zda miyrim-sha'pa'a't, wo'zligin an'law, wo'mirdin' qa'dirine jetiw sezimin ta'rbiyalawda bunnan bi'lay da u'lken a'hmiyetke iye bola beredi.**

A'ziz woqi'wshi'! Ha'r bir shan'araq, ma'ha'lle, awi'l, rayon, wa'layatta hu'rmet-izzetke i'layi'q insanlar ju'da' ko'p bolg'an. Sonday-aq, qanli' sawashlarda qurban bolg'an babalari'mi'z benen



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

atalari'mi'z, tuwi'sqanlari'mi'z, awi'llaslari'mi'zdi' yeslew, uri'stan aman qaytqan ha'm ku'nnen-ku'nge qatari' azayi'p barati'rg'an veteranlari'mi'zdi'n', front arti'nda miynet qi'lg'an teberik qariyalari'mi'zdi'n' hali'nan xabar ali'p turi'w siz benen bizin' moyni'mi'zdag'i' muqa'ddes pari'zi'mi'z ha'm qari'zi'mi'z boli'p yesaplanadi'. Usi' jerde Jurtbasshi'mi'zdi'n' to'mendegi so'zlerin keltirip wo'tiw, bul tu'sinikti turmi'si'mi'z talabi'na aylandi'ri'w wog'ada a'hmiyetli:

**«Menin' ka'mil isenimim sonnan ibarat, sawap isti ha'r kim qi'li'wi' kerek, sawap isti ha'r ku'ni qi'li'w kerek[1].**

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. Tariyx sabaqlari'nan sovet da'wirinde a'melge asi'ri'lg'an qanday repressiyalar tuwrali' bilimlerge iye boldi'n'i'z?
2. Buri'ng'i' sovet du'zimi da'wirinde xalqi'mi'zdi'n' tariyxi'y yadi'n ayaq asti' qi'li'w ha'm ma'nawiy qa'diriyatlari'n qa'dirsizlendiriw boyi'nsha qanday g'a'rremlikler islengen?
3. Wo'tkenlerdi yad yetiw – wolardi' yeslew, jaqsi' pazi'yletlerin yeske tu'siriw menen sheklene me? Tirilerden ja'ne neler talap yetiledi dep woylaysi'z?
4. Ma'ha'llen'izde, awi'li'n'i'zda Yekinshi ja'ha'n uri'si'na qatnasqan qariyalar bar ma? Wolardan qanday gu'rrin'ler yesitkensiz?
5. Insanni'n' a'wladlar yadi'nda ma'n'gi qali'wi' nelerge baylani'sli' yekenligi tuwrali' pikirin'iz benen wortaqlasi'n'.
6. To'mendegi su'wretlerde xalqi'mi'zdi'n' qanday iygilikli pazi'yletleri sa'wlelengenin tu'sindirip berin'.


A)


B)


C)

[1] **Islam Karimov.** Jaslari'mi'z – xalqi'mi'zdi'n' isenimi ha'm tayani'shi'. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2006-ji'l, 67-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## QADAG'ALAW JUMI'SI'

T a p s i' r m a: ***«Uluwma xali'qli'q bayramlar»*** *temasi'nda referat tayarlan'. Woni' jazi'wda to'mendegi ma'selelerdi bayanlawg'a ayi'ri'qsha itibar berin':*

– xali'qlar, millet ha'm yelatlar turmi'si'nda bayramlardi'n' payda boli'w sebepleri;

– bayramlardi'n' ha'r bir xali'q mentaliteti, jurt ta'biyati', socialli'q turmi'si', woni'n' ta'g'dirindegi a'hmiyetli waqi'yalarg'a baylani'sli' yekenligi;

– sabaqli'qta «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nan keltirilgen pikirler;

– g'a'rezsizlik ji'llari'nda xalqi'mi'zdi'n' u'rp-a'detlerin, bayramlari'n qayta tiklew, mazmuni' ha'm formasi' jag'i'nan ja'ne de bayi'ti'w boyi'nsha a'melge asi'ri'lg'an isler;

– g'a'rezsizlik ji'llari'nda payda bolg'an uluwma xali'qli'q bayramlardi'n' mazmuni' menen a'hmiyeti;

– O'zbekstan Respublikasi'nda belgilenetug'i'n to'mendegi bayramlardi'n' ha'r biri tuwrali' qi'sqasha tu'sinik:

1-yanvar – Jan'a ji'l;
8-mart – Hayal-qi'zlar ku'ni;
21-mart – Nawri'z bayrami';
9-may – Yeslew ha'm qa'dirlew ku'ni;
1-sentyabr – G'a'rezsizlik ku'ni;
1-oktyabr – Woqi'ti'wshi'lar ha'm ustazlar ku'ni;
8-dekabr – Konstituciya ku'ni;
Woraza hayt (Iyd ul-Fitr) diniy bayrami'ni'n' birinshi ku'ni;
Qurban hayt (Iyd ul-Adha) diniy bayrami'ni'n' birinshi ku'ni;

– uluwma xali'qli'q bayramlardi'n' ma'mleketimizde jasawshi' tu'rli millet ha'm yelat wa'killerinin' wo'z-ara tati'wli'g'i'n bekkemlewdegi a'hmiyeti;

– bul bayramlardi'n' xalqi'mi'z ma'nawiy turmi'si'nda tutqan worni'.

### Referatti' tayarlawda paydalani'latug'i'n a'debiyatlar:

1. *Islam Karimov*. Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. –T.: «Ma'nawiyat», 2013. 29–35-bb.

2. *Sultanmurad Olim*. Bayramlari'mi'z. – T.: «Ma'nawiyat», 2008.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## JUWMAQLAWSHI' HA'M ULI'WMALASTI'RI'WSHI' SABAQ

A'ziz woqi'wshi'! Mine, bul woqi'w ji'li' dawami'nda «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi' ha'm ma'nawiyat tiykarlari'» pa'ni boyi'nsha wo'tkerilgen sabaqlari'mi'z da juwmaqlana keldi. Usi' da'wir dawami'nda sizin' jasi'n'i'zg'a jas, bilimin'izge jan'a bilimler qosi'ldi', tu'siniklerin'iz ken'eydi. Soni'n' ishinde, ma'mleketimiz benen xalqi'mi'zdi' g'a'rezsizlikke ali'p shi'qqan, jurti'mi'zdi' azat ha'm abat u'lkege aylandi'ri'wda, yerkin ha'm abadan turmi's quri'wda a'hmiyetli faktor bolg'an milliy ideyami'zdi'n' mazmuni'n teren'irek tu'sinip aldi'n'i'z.

Milliy ideya ha'm ma'nawiyatti'n' a'yyemgi tami'rlarg'a iye yekenligi, bul tu'sinikler usi' jurtta jasaytug'i'n barli'q adamlardi'n' iygilikli niyetlerin, turmi'sli'q ma'plerin wo'zinde ja'mleytug'i'ni'n jaqi'nnan sezdin'iz.

**Milliy ideyani'n' tiykari'n quraytug'i'n jurt ti'ni'shli'g'i', *Watan rawaji', xali'q abadanshi'li'g'i', jetik insan, ja'miyetlik birge islesiw, milletler arali'q tati'wli'q, dinler arali'q ken'peyillik, milliy wo'zlikti, insandi' an'law* si'yaqli' tu'sinikler yelimizde ti'ni'shli'q ha'm tati'wli'qti' saqlaw, wo'zara birge islesiwdi bekkemlew, respublikami'zdi' ekonomikali'q, siyasiy, ma'deniy ha'm ma'nawiy jaqtan rawajlandi'ri'wda wog'ada u'lken a'hmiyetke iye yekenligin tu'sinipan'lap barmaqtasi'z.**

Sabaqlar dawami'nda joqari' ma'nawiyat ja'miyet ha'm milletti rawajlandi'ri'wda bekkem ti'rnaq wazi'ypasi'n atqaratug'i'ni' tuwrali' bilimlerin'iz, ta'jiriybelerin'iz de a'dewir bayi'di'. Soni'n' ishinde, ni'zamg'a boysi'ni'w, insanni'n' huquq ha'm yerkinliklerin hu'rmetlew biz quri'p ati'rg'an demokratiyali'q ja'miyettin' aji'ralmas wo'zgesheligi yekenine isenim payda yettin'i'z.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Bul qa'diriyatlar turmi'si'mi'zdi'n', du'nyag'a ko'z-qarasi'mi'zdi'n' aji'ralmas bo'legine aylani'wi'nda Prezidentimiz Islam Karimovti'n' iskerligi qanshelli u'lken a'hmiyetke iye bolg'ani'n siz «O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda» kitabi'nan bilip aldi'n'i'z.**

Insan ma'nawiyati'ni'n' a'hmiyetli belgisi boli'p yesaplanatug'i'n Watang'a muhabbat, yel-jurtqa sadi'qli'q, dosli'q, wopadarli'q tu'sinikleri, ana ta'biyatti' asi'raw ma'deniyati', waqi'tti'n' qa'dirine jetiw si'yaqli' ma'nawiy faktorlar turmi'si'mi'zdi' duri's sho'lkemlestiriw ha'm mazmunli' wo'tkeriwde qanshelli u'lken a'hmiyetke iye yekenligin teren' an'ladi'n'i'z.

Ko'rip woti'rg'ani'n'i'zday, Jurtbasshi'mi'zdi'n' baslamasi', taysalmas yerk-i'qi'rari' menen xalqi'mi'zdi'n' sovet hu'kimeti da'wirinde ayaq asti' qi'li'ng'an tariyxi'y yadi'n tiklew, umi'ti'li'p barati'rg'an tapti'rmas qa'diriyatlardi' wo'mirge qaytari'w, milliy ha'm diniy bayramlari'mi'zdi' yemin-yerkin belgilewge tiyisli shi'n ma'nisinde tariyxi'y a'hmiyetke iye isler a'melge asi'ri'ldi'.

Prezidentimiz wo'zinin' «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda to'mendegi a'hmiyetli ma'selege de siz benen bizin' itibari'mi'zdi' qaratadi':

**«Ma'nawiy joqari'lawg'a yerisiw – bul bir ji'lli'q yaki bes-won ji'lli'q is yemes. Xali'q, millet wo'zinin' milliy ma'nawiyati'n ji'llar, a'sirler dawami'nda jetilistirip, bayi'ti'p baradi'. Wo'ytkeni ma'nawiyat qati'p qalg'an qag'i'ydalar ji'yi'ndi'si' yemes, kerisinshe, mudami' ha'rekettegi u'zliksiz process boli'p, progress dawam yeter yeken, woni'n' jedelli ju'risi sebepli ma'nawiy turmi's aldi'na qoyi'latug'i'n talaplar da u'zliksiz payda bola beredi»[1].**

Solay yeken, a'ziz woqi'wshi', siz benen biz milliy ideya haqqi'ndag'i' tu'siniklerimizdi usi' jedelli zamang'a sa'ykes ta'rizde bayi'ti'p, ken'eytip bari'wi'mi'z, ma'nawiy du'nyami'zdi' bolsa taza uslaw, woni' tu'rli qa'wip-qa'terlerden bekkem qorg'aw joli'nda u'zliksiz izleniwimiz talap yetiledi. Bul iygilikli niyetler joli'nda sizge ku'sh-quwat, ilham ha'm do'retiwshilik ha'miyshe yar bolsi'n!

---

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 171-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNI'

*I bap.* **Milliy ideya — iygilikli arzi'w-umti'li'slar ko'rinisi**

Do'retiwshi xali'q ........ 3
Milliy ideyami'z ........ 9
Jurt ti'ni'shli'g'i' ........ 14
Watan rawaji' ........ 19
Xali'q pa'rawanli'g'i' ........ 24
Abadanshi'li'q kewilden baslanadi' *(A'meliy sabaq)* ........ 28
*Qadag'alaw jumi'si'* ........ 30

*II bap.* **Milliy ideya ha'm ma'nawiy turmi's uyg'i'nli'g'i'**

Ka'mil insan ........ 31
Ja'miyetlik birge islesiw ........ 38
Milletler arali'q tati'wli'q ........ 43
Dinler arali'q ken'peyillik ........ 47

*III bap.* **Ma'nawiyatti'n' a'hmiyetli sha'rtleri**

Ja'ma'a't tuyg'i'si' ........ 52
Insandi' an'law ........ 58
Ni'zam u'stinligi ........ 62
Internetten paydalani'w ma'deniyati *(A'meliy sabaq)* ........ 71
*Qadag'alaw jumi'si'* ........ 72

*IV bap.* **Ma'nawiyat — ja'miyet ha'm millet rawaji'ni'n' basli' faktori'**

Ma'nawiyat — insan ha'm ja'miyet ma'deniyati'ni'n' tiykari' ........ 73
Dosli'q — joqari' ma'nawiy tu'sinik ........ 83
Ekologiyali'q ma'deniyat ........ 93
Bizge tani's ha'm biytani's ta'biyat *(A'meliy sabaq)* ........ 105
Waqi'tti' qa'dirlew — ma'nawiyat wo'lshemi ........ 107
Nawri'z — yen' a'yyemgi, haqi'yqi'y milliy bayram ........ 116
Yad — ulli' qa'diriyat ........ 124
*Qadag'alaw jumi'si'* ........ 131
Juwmaqlawshi' ha'm uli'wmalasti'ri'wshi' sabaq ........ 132

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

RAHMON QO‘CHQOROV, SANOBAR NISHONOVA,
OYNISA MUSURMONOVA, MURTAZO QARSHIBOYEV

# MILLIY ISTIQLOL G‘OYASI VA MA’NAVIYAT ASOSLARI

**Umumiy o‘rta ta’lim maktablarining 8-sinflari uchun darslik**

*(Qoraqalpoq tilida)*

*To‘ldirilgan va qayta ishlangan 4-nashri*

*Toshkent «Ma’naviyat» 2015*

Awdarg’an *A. Alniyazov*
Redaktor *A. Alniyazov*
Xudojnik *S. Soin*
Korrektor *A. Alniyazov*
Kompyuterde tayarlawchi’ *Sh. Sohibov*

Licenziya AI №189, 2011-ji’li’ 10-mayda berilgen. Basi’wg’a 14.06.2015-ji’li’ ruqsat yetildi. Pishimi $60\times90^1/_{16}$. Tayms garniturasi’. Ofset baspa usuli’nda basi’ldi’. Sha’rtli baspa tabaq 8,5. Baspa tabag’i’ 7,64. Tiraj 8688 nusqa. Buyi’rtpa №15-324.

«Ma’nawiyat» baspasi’. Tashkent, Taraqqiyot 2-berkko’she, 2-u’y. Sha’rtnama 52-15.

O’zbekstan baspaso’z ha’m xabar agentliginin’ «O‘zbekiston» baspa-poligrafiya do’retiwshilik u’yinde basi’ldi. Tashkent, Nawayi’ ko’shesi, 30-u’y. 2015.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Sabaqli'qti'n' jag'dayi'n ko'rsetetug'i'n keste**

| N | Woqi'wshi'ni'n' ati', familiyasi' | Woqi'w ji'li' | Sabaqli'qti'n' ali'ng'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'ni'n' qoli' | Sabaqli'qti'n' tapsi'ri'lg'an-dag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'-ni'n' qoli' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |

**Sababli'q woqi'w ji'li' aqi'ri'nda qaytari'p ali'ng'anda joqari'dag'i' keste klass basshi'lari' ta'repinen to'mendegi bahalaw wo'lshemlerine tiykarlani'p tolti'ri'ladi'**

| | |
|---|---|
| Jan'a | Sabaqli'qti'n' birinshi ret paydalani'wg'a beri'lgendegi jag'dayi' |
| Jaqsi' | Muqabasi' pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'ralmag'an. Barli'q betleri bar. Ji'rti'lmag'an, betleri almasti'ri'lmag'an, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'qlar joq. |
| Qanaatlanarli' | Muqaba jelingen, bir qansha si'zi'li'p, shetleri qayri'lg'an, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen ali'ni'p qali'w jag'dayi' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlanarli' qa'lpine keltirilgen. Ali'ng'an betleri jelimlengen, ayi'ri'm betlerine si'zi'lg'an. |
| Qanaatlanarsi'z | Muqabag'a si'zi'lg'an, ji'rti'lg'an, tiykarg'i' bo'limnen aji'ralg'an yamasa pu'tkilley joq, qanaatlanarsi'z on'lang'an. Betleri ji'rti'lg'an, betleri toli'q emes, si'zi'p, boyap taslang'an. Sababli'qti' tiklew mu'mkin emes. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE